

//Bismillahirrohmanirohim

Ilahdroti kutubu robaniyi walfausi somadiyi sayidina Syéh Abdil Qodiri Jilani kodalallohu rouhahul azi'ju mim barkatihi wa'afiatih syaiulillahi Alfatihah. Pok maca Fatihah sadayana. Tuluy maca Qulhuallohuahad tuluy maca Falakbinnas tuluy maca Alif lammiim dalikalkitabu nepi kana humulmuplihun tuluy maca sodaqollohulngaliyul'a'dim wasodaqorosuluhun nabiulkarim wanahnu ala dalika minasahidina wasakirina walhamdulilahi robil'alaminna amin- amin allohuma soli wasalim 'ala sayidina wahabibina, wasafiina wamaulana muhammad wasolli wasallim warodiyallohu ta'ala ansadatina ashabi sayidina rosulillahi ajmain amin-amin yarobbal 'alamin Allohhumaj'al sawabaa maqoro'nahu mingkalamikal 'ajijil a'diim wabarokatan ma talaunahu mingkitabikal 'ajijil hakim. Wahadiyatan mina wasilatan ila hadorti//

1

sayidina Syéh Muhiddin Abdil Qodiri Jailani qodalallohu rouhahul a'zizi walihadorotin ni'matan tamiyatan sobipatan wadarojatan ropiatan 'aliatan. Allohmma sapihu fina wafii kaqotilmuslimina walmuslimati walmu'minina walmu'minati al ahya'i minhum walaamwati wamhu bihi 'anna minjami'ilafani wassayiati walaqod bihi mangfilardi min ashabil 'adimin asaroti wasoli bijalalika 'alasayyidinaMuhammadin waalihi waashabihi ajmaina. Allohmma kapih Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wabikalimati Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wabisuwu ali Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wabifadli Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wabikaromati Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wabibarkati Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jailani wabifashli Syéh Muhiddin Abdil Qodir Jilani wasolallohu 'ala sayyidina Muhammadin waalihi wasohbihi ajmain walhamdulilahirobil alamin.//

2

## I //DANGDANGGULA

- (1) Bismilahirrohmanirrohim,  
kabéh puji kagungan Alloh,  
pangéran ngalam sakabéh,  
nu geus maparin tulung,  
ka sakabéh para abdi,  
tur nu murah di dunya,  
kasadaya mahluk,  
dipasihan sandang pangan,  
enya éta anu leuwih adil,  
anu asih di ahérat.
- (2) Saparantos muji anu tadi,  
ari rahmatna Alloh ta'ala,  
salametna kitu kénéh,  
mugi tuluy tumuluy,  
tetep di nabi Sinelir,  
kanjeng nabi Muhammad,  
gusti para rosul,  
jeung sadaya sohabatna,

kulawarga miwah para gerwa kanjeng nabi,  
jeung sadaya para tuah.

- (3) Saparantos muji anu tadi,  
enya ieu hiji kitab,  
nu nyaritakeun sakabéh,  
karamatna nu mashur,  
nu jenegan Syéh Abdul Qodir,  
kampung bangsa Jilan,  
kocap ahli munjung,  
istipola bakti ka Alloh,  
jeung nyaturkeun kaleuwihan para wali,  
keur mangsa jaman//harita.
- (4) Salobana kabéh para wali,  
anu mashur kabéh karamatna sareng manpaatna kabéh,  
dikodratkeun ku Yang Agung,  
sadaya sami diasih,  
sadaya waliyulloh,  
nu jaman kapungkur,  
ku simkuring seug dicutat,  
tina kitab Hulasotulmugohir,  
supaya terang kacida.
- (5) Cariosna Sayid Abdul Qodir,  
karamatna leuwih éndah-éndah,  
hiji-hiji dicarios,  
dina kitab disebut,  
punjul ti sadaya wali,  
jeung deui pirang-pirang,  
ku kitab disebut,  
nyaritakeun nu mangpaat,  
serta nyegah kana laku nu teu hasil,  
tegesna lampah ma'siat.
- (6) Anu hasil matak suka ati,  
ngaragabkeun ibadah ka Alloh,  
sawangsulna anu teu hadé,  
dina kitab kacatur,  
Sayid Abdul Qodir Jilani,  
anu kagungan putra,  
Abu Soléh Mashur,  
Syéh Abu Soléh kaputra,  
ku Syéh Musa Syéh Musa ka putra deui,  
Kuhandakus wastana.

(7) Syéh Handakus éta kaputra deui,  
ku //jenengan Syéh Abdulloh,

4

Abi Abdillah kawartos,  
anu puputra istu,  
wasta Yahya katelah nami,  
Yahya putra Muhammad,  
ramana Syéh Daud,  
Syéh Daud anu puputra,  
Nu jenengan Syéh Musa deui,  
Musa putrana Abdulloh.

(8) Syéh Abdulloh éta ka putra deui,  
ku jenengan éta Jun katelah,  
Syéh Musa Jun kacarios,  
éta ramana disebut,  
wasta Syéh Abdulloh Mahadi,  
Abdulloh Mahadid téa,  
ramana dicatur,  
nya éta baginda Husén,  
Sayid Husen éta putra Sayidina Ali,  
rakana Siti Fatimah.

(9) Sayid Ali putra Abi Tolib,  
Abi Tolib nu kagungan putra,  
Abdul Mutolib sangkatong,  
Rodiyallohuantum,  
ari nu dicatur mimiti,  
disebut ku carita,  
tina nembé waktu,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
kawit tina dibabarkeun waktu dohir,  
dongkap kawafatna.

(10) Geus ngadika sahiji musonif,  
nu jenengna Syéh Abdul Fadol,  
Abdul Fadol putra Soléh,  
nu puputra //kacatur,  
Syéh Syafi'i bangsa Jilani pangandika Syéh Fadol,  
kawula geus ngatur,  
ilmu jeung pamuluna,  
Syéh Muhiddin Abdul Qodir Jilani,  
waktu babar ti ibuna.

5

(11) Pareng dina Hijrah kanjeng nabi,  
opat ratus tujuh puluh aya,

punjul satahun nu yaktos,  
waktu babar di catur,  
di kampung désa Jilanni,  
éta lembur téh turunan,  
titilar karuhun,  
jeung disebut désa Tobros,  
désa Jilan sawaréh nu nyebut deui,  
nyebut désa Kelan.

(12)Nu sawaréh nyebut désa Khobil,  
eujeung aya nu nyebut Jiul éta désa,  
hiji koul nu nyarios,  
anu matak éta disebut,  
Sayidina Abdul Kodir Jilani,  
tina sabab éyangna kakasihna kitu,  
nya éta jenengan Jilan,  
anu matak di wastaan Jélani,  
ngaran turunan ti éyang.

(13)Cariosna Sayid Abdul Qodir waktu teu damangna bulan Romadon poé Senén,  
ari//waktuna pupus,  
dina bulan Robiul Ahir,  
hijrah kanjeng Rosululloh lima ratus punjul,  
sawidak tahun lobana pupus dina yuswa Syéh Abdul Qodir ,  
sakitu éta lobana.

6

(14)Nyahur deui sahiji musonif,  
enya éta wasta Abi Muhammad,  
éta kieu saurna téh,  
kawula téh geus guru,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilani,  
ilmu agama Islam,  
tuwan Syéh nyaur,  
pamoluna jeung sipatna,  
sayaktosna Syéh Abdul Qodir Jilani,  
garing salirana.

(15)Dedeg sedeng salira raspati,  
jembar dada lampahna jantika,  
kandel rumbah janggot godég,  
dua halis méh patepung,  
harus tur terus kakuping,  
éta tanda wirasa,  
bangsa jalma luhur bangsa luhur darajatna,  
serta pengkuh netepan ilmu Yang Widi,  
henteu pegat-pegat tapa.

(16) Ari putra Sayid Muhiddin,  
sadayana jumlah genep putra,  
nu di dieu dicarios,  
Syéh Abdulrojak mashur,  
kadua Syéh Abdul Gopari,  
katiluna Abdul Jabari, //  
ka opatna dicatur,  
anu jenengan Syéh Isa,  
nu kalimam jenengan Syéh Ibrohim,  
ka genep wasta Muhammad.

7

(17) Ari tuwan Syéh Abdul Qodir nu katelah ku jenengan putra,  
Abu Muhammad kasohor,  
jeung deui kacatur putra,  
isteri cumah ngan hiji,  
carék anu nyarita,  
wastana teu ma'lum,  
teu aya anu uninga,  
tatapina keur jumeneng Syeh Muhiddin,  
geus sina carogéan.

(18) Kaputrana Abdulrohman Topsuni,  
eujeung deui Syéh Muhiddin kocap,  
kagungan hiji sadérék,  
Syéh Abdulloh disebut,  
jeung mahsur katelah nami,  
wasta Abu Ahmad,  
sahur nu nyarebut,  
ari wasta ibuna Syéh Abdul Qodir,  
katelah nyai Fatimah.

(19) Ari ramana Fatimah kawarti,  
Syéh Abdulloh Safi'i bangsana,  
jadi sirahna para Syéh,  
kocap kagungan laku,  
nu luhur bangsa ngajati,  
tegesna éta karamat,  
nu agung-agung,  
nu aréndah matak héran,  
eujeung deui Syéh Muhiddin kagungan bibi,  
wasta Dewi//Aisah.

8

(20) Ka putra ku Ki Abduloh,  
keur harita banget kasaatan,  
taya hujan na genggerong,

nuju mangsa katilu,  
kabéh urang désa Jilain,  
sami neda hujan,  
taya nu dikobul,  
banget pada kesusahan,  
rempug kabéh seja ngadeuheusan sami,  
ka Nyi Déwi Aisah.

(21)Sadayana tuluy pada indit,  
pada dongkap ka Déwi Aisah,  
nyuhunkeun pidua kabéh,  
Nyi Déwi tuluy lungsur,  
kaluar ti jero bumi,  
seug sasapu di luar,  
sangeusna sasapu,  
tuluy tanggah ngadu'a-du'a,  
héy Pangéran tuan anu leuwih asih,  
jisim abdi ayeuna.

(22)Geus sasapu sareng geus beresih,  
mugi tuan disiram ku hujan,  
sapada harita kénéh,  
datang hujan ngaguruh,  
ngecрек cara keur usum ngijih,  
saban-saban wahangan caah,  
sadayana langkung,  
sadayana sami suka,  
ti dinya téh tuluy pada mulang sami,  
dijalana huhujan.//

9

## II ASMARANDANA

- (1) Eujeung dicaritakeun deui,  
papatna Déwi Aisah,  
di désa Jilan kénéh ,  
disebut dina riwayat,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
eukeurna burey katungkul,  
guguru ngaos Qur'an.
- (2) Malah-malah kungsi hapid,  
satamatna geus katalar,  
tetep teu aya nu supén,  
pék ngaguru Paqih kitab,  
ka alim-alim sadaya,

Syéh Abul Wafa di sebut,  
Syéh Ngukél wasta ramana.

- (3) Syéh Ngukél putra Khatib,  
sawaréh deui guruna,  
alim anu kasohor,  
Syéh Abu Sa'id Mubarok,  
putra Syéh Ali kocap,  
jeneng wali bangsa Mahjum,  
Syéh Muhiddin meunang fatwa.
- (4) Sadayana hadis nabi,  
ti para alim nu réa,  
hiji ti Abu Goib Syéh serta ti Syéh Muhammad,  
putrana Hasan Bakilan,  
jeung hiji Syéh di sebut,  
Abu Gonaim wastana.
- (5) Serta ti Syéh Abu Kosim Abu Kosim putra Ahmad,  
Karhiu bangsana sohor,  
sareng salian ti dinya,  
pék guguru ngilmu adab,  
kitab Sorof//eujeung Nahu,  
sarawuh kitab Alpiah.
- (6) Ilmu Manték jeung Maani,  
badé eujeung ngilmu Lugoh,  
ti hiji alim kasohsor,  
wasta Zakaria Yahya putra alim katelah,  
bangsa Tabriji kasebut,  
sareng geus asup sohabat.
- (7) Ka Syéh Hujatul Arifin,  
Abu Hér putra Ahmad,  
bangsana Muslim kawartos,  
Syéh Dias deui guruna,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
ngalaphirkeun enggeus putus,  
ngaos élmu tata krama.
- (8) Sareng ti Syéh Abu Sayid,  
Mubarok Mahjum bangsan,  
Imam Kodi nelahna téh,  
ti dinya geus tampi hirkata,  
parantos di guruan,  
sagala ilmuna putus sareng ti Syéh Muhiddin Jilan.

- (9) Mendakan para Masa'ih,  
sareng para aulia,  
anu jamhur-jamhur kabéh,  
pada kagungan karamat,  
serta pada mangripat,  
sadayana henteu kantun,  
digurukan teu kaliwat.
- (10) Numatak Syéh Abdul Qodir,  
jadi punjul ti sadaya,  
sasama réncang masantren,  
sadaya para//ulama,  
anu geus di guruan,  
élmuna sadaya kantun,  
ku Syéh Muhiddin kasoran.
- (11) Jeung aya guruna deui,  
Imam Rafi'i wastana,  
kapalana wali kabéh,  
punjul ti wali sadaya,  
kocap mangsa harita,  
Imam Rap'i téh pupus,  
mulihna ka Rohmatulloh.
- (12) Sadayana 'alim-'alim,  
ulama nagara Bagdad,  
sami kumpulan sakabéh,  
gendu raos rerempugan,  
saha anu parayoga,  
ngagentosan anu pupus,  
sadaya geus sami rempag.
- (13) Henteu aya liyan deui,  
ngan Syéh Abdul Qodir Jilan,  
perayoga jadi gegentos Imam Rafi'i pangkatna,  
tina sabab punjulna,  
ti para wali nu jamhur,  
nu aya di nagari Bagdad.
- (14) Énggalna Syéh Abdul Qodir,  
geus dijungjung ku sadaya,  
diangkat jadi gegentos,  
gegentos guruna téa,  
calikna dina madrosah,  
sadaya saudagar kumpul,



ngahatur//keun duit loba.

12

- (15)Badé ngagentosan masjid,  
jeung madrasah pemurukan,  
tempat murid nu ngaraos,  
énggalna anggeus sadiya,  
santrina sepirang-pirang,  
dina madrosah ngaguruh,  
ngaraos kitab jeung Qur'an.
- (16)Berkahnya Syéh Muhiddin,  
jadi guru sanagara,  
hijrah kangjeng Nabi Rosul téh,  
waktu harita dietang,  
lima ratus dalapan,  
punjul dua puluh tahun,  
Syéh Abdul Qodir yuswana.
- (17)Keur mangsa jadi gaganti,  
jeung ngagentosan guruna,  
lima puluh tahun nonjol,  
tujuh tahun jejeg pisan,  
loba para ulama,  
murubul anu carunduk,  
marunjungan ka madraasah.
- (18)Sawaréh éta sarumping,  
nu nekanan panadaran,  
jadi wajib hutang gedé,  
tina loba karomatna,  
sadaya para aulia,  
sami kumereb sumujud,  
euweuh pisan anu mahiwal.
- (19)Sarengna ti Syéh Abdul Qodir,  
ka madhab Imam Ahmad,  
Hambali wastana sohor,  
nu geus loba karamatna//kakasihna ti Pangéran,  
Syéh Abdul Qodir dicatur,  
karamatna pirang-pirang.
- (20)Diringkeskeun hanteu kénéng,  
kitu deui ditambahan,  
kudu sabuktina baé,  
kongas kaunggal nagara,  
kawantér ka sajabat di jero kitab disebut,

13

henteu meunang wuluh kurang.

(21)Matak padang kana ati,  
pangagungna aulia,  
nu sok nyapa'atan kabéh,  
mugi-mugi ka Pangeran,  
kaula meunang sapa'at,  
ti Syéh Abdul Qodir punjul,  
eujeung ti para aulia.

(22)Hikayat anu kahiji,  
saur Imam Abdulah,  
kieu pangandikana Syéh,  
baréto kaula meunang,  
carita ti hiji Syéh,  
kaula anggeus ngarungu,  
pangandikana Fatimah.

(23)Ibuna Syéh Abdul Qodir,  
putrana Syéh Sulaiman,  
kalebet Hasim bangsana,  
sahur Imam Abduloh,  
Nyi Fatimah sasahuran,  
anak kaula teu nyusu,  
disesepan teu kersa.

(24)Sadaya urang Jidani,  
sami kumpul rerempagan,  
jeung batur-batur sakabéh,  
kumaha urang petana,  
yéng mungguh itungan mah,  
bulan// Sa'ban engeus putus,  
ayeuna tanggal Romadhon.

(25)Tatapi acan tingali,  
bulan panaggalan Romadhon,  
acan katembong moncorong,  
rempug moal paruasa,  
Nyi Fatimah seug ngandika,  
upama pantes diturut,  
kaula dék cacarita.

(26)Réhna anak kula leutik,  
hanteu kersa diseuseupan,  
poé ieu weuléh baé,  
kawas semu nu puasa,

éta naon sababna,  
ku tina sabab kitu,  
kula rék taqlid ka budak.

(27)Eujeung boga sangka ati,  
poé ieu tanggal Romadhon,  
tuluy rempug taqlid baé sadayana urang Jilan,  
pada ngawitan puasa,  
tuluy aya nu carunduk,  
nu néang ti lian désa.

(28)Jeung pada carita sidik,  
poé ieu tanggal Romadhon,  
tina pada ningal yaktos bulan panaggalan Siam,  
tina sabab terangna,  
ngan urang Jilan wungkul,  
nu hateu ningali tanggal.

(29)Tina aya aling-aling anggeus kapindingan méga,  
tanda karamatna yaktos,  
sakitu//murangkalihna,

15

masih kénéh disesepan,  
parandena teu kapalsu uninga tanggal Romadhon.

(30)Ibuna Syéh Abdul Qodir,  
waktu mopoyan putra,  
yuswana téh dicarios,  
sawidak tahun lawasna,  
hikayat nu hiji tamat,  
ayeuna anu dicatur,  
hikayat nu kaduana.

### III SINOM

(1) Hikayat nu kadua,  
carios Abdur Rozaqi,  
putra Syéh Muhiddin Jilan,  
kieu cék Abdur Rozaqi,  
aya hiji Syéh sumping,  
ka rama kula pok matur,  
naros iraha tuan,  
nembéna tuan tingali,  
yéén salira tuan jeneng Waliyulloh.

(2) Rama kula ngawalonan,

nembéan kula tingali,  
baréto keur masih budak,  
eukeur resep kénéh ulin,  
umur kula keur manjing,  
ngala ka sapuluh tahun,  
tuluy kula nyaba,  
nyampeurkeun barudak ngaji,  
eukeur bérés ngaraji dina madrasah.

- (3) Tuluy sumping malaikat,  
nyaur ka barudak ngaji,  
éh sakabéh barudak ,  
haturan //tempat calik,  
bisi manéh teu ngarti,  
ieu Waliyullah rawuh,  
tina kaula rumasa,  
yé n kula jumeneng wali,  
tina sabab nguping sahur malaikat.
- (4) Syéh Abdul Qodir ngandika,  
baréto nya kitu deui,  
waktu kula keur ambengan,  
jeung barudak nu laeutik,  
tuluy kawula nguping,  
malaikat deui nyaur,  
héy Muhiddin nu berekat,  
kitu lahiran kakuping,  
langkung reuwas kula ngarungu soara.
- (5) Seug ngageuwat kula mulang,  
seug asup kula ka bumi,  
tuluy ka ibu haturan,  
jeung reuwas ngageter ati,  
ari geus lami-lami,  
umur lima belas taun,  
pék kula nyieun halwat,  
paranti kaula nyepi,  
geus parantos tuluy kula tafakuran.
- (6) Eukeur tafakur nundutan,  
tuluy aya nu ngalahir,  
sora nu ngudang-ngudang,  
héy Abdul Qodir Jilani,  
geus suka pisan kami,  
ka awak manéh ngajurung,  
naha manéh téh nundutan,

nu matak manéh ku kami,  
dijadikeun asal//euweuh jadi aya.

17

(7) Lain dititah nundutan,  
nu sok beuki saré jemling témahna matak bahya,  
poho hanteu éling-éling,  
ka nu murba saja kitu carék nu ngadawuh,  
éta soara teu béda,  
eujeung anu geus-geus kakuping,  
geus parantos ieu carita kadua.

(8) Hikayat nu katilu,  
ti wasta Syéh Abdullah,  
aya hiji jalma datang,  
naros ka Syéh Muhiddin,  
anu matak jadi wali,  
naon margina nu tangtu,  
jadi jumeneng tuan,  
Waliyullah luhur leuwih,  
jisim kuring mugi-mugi diwartosan.

(9) Syéh Abdul Qodir ngandika.  
ku tina lampah sahiji,  
saumur kula gumelar,  
teu pisan milampah kidib,  
bener baé nu dicangking,  
saperti jaman kapungkur,  
keur di désa Jilan,  
kula masih kanéh leutik,  
nuju mangsa meuneuran puwasa Arfah.

(10) Kawula tuluy amengan,  
tatapi cumah pibadi,  
teu campur jeung jalma loba,  
pirigkeun sahiji sapi nu paranti,  
éta paranti nu ngawaluku,  
tuluy//malik katukang,  
bari ngomong éta sapi,  
kieu pokna héy Abdul Qodir Jilani.

18

(11) Manéh sok reuseup ambengan,  
dikersakeun ku Yang Widi,  
lain disuprih ambengan,  
saré dahar nginum cai,  
wenang baé hanteu wajib,  
poma ulah dék ka tungkul,

kula téh kaliwat reuwas,  
ngadangu omongan sapi,  
tuluy kula mulang lempang gagancangan.

(12)Sadatang kula ka imah,  
sanggeus lila tuluy bijil,  
unggah kana pawon imah,  
tidinya awas ningali,  
sapiarang-pirang jalmi,  
dariuk di luhur gunung,  
di luhur gunung Arfah,  
anu eukeur waktu haji,  
dina mangsa sakumpulan di gunung Arfah.

(13)Kawula langkung kasat,  
tuluy turun gesig-gesig,  
ka ibu tuluy pamitan,  
seja ka Bagdag nagari,  
sim kuring ka ibu amit mugi-mugi idin ibu,  
baris mios ka Bagdad,  
abdi neda rido galih,  
sinareng abdi nyuhunkeun pidu'ana.

(14)Kitu kula nya unju//kan,  
ka ibu jeung hormat ta'dim,  
ibu tuluy ngagelangkeun,  
bari nyaur welas asih,  
ngucur ci soca nangis,  
enung buah ati ibu,  
arék naon ka Bagdad,  
kula tuluy matur ta'dim,  
seja abdi dék tolak ilmu agama.

19

(15)Sarengna badé jjarah,  
kasadaya alim-alim,  
ibu pok deui ngandika,  
anak ibu buah ati,  
naha ujang dék indit,  
dék ninggalkeun lembur matuh,  
tuluy kawula haturan,  
ngarungu lampah nu tadi,  
waktu éta nguping omong sapi téa.

(16)Jeung waktu kula ningalan,  
kasapiarang-pirang jalmi,  
nu kumpul di gunung Arfah,

kabita kaliwat saking,  
ibuna sasambat nangis,  
melas asih seug ngadawuh,  
jung ngadeg tuluy nyandak pisangueun dinar duit,  
duit dinar dalapan puluh réana,

- (17) Diserahkeun saharita,  
ujang, ibu pasrah duit,  
ibu nganderma nyimpenan,  
titilar rama sayakti,  
ku kula seug ditampi, //  
dinar anu opat puluh,  
ari anu sapalihna,  
sok dikaibukeun deui,  
keur bagian adi kula Ki Abdullah.

20

#### IV KINANTI

- (1) Langkung welas ninggal ibu,  
semu heunteu ngeunah calik,  
duit pisangueun téa,  
dirajutan maké tali,  
dipiwarang disoléndang,  
dina kélék sangkan buni.
- (2) Sertana bari wuruk,  
putra ibu buah ati,  
wekas ibu poma-poma,  
élingkeun kadé jeung lali,  
sing bisa mawa salira,  
ulah dék umagung diri.
- (3) Jeung ulah bohong wawadul,  
kaseungit Yang Maha Suci,  
kula tuluy ngawalonan,  
bari meundeuk hurmat ta'dim,  
seja diéstukeun pisan,  
sapiwuruk moal lali.
- (4) Ti dinya téh tuluy munjung,  
ka ibu amit dék indit,  
ngambung ka dampal sampéan,  
ibu hanteu pegat nangis,  
nyaur bari dumareda,  
ibu titip ka Yang Widi,

(5) Ti dinya kawula tuluy,  
ngudar sila tuluy indit, //  
maké baju tatambalan,  
matak welas nu ningali,  
ibu gé angkat kaluar,  
ngajajapkeun ti panderi.

21

(6) Dongkap kana tungtung lembur,  
ibu teu pegat ningali,  
dijalan gedé tepungan,  
jeung sudagar nu arindit,  
dék dagang ka nagri Bagdad,  
kairingkeun ti pandeuri.

(7) Kacatur anu dipungkur,  
ibuna Syéh Abdul Qodir,  
sanggeus putrana teu katingal,  
langkung ngangres leubeut galih,  
salira wayang wuyungan,  
ngantos pias rupa salira.

(8) Mulih ka bumi sup asup,  
ébog hanteu gugah deui,  
tanghi-tanghi,  
nyahur salabeting manah,  
hanteu nyana awak aing,  
jeung anak bakal papisah,  
tobat kanu maha Suci.

(9) Syéh Abdul Qodir kacatur,  
angkatna parantos tebih,  
geus dongkap ka désa Hamdan,  
seug nyaur Syéh Abdul Qodir,  
didinya kula mendakan,  
ngajaregjeg tangkal kai.

(10) Jeung mendakan jalma kumpul,  
tarumpak kuda // garinding,  
kabéhna aya sawidak,  
ku kawula katingali,  
pada ngabégal kapilah,  
nu kataturkeun pandeuri.

22

(11) Sakabéh barangna lapur,  
eujeung duitna beresih,



teu aya pisan tinggalna,  
dék ngalawan heunteu wani,  
ka bégal anu sawidak,  
tembang pangkur nu ngaganti.

## V PANGKUR

- (1) Éta sakabéh kapilah,  
hanteu aya hiji jalma anu wani,  
ka bégal ngalawan musuh,  
taya untunan ngalawan,  
ngan tuan Syéh Abdul Qodir anu tulus,  
ku sabab taya taksiran,  
doip hamo boga duit,
- (2) Ngan aya bégal saurang ,  
nu nyampeurkeun nanya ka Syéh Abdul Qodir,  
ngomong sugan semu lengus naon manéh téh kaboga,  
nu dibawa Syéh Abdul Qodir ngawangsul mun teu nyaho manéh bégal,  
kami ieu mawa duit.
- (3) Aya opat puluh dinar,  
carék bégal dimana neundeunna duit,  
coba terangkeun sing puguh,  
Syéh Muhiddin ngajawab,  
ieu duit dina kélék diwadahan ku rajut,  
make tali disoléndang ,  
bégal// téh ngagaok bengis,
- (4) Manéh bohong ngaheureuyan,  
taya ulat boga sakitu duit,  
pakéan manéh barutut,  
gening geus ditambalan,  
hamo enya boga dinar opat puluh,  
bégal bari tuluy nyingkah,  
ditinggal Syéh Abdul Qodir.
- (5) Jol deui datang saurang,  
bari nanya ka tuan Syéh Abdul Qodir,  
manéh naon nyaka gaduh Syéh Muhiddin ngajawab kami mawa duit dinar opat puluh,  
dina kélék disoléndang,  
dirajutan make tali.
- (6) Cék bégal manéh ngabohongan,

kami hanteu hayang ngandel saeutik,  
pakéan goréng barutut,  
tuluy deui ditinggal,  
pék nyampeurkeun ka lurahna bégal kumpul,  
dua bégal cacarita,  
nyaritakeun lampah tadi.

- (7) Lurah bégal gugup nanya,  
cing ala kadieu masing kairing,  
gancangna baé dicatur,  
Syéh Abdul Qodir Jiani kairingkeun,  
kaluar bégal geus cunduk,  
ngumpul dina tegal lega,  
keur ngabagi-bagi duit,  
Syéh Muhiddin sumpingna, //  
pok ditanya ku lurah bégal bengis,  
naon manéh nya kagaduh,  
syékh Muhidin ngajawab,  
kami mawa duit dinar opat puluh,  
nya ieu disoléndang,  
lurah bégal ngomong bengis.

24

- (8) Coba témbongkeun ka lurah,  
lamun enya manéh éta mawa duit,  
serta bilang masing puguh,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
geuwat dinar diudulkeun tina rajut,  
dibilang hareupeun bégal,  
opat puluh dinar duit.

- (9) Langkung bengong lurah bégal,  
lila-lila nanya ka Syéh Abdul Qodir,  
éh fakir kami téh bingung,  
naha naon sababna,  
anu matak ka kami wakca saistu,  
boa boga cecekelan,  
ngawalon Syéh Abdul Qodir.

- (10) Éh bégal lamun teu terang keur di imah ibu maparinan jangji,  
banget wangsitna ibu nyaram ulah omongan bohongan,  
saniskara dipiwarang terang istu,  
kami hanteu rék hianat,  
kana jangji ibu kami.

- (11) Sangggeus nguping lurah bégal,  
pilahirna Syékh Muhi//ddin Jilani,

25

ngangres nalangsa kalangkung,  
midangdam gezeroan,  
bari ngomong aing panggoréngna mahluk,  
pirang-pirang kacidraan,  
cidra ka jangji Yang Widi.

- (12)Aing nya milampah bangsat,  
teu kaitung hianat ka Yang Widi,  
enggeus pirang-pirang thaun,  
ari kitu mah sampéan,  
jalma punjul teu lali ka jangji ibu,  
lurah bégal tuluy tobat,  
di payuneun Syéh Muhiddin.
- (13)Kabéh batur-baturna,  
pada ngomong nyabab ka lurah maling,  
naha andika bet kitu,  
tobat téh sosoranganan,  
bet teu ngajak kasakaéh batur-batur,  
padahal milampah bangsat,  
salawasna beurang peuting.
- (14)Hanteu pisah jeung kawula,  
sanggeus kitu éta kabéh tukang maling,  
sabatur-baturna kumpul,  
pada dék niat tobat,  
payuneun Syéh Abdul Qodir ngalingkung,  
tuluy kabéh pada tobat,  
euweuh pisan anu kari.
- (15)Barang-barangna kafilah,  
dipulangkeung ka kabéh nu boga milik,  
masing-masing teu kalarung,  
Syéh/Muhiddin ngandika,  
éta bégal nukawit ka kami taluk,  
hikayat ieu geus tamat,  
ayeuna anu kawarti.
- (16)Hikayat anu ka opat,  
ti Syéh Ali putra wasta Syéh Haési,  
jeung Syéh Tamjid Karhiu,  
duanana ngandika,  
di nagara Bagdad aya wali punjul,  
jadi guru sanagara,  
disebat Tajul Arifin.

(17)Keur linggih di luhur mimbar,  
sadayana pada ngadeuheusan sami,  
nu ngadeuheus pada kumpul para sohabat ngajajar,  
sadayana hémpak di payuneun guru,  
ngabérés sila di handap,  
keur kitu Syéh Abdul Qodir.

(18)Sumping ka nagara Bagdad,  
nya harita ka Bagdad nembéan calik,  
sumedeng birahi ilmu,  
keur meujeuhna nonoman,  
Syéh Muhiddin ka jero madarasah asup,  
géék calik sila di handap,  
Syéh Abdul Wafa ningali.

(19)Tuluy nunjuk ka sohabat,  
Syéh Muhidin pék direujeungan sami,  
geus kaluar digugulung,  
ditundung sina kaluar,  
saparantos tilu kali.  
Syéh Muhidin//asup maksa,  
ditingali ku Syéh Tajul A'rifin,  
ngageuwat lungsur ti luhur,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
pék dikaléng antara soca dicium,  
Syéh Abdul Wafa nagndika,  
ka sohabat ka para sohabat aris.

27

(20)Héy kabéh para sohabat,  
geuwat nagtung kudu pada hurmat takdim,  
ieu Waliyullah luhur,  
éh kabéh urang Bagdad,  
anu matik kami nitah nundung,  
lain kula sabab cua,  
ngahina ka Syéh Muhiddin.

(21)Kabéh bisi acan terang,  
kudu pisan pada hurmat ta'dim  
Syéh Abdul A'rifin nyahur,  
demi Allah anu mulya,  
katingali sorot cahayana ngagebur,  
bijil tina mastakana,  
mastaka Syéh Abdul Qodir.

(22)Sorot cahaya ti kiwa,

tuluy nerus ka arah-arah masyriq,  
cahaya ti tangan ngagebur,  
terusna ka magrib pisan,  
tuluy deui Syéh Abdul A'rifin nyahur,  
héy Syéh Abdul Qodir jilan,  
ayeuna tuan geus sumping.

## VI LAMBANG

(1)Kula ngan wates ayeuna,//  
diuk dina luhur imbar,  
jeung cumah wates ayeuna digugung ku urang Bagdad,  
ayeuna geus sumping tuan,  
waktuna ayeuna pisan.

28

(2)Tuan nu kudu maréntah,  
ka sadaya aulia,  
nu aya di nagri Bagdad,  
jeung di liana pisan,  
eujeung upama kula boga hiji hayam begér pisan,  
kongkorokong keur ayeuna,  
ari datang hayam tuan,  
cicing geus hanteu nyoara,  
ngan hayam kungan tuan.

(3)Nyora hanteu pegat-pegat,  
nepi ka poé kiamah,  
ti dinya Syé Abdul Wafa,  
ngahaturkeun rupa-rupa,  
pakakas anu sasaka,  
hiji rupa pasujudan.

(4)Tasbéh jeung raksukan jubah,  
teteken jeung hiji pinggan,  
dipasrahkeun sadayan,  
ku Syéh Muhidin ditampa.

Syéh Abdul Wafa ngandika,  
tuan kedah bé'at heula,  
Syékh Abdul Kodir ngajawab,  
baréto kula geus bé'at,  
ka Syéh Mahjum geus ngalap,  
tidinya Syéh Abdul Wafa,  
seug lungsur ti paimbaran,  
pok nyahur//Syéh Abdul Wafa.

29

- (5) Lamun geus jumeneng tuwan,  
ngagentosan jeneng kula,  
mugi kersa ngadudu'a,  
welas kasadaya sepah,  
mapan sadaya kamulyan,  
aya di tuan sadaya,  
aya sahiji carita,  
ti hiji wasta Syéh Bazaz.
- (6) Tasbéhna Syéh Abdul Wafa nu geus dipasrahkeun téa,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
mun diteundeun dina samak,  
tasbéh sok muntir sorangan.
- (7) Jeung deui raksukan jubah,  
dipasihkeun ka Muhammad,  
Qo'id nu kagungan putera,  
aya deui anu kocap,  
pinggan ti Syéh Abul Wafa'.
- (8) Tara beunang dicarabak,  
kunu lian-lian jalma,  
mun aya anu ngaragap,  
datang manyakit harita,  
neunggeulan awak sorangan.
- (9) Eujeung sahiji nyarita,  
ti hiji wasta Syéh Ahmad,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
keur mangsa nonoman pisan,  
katingali ku kawula.
- (10) Ti palebah mastakana,  
bijil cahya leuwih padang,  
nerus kana sasagala,  
ka langit ka tujuh pingkat//dina luhur awang-awang.
- (11) Kebek manuk disarada,  
pada ngomong cara jalma,  
kadéngé tétéla pisan,  
Syékh Abdul Qodir jilan jalma sidik saistuna.
- (12) Kitu cék anu nyarita,  
hikayat ieu geus tamat,  
serta diganti laguna,

ayeuna nu dicarita,  
hikayat anu ka lima.

## VII PUCUNG

- (1) Hikayat anu kalmia dicatur,  
wasta Abu Abdulloh,  
bin Hujér putra Yamani,  
ngalap madhab ka Imam Syafi'I kuna.
- (2) Kieu saur Abdulloh kula kapungkur,  
geus ngadangu warta,  
ti Syéh Muhiddin Jilani,  
sahurna téh baréto kula ka Baghdad.
- (3) Tolab ilmu di satengah jalan tepung,  
eujeung anak saka,  
kadua eujeung Abdulloh,  
sami pisan éta niat jalma dua.
- (4) Tolab jeung seja ziarah munjung,  
ka para ulama,  
nu aya di Bagdad kabéh,  
serta niat netepan bakti ka Alloh.
- (5) Jeung ka catur aya waliyulloh luhur,  
wasta pun Alam,  
leuwih mulya éta anéh,  
tabé'atna tara ka//tingal ku jalma.
- (6) Anging lamun aya anu seja munjung,  
kakarék némbongan,  
kawula jeung dua jalmi,  
rempug pisan munjungan pada harita.
- (7) Dua batur keur di jalan gunem catur,  
carék anak saka,  
mun kula eunggeus papanggih,  
jeung Syéh pon dék nyua,  
masalah iskal.
- (8) Tangtu luput soal kula moal timu,  
ari cék Abdullah,  
kula pon nya kitu deui,  
arék nyual ka Gos hiji masalah.
- (9) Masalah nu aya di jero kolbu,

jeung ménta jawaban,  
kitu ceuk nu dua jalmi,  
carék kula-kula nyalindung ka Allah.

(10)Hayang jauh ulah aya pikir kitu,  
boga tekad kitu,  
karana Gos éta,  
punjul bijaksanaan ahéng,  
gancangna téh kula jeung dua jalma.

(11)Enggeus datang ka tempatna Syéh Gos punjul,  
tapi teu katingal,  
kula cicing leuwih bengong,  
lila-lila syéh Got awas katingal.

(12)Calik sidik dina pancalikan bangku,  
jeung mureleng ningal,  
anak séka ditingali,//  
semu bendu lajeng sahur serta sugal.

32

(13)Aéh-aéh kutan tékad kita kitu,  
manéh téh dék nyu'al,  
hiji masalah nu sungkil éta kieu masalah anu diwejang.

(14)Éta tangtu jawabna téh kitu-kitu,  
langkung anak saka,  
héran dina jero haté,  
tina yaktos salahiran Gos nyata.

(15)Gos tuluy ka ki anak saka nyaur,  
manéh anak saka,  
enggeus taku jadi kafir,  
geus tétéla hurung di luhur manéhna.

(16)Sanggeus kitu Syéh Gos mureleng tuluy,  
ka ngaran Abdullah,  
eujeung bari nyaur bengis,  
aéh Abdullah manéhna deui dék nyoba.

(17)Su'al anu aya di jero qolbu,  
kieu masalahna,  
ku kami enggeus kaharti,  
éta kieu-kieu pijawabeunana.

(18)Gos nyahur manéh téh Abdullah tangtu,  
kakeueum ku dunya,



awak manéh sakuriling,  
nepi kana pepentilna kuping dua.  
(19)Jeung manéhna panggoréng-goréngna mahluk,  
sabab euweuh pisan,  
pang hurmat tatakrami,  
sanggeus kitu Syéh Gos tuluy//ningalan.

33

- (20)Ka Syéh Abdul Qodir Jilan bari nyaur,  
nyampeurkeun bari ngahurmat,  
bari pok ngandika manis,  
héy tuan Syéh Muhiddin anu mulya.
- (21)Anu unjul ti para aulia punjul,  
jeung dipikaridon ku Gusti nu Maha Suci,  
eujeung ku nabi utusan Allah ta'ala.
- (22)Tuan tangtu di nagara Bagdad mangku,  
salira tuan nenggang,  
dina paimbaran linggih,  
ganti deui pupuhna ku Maskumambang.

## VIII MASKUMAMBANG

- (1) Sarta tangtu tuan kagungan pilahir,  
dina luhur mimbar,  
kieu tuan nya pilahir,  
sadaya auliya.
- (2) Kabéh dina sahandapeun dampal suku kami,  
mungguh darajatna  
kitu lahir tuan yakni,  
jeung sadaya auliya.
- (3) Pada hurmat ngagungkeun ka tuan pasti,  
Syéh Gos Alam,  
sanggeus kitu les leungit,  
musna hanteu katingalan.
- (4) Cék Abdullah istu éta Syéh Muhiddin,  
parek ka Pangéran,  
meunang berkah Gos leuwih,  
ari eunggeus lawas-lawas.
- (5) Enggeus mangsa// Syéh Muhiddin,  
jeung Waliyullah,

34

sacetana Gos bukti,  
euweuh pisan sahurna téh sulayana.

- (6) Dina waktu magelaran Syéh Muhidin,  
nyampak dideuheusan,  
ku sadaya para wali,  
para masaih ulama.
- (7) Syéh Muhiddin dina paimbaran linggih,  
seug nyahur tetela,  
ku sadaya kakuping,  
sadayana auliya.
- (8) Sami meundeuk ngahurmat ka Syéh Muhiddin,  
tina sayaktosna kaungkulan kabéh wali,  
anak saka ayeuna nu ka carita.
- (9) Pék ngawula ka Sulton Bagdad nagari,  
tuluy anak saka diutus ka raja Rumi,  
maréntahkeun asup Islam.
- (10) Anak saka datangna ka raja Rumi,  
raja Arum uninga,  
yén anak saka téh ngalim,  
pinter réa pangabisana.
- (11) Raja Rumi énggal ngumpulkeun kiskisin,  
kisin hartosna,  
panditana Nasorani,  
ku sang raja diimbalan.
- (12) Samen ilmu ku sang raja dimisti,  
tuluy mujadalah,  
sadayana kisin-kisin//,  
asor panduna sadaya.
- (13) Anak saka ku raja Erum diasih,  
ku sabab pinterna,  
samalah dijungjung linggih,  
diangkat jumeneng pangkat.
- (14) Ka nyarita ari enggeus lami-lami,  
anak saka ningalan,  
ka hiji parawan geulis,  
istri putrana sang raja.

- (15) Anak saka seug kaédanan ku putri,  
teu saré teu dahar,  
tuluy marek ka Sang Aji anak saka,  
nya éta ngalamar putra.
- (16) Anak saka ngalamarna teu ditampi,  
anging anak saka,  
lamun asup nasroni,  
hadé putrana ditikah.
- (17) Tina banget kaédanan ku putri,  
tuluy anak saka,  
asup ka agama kafir,  
hiji deui ka carita.
- (18) Enya éta anu ngaran Abdullah,  
carék Ki Abdulloh,  
jig kula leumpang ka Damsik,  
ngawula ka kangjeng Sulton.
- (19) Raja Dumsik jeneng Sulton Nuriddin,  
kawula dipiwarang  
jadi polmakna Sang Aji,  
nguruskeun barang-barangna.
- (20) Sadayana sawewengkon nagri Dumsik,  
panghasilanana,  
kabéh ku kawula ditampi//,  
eujeung ti séjén nagari.
- (21) Ku hal éta kula jadi sugih mukti,  
resep kana dunya,  
arta,  
duwit hanteu sepi-sepi,  
jul-jol ti unggal nagara.
- (22) Kula ngomong di sajero ati,  
bener hanteu salah,  
panyetana Gos yakin,  
kalampahan sadayana.
- (23) Ku kawula eujeung ku Séh Abdul Qodir,  
jeung ku anak saka,  
carita ieu lastari,  
ganti pupuh Dangdanggula.

## IX DANGDANGGULA

- (1) Hikayat ka genep kawarti,  
ti Syéh Umar bangsa keman,  
eujeung ti Umar Bajaj Syéh,  
nu dua Syéh geus nyahur,  
waktu kawula ngamurid,  
ka Syéh Muhiddin Jilan,  
manggih jalma matur,  
naroskeun kumaha tuan,  
anu mawidi wastana Syéh Muhiddin,  
Syéh Abdul Qodir ngajawab.
  
- (2) Anu matak disebut kula Muhyiddin,  
hiji mangsa kula téh nyaba,  
tapi hanteu maké kaos nyalumaku los ngidul,  
tunggal bawah Bagdad nagri,  
dina poé Jumaah,  
Hijrah lima ratus,  
sawelas// tahun punjulna,  
umur kula opat puluh tahun manjing,  
keur nyaba béh manggihan.
  
- (3) Jalma gering kuru ngajangjawing,  
barang tepung tuluy uluk,  
ku kula tuluy diwalon,  
Walaikum salam,  
pok ngomong jelema gering,  
kula deukeut ka tuan,  
tuan hanteu jauh,  
hanteu anggang ti kawula,  
kula ngalungguhan tuan pasti,  
tuan ogé sawangsulna.
  
- (4) Sanggeus kitu éta jalma gering,  
jadi lintuh sabada harita,  
cahyana deui moncorong,  
rupana kalngkung segut,  
kula sérab ngarasa isin,  
pok ngomong éta jalma,  
kumaha geus ma'lum tuan terang ka kawula,  
jawab kula teu acan uninga sayakti,  
sampéan téh nu timana.
  
- (5) Jawabna téh kawula agami,

gusti Alloh ngahirupkeun tuan,  
tuan pon nyakitu kénéh,  
sami pada ngahirup-hirup,  
ka agama yang sukma jati,  
ayeuna téh kawula,  
cageur jag-jag bisa nangtung,  
lantaran tepang jeung tuan, //  
ku hal éta jenengan tuan diganti,  
Syéh Muhiddin Jilan.

38

(6) Tina sabab geus ngahirupkeun agami,  
tadina téh agama geus kuru pisan,  
sanggeus ngomong tuluy baé,  
les leungit teu puguh-puguh,  
kula didinya kantun pribadi,  
seug kula leumpang,  
seja muru-muru,  
ka masjid dék solat Jum'ah,  
keur di jalan papanggih jeung hiji jalmi,  
méré kahos ka kawula.

(7) Serta nyebut ngara Syéh Muhiddin,  
ti dinya téh kula tuluy kebat,  
anjung-anjug ka masjid baé,  
di masjid pabaliut,  
kabéh pada munjung sami,  
bari nyiumna panangan,  
serta pada nyebut,  
nyebut jenengan ayeuna,  
pokna téh héy tuan Sayid Muhiddin,  
kitu cék saréréa.

(8) Kula saka langkung nyorang pikir,  
sabab tadi keur ganti euweuh pisan anu nyaho,  
carita ieu geus putus,  
ngan sakitu teu aya deui,  
ayeuna ka tujuhna,  
hikayat dicatur,  
ti putra Syéh Arif bangsa,  
saripenis kieu sahurna kaharti kawarti,  
kula nguping dawuhan. //

39

(9) Pangandika Sayid Abdul Qodir,  
pilahirna kula hiji mangsa,  
diuk dina tempat spen,  
nyalira taya baur,

kawit beurang nepi ka peuting,  
dina hanteu nyingkah-nyingkah,  
sanggeus kitu jebul,  
kula kadatangan sétan,  
pirang-pirang mawa tutumpakan sami,  
nu sawaréh badarat.

(10)Serta pada mawa pedang tamsir,  
sétan kabéh pada ngagigila,  
semu ngarah pati kabéh,  
sawaréh pada mawa batu,  
dék-dék maledog sawaréh iblis,  
anu mawa seuneu ruhay,  
karépna dék nyundut,  
anu sawaréhna sétan,  
nyingsiyeunan,  
ka kula ku pedang tamsir,  
ngabar diamang-amang.

(11)Tapi kawula teu ngarasa gimir,  
pok aya anu ngundang-ngundang,  
ti jero diri sayaktos,  
carék anu ngadawuh,  
geuwat ngadeg manéh Muhiddin,  
buburak éta sétan,  
ku kami ditulung,  
dikuatkeun pék ayeuna,  
tuluy ngadeg kula teu ngarasa risi,  
kabéh sétan dibuburak.

(12)Paburisat pada lumpat tarik,  
kabéh sétan//nu ngulon nu ngétan,  
bubar euweuh anu témbong,  
béh datang deui jebul,  
nyingsieunan sétan sahiji,  
jeung ngomong nitah nyingkah,  
mun hanteu nyingkah balahi,  
awak manéhna diruksak.

(13)Éta sétan punjul ti nu tadi,  
banget pisan nyingsieunana,  
kula nyebut ka Yang Manon  
Lahaola walakuatu,  
ilabillahil aliyil adim,  
dicabok éta sétan,  
tuluy lumpat kabur,

ngajadi hurung awakna,  
jadi ruhay ku kula katingali,  
jol datang deui sétan.

(14)Leuwih goréng sarta bau liwat saking,  
sadatangna tuluy ngomong ngawang-ngawang,  
ieu kami sétan kahot,  
nu matak kami cunduk,  
ka andika seja abdi,  
tina sabab andika,  
nganyenyeri langkung nyeungseurikeun awak kula jeung ngéléhkeun ka batur kabéh  
diberik,  
sahur Sayidina Jilan.

(15)Geuwat-geuwat nyingkah manéh iblis,  
aing mumul dibaturan sia,  
iblis lumpat agé-agé  
ka awang-awang ngapung, //  
pék ku kula digitik,  
amles ka jero lemah,  
bijil jadi hurung,  
kakula dék ngabinasa,  
tuluy datang jalma kuat taya tanding,  
serta nunggang kuda.

41

(16)Bulu dawuk ulatna raspati,  
mawa pedang dibikeun ka kula,  
tuluy ditampa pedang téh,  
si iblis lumpat kabur,  
nyusup hanteu katingali,  
béh deui kula ningal,  
hiji sétan kuru,  
keur ceurik lolongséran,  
dina taneuh Dangdanggula panjang teuing,  
Pangkur ayeuna tembangna.

## **X PANGKUR**

(1) Bari ngawur-ngawur lemah,  
ku leungeuna huluna setan pibadi,  
jeung sasambat aduh-aduh,  
ayeuna kami téh pegat,  
hanteu bisa ngagoda ngaharu biru,  
jeung sampéana téh kacida,  
ka awak kula ngalindih.

(2) Sanggeus euweuh iblis laknat,  
aya deui anu terang katingali,  
gogoda pangalu biru,  
pitapak pirang-pirang,  
eujeung jaring sabudeur awak kakepung,  
naon ieu cék kaula,  
ngawalonan sétan iblis.//

42

(3) Enya ieu jaring dunya,  
paranti ngajaring jalmi,  
didunya nu keur lumaku pék ku kula ditahan,  
waswasna éta tagoyur,  
kungsi sataun lawasna,  
sakabéh gogoda leungit.

(4) Geus teu aya nu katingal,  
datang deui gogoda sahiji,  
ngabudeur awak kakepung,  
ku tambang make layak,  
pada nyekel tungtung tambang kalér kidul,  
tungtung ti kalér ti wétan,  
pada nyekel masing-masing.

(5) Kawas awak dieuradan,  
dék dijiret ku tali,  
kula ngomong deui tuluy ieu téh tambang kumaha,  
carék sétan tambang damelan yang Agung,  
keur ngajiret andika,  
ku kula ditahan deui.

(6) Hanteu dimujadalahan pisan,  
lawasna téh meunang satahun deui,  
leungit kabéh pangriridu,  
béh deui katingalan,  
pirang-pirang pacantelana jero kolbu,  
cék kula ieu kumaha,  
pada ngomong sétan iblis.

(7) Ieu ikhtiat andika,  
napsu andika pribadi,  
pék kula deui tapakur,  
merangan nap//su hawa,  
geus satahun leungit kabéh hawa napsu,  
kabéh sétan éta kalah,  
ayeuna tembang Kinanti.

43



## XI KINANTI

- (1) Sadaya anu kapungkur,  
geus euweuh anu kapanggih,  
cumah anu murbéng jagat,  
Pangeran yang sukma jati,  
nu katingal salawasna,  
tunggal kersa jadi hiji.
- (2) Parandéné acan cunduk,  
awak kula acan nepi,  
ka anu diseja téa,  
geus kula ditarik deui ka éta lawang tawekal,  
sangkan asup amrih hasil.
- (3) Sing cunduk kanu dimaksud,  
anu diseja ku ati,  
bus abus sesek dipaksa,  
dina lawang éta cicing,  
lila-lila awak kula,  
lumaku ditarik deui.
- (4) Asup kana lawang sukur,  
sesek cara tadi deui,  
tapi abus baé maksa,  
dina lawang sukur cicing,  
ari enggeus lila-lila,  
pék kula ditarik deui.
- (5) Kana lawang pakir cunduk,  
bus abus maksakeun diri,  
tina bawaning sesekna,  
didinya kula téh cicing, //  
sadayana lawang-lawang,  
anu geus kaliwat tadi.
- (6) Tina bawaning ku jauh,  
euweuh anu katingali,  
salira kula didinya,  
diuk awas aningali,  
pasimpenan leuwih éndah,  
serta kula dipaparin.

- (7) Kamulyaan kunu Agung,  
nu éndah nu adih-adih,  
jeung diparin kasugihan,  
anu leuwih kekel teu gingsir,  
jeung dileler karesikan,  
nu muhlis leuwih beresih.
- (8) Pancadria kabéh lebur diruksak,  
taya nu kari,  
jeung sadaya sipat-sipat,  
tuluy kawula dumuk,  
kanu wujud henteu owah,  
nu langgeng teu gingsir-gingsir.
- (9) Kadalapan nu dicatur,  
hikayat ti hiji alim  
Syéh Abdul Rojak wastana putrana Syéh Abdul Kodir,  
kieu ceuk Syéh Abdul Rojak,  
kula geus nguping pilahir.
- (10) Ama mopoyan saistu,  
lahirna ama kamari,  
di masjid Manur keur solat,  
tuluy aya nu kakuping,  
ngorosok nincakan samak,  
nu leumpang di jero masjid.
- (11) Teu lila antara //jebul,  
oray gedé liwat saking,  
cicing dina pangsujudan,  
ngagigila mere risi,  
oray nyanghareup ka ama,  
calangap huntuna ramping.
- (12) Ama nalika dék sujud,  
oray dipangku kagigir,  
cicing di gédéngeun ama,  
sabarang ama geus lastari,  
solat geus dua rokaat,  
pék lungguh tahiyat ahir.
- (13) Oray téh unggah ka luhur dina pangkon ama cicing,  
tuluy kaluhur ngarayap,  
dina teunggeugeu bulat-beulit,  
barang ama awes salam,  
les musna teu katingali.

(14)Henteu puguh ngaler-ngidul,  
ari geus isukan deui,  
ama tuluy deui angkat,  
bus abus ka imah sepi,  
ari perenahna imah,  
deukeut éta kana masjid.

(15)Ama didinya patepung,  
jeung hiji jalma lalaki,  
mujur kaluhur panona,  
saenyana éta eujin,  
Ama henteu samar-samar,  
pok ngomong eujin wawarti.

(16)Bisi anjeun henteu ma'lum,  
nu rupa oray kamari,  
basa anjeun eukeur solat,//  
nya éta di jero masjid,  
jisim kuring sayaktosna,  
ka anjeun sumeja nyobi.

46

(17)Sim kuring kapungkur-pungkur,  
sering nyoba para alim,  
panyoba kuring teu béda,  
cara ka anjeun kamari,  
jisim kuring hanteu mendak,  
nu tangguh sahiji wali.

(18)Anu batin tetep terus,  
tetep kaluarna deui,  
nu sawaréh Waliyulloh,  
batin tetep teu gingsir,  
tatapi obah salira,  
gumeter ku tina risi.

(19)Sawaréh wali teu kitu,  
salira tetep teu gingsir,  
ngan geuséh dina manahna,  
kitu anu geus kacobi,  
ngan mendak salira tuan,  
nu tetep teu owah gingsir.

(20)Ti jero kaluar terus,  
nu tetep henteu ngagidir,  
jin éta neda hampura,

tobat ka ama jeung ta'dim,  
carita ieu geus tamat,  
Asmarandana ngaganti.

## XII ASMARAN

- (1) Hikayat anu kawarti,  
salapan nu kacarita,  
ti Abu Qobid wastana,  
anu puputra Muhammad bangsana Ajhariyah,  
kaduana anu nyahur,  
Syéh Abu Hasan wastana.
- (2) Putra Ibrohim Wasiti,  
dua Syéh pada carita, //  
sahurna kula sayaktos,  
geus nguping pangandika,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
kawula nyaba kapungkur,  
nyaba ngider leuweung Irak.
- (3) Tapi hanteu cumah pibadi.  
salawé tahun lawasna,  
lajeng mopoyan tuan Syéh,  
jeung baréto lampah kula,  
teu pisan-pisan pegat,  
dina opat puluh tahun,  
saban wudu solat isa.
- (4) Tara batal kungsi manjing,  
solat subuh waktu pajar,  
lajeng mopoyan tuan Syéh,  
kitu deui lampah kula,  
baréto henteu pegat meunang lima belas taun,  
saban peuting solat Isa.
- (5) Sok maca Qur'anuladim,  
ti kawit nepi ka tamat,  
saban peuting hanteu petot,  
kula waktu ngaos Qur'an,  
ngadeg ku suku sabeulah,  
leungeun hiji nyekel paku,  
nu nanceb kana saroja.
- (6) Ngaraksa tunduh bok bisi,

nundutan tuluy ti gubrag,  
atawa saré ngagolér,  
kitu baé salawasna,  
ari geus nepi lawasna,  
kana tilu belas taun,  
kula pot saré pot dahar.//

48

(7)Maca Qur'an beurang peuting,  
hiji peuting kula unggah,  
kana hambalan tarajé,  
hambalan anu panengah,  
keur janari waktuna,  
napsu kawula ngajurung,  
ngajakan saré sakedap.

(8)Geuwat nangtung kula gesik,  
dina hambalan panengah,  
nya éta seja migawé,  
nyirnakeun tunduh kawula,  
ngadeg ku suku sabeulah,  
maca Qur'an bari nangtung,  
tikawitan nepi ka tamat.

(9)Nyaur deui Syéh Muhyiddin,  
tidinya téh tuluy kula,  
tilu peuting tilu poé,  
ngabisu teu sasauran,  
teu ngaleueut heunteu dahar,  
tepi kana opat puluh,  
pat puluh peuting jeung beurang.

(10)Tunduh téh kaluar bijil,  
Jeung nyata puguh rupana,  
ngajerit barina nyora téh,  
sakit tunduh geus sirna,  
kula tiwaktu harita,  
teu pisan ngaraosan tunduh,  
pat puluh poé lilana.

(11)Tapi kitu deui anging kula,  
lamun diinumman dihuapan kunu séjén,  
kakara dék barang dahar,  
tidinya tuluy aya,  
aya hiji jalma cunduk,  
mawa roti eujeung puhan.//

49

(12) Tina luwat-liwat saking,  
serta kacida halabhab,  
kukula ditahan baé,  
saré kula geus sumpah,  
demi Alloh anu Mulya,  
mun aing ngagugu napsu,  
ngarempak jangji Pangéran.

(13) Jeung ngrempak jangji nabi,  
tidinya napsu kawula,  
sasambat nyora ngadengék,  
leuwih banget luway kula,  
pangjeritna napsu téya,  
ditahan hanteu digugu,  
tidinya torojol dongkap.

(14) Syéh Abu Sa'id Mahjumi,  
guru kawula keur budak,  
sasumpingna cacarios,  
anu matak ama dongkap,  
saréh ngadangu sowara,  
nu sasambat aduh-aduh,  
dilebah dieu pernahna.

(15) Kula ngawahan pilahir,  
obahna napsus kawula,  
tapi nyawa hanteu géséh,  
tetep mantep ka yang sukma,  
ka kawula pok ngajak,  
hé Syéh Abdul Qodir hayu,  
urang mulih bareng ama.

(16) Tidiya kula jung indit,  
ngiring guru adék mulang,  
kula ngomong jero haté,  
aing nyingkah téh ayeuna,  
tina ieu panggonan,  
nurut ka paréntah guru,  
lain kahayang// sorangan.

(17) Di jalan Syéh Abu Sa'id,  
angkat ningalkeun kawula,  
kula tuluy gancang baé,  
ngajugjug lembur sorangan,  
guru kasampak ku kula,  
ka kula miawarang tuluy,

asup kajero imah.

- (18)Kasondong eunggeus sayagi,  
kadaharan warna-warna,  
kula tuluy diuk baé,  
ngréndéng jeung guru kula,  
kawula diajak dahar,  
pék dihuwapan ku guru,  
serta diinuman pisan.
- (19)Tepi kawareg lastari,  
sanggeus tutug barang dahar,  
kula tuluy dipersén,  
baju jubah alus pisan,  
ku guru diparin hirkat,  
kawula téh leuwih nuhun,  
ku anjeuna dianggoan.
- (20)Pilahir Syeh Muhyiddin,  
méméh sumping guru kula,  
basa keur di leuweung ganggong,  
aya hiji jalma datang,  
hanteu puguh datangna,  
jeung kakara pisan tepung,  
nembé papanggih harita.
- (21)Sadatangna pok ngalahir,  
nyebut jenengan kawula,  
hé Abdul Qodir pokna téh,  
kumaha daék andika,  
babarengan// jeung kaula,  
kaula tuluy ngawangsul,  
mangga daék babarengn,
- (22)Éta jalma méré jangji,  
nitah cicing kakawula,  
dina tempat ieu dago,  
kadé pisan ulah nyingkah,  
mun kula teu acan datang,  
cék kula seja mituhu,  
éta jalma tuluy nyingkah.
- (23)Geus teu katingal,  
kula hanteu nyingkah,  
ditempat éta ngdago,  
ari eunggeus lawas-lawas,

geus sataun lilana,  
éta jalma dongkap jebul,  
calik ngréndéng jeung kula.

(24)Tuluy ngajangjiyan deui,  
kula dititah ngantosan,  
dicaram ulah ngaléos,  
carék kawula sumangga,  
ari enggeus lila-lila,  
lawasna meunang sataun,  
dongkap deui éta jalma.

(25)Nyandak mantéga jeung roti,  
sasumpingna pok ngandika,  
mun andika tacan nyaho,  
kula Hidir Nabiyulloh,  
dipiwarang ku Pangéran,  
dawuhan kaula kudu,  
dahar bareng jeung andika.

(26)Tuluy Nabiyulloh Hidir,  
barang dahar jeung kaula,  
bareng duaan ngarendéng,  
satutugna pok timbalan,  
yé// kaula mudu mulang,

52

tidinya wangsul,  
geus dongkap ka nagri Bagdad.

(27)Jol aya sahiji jalma,  
anu naros kakawula,  
lajeng kamana tuwan Syéh,  
dua tahun teu katingal,  
kula jawab anu terang,  
kula salampah kapungkur,  
naros deui éta jalma.

(28)Hayang terang jisim kuring,  
salamina tuwan angkat,  
nyandak katuwangan naon,  
cék kaula nu didahar,  
pipiceunan manusa,  
carita ieu geus putus,  
Sinom anu ngagentosan.



### XIII SINOM

- (1) Hikayah kasapuluhna,  
Syéh Muhammad Ajhari,  
jeung ti Syéh kadua,  
jenengan Abu Mufahir,  
nu dua Syéh ngalahir,  
baréto kaula ngadangu,  
rama kula wawarta,  
keur di nagara Damsiq,  
nuju hijrah jeung Nabi ‘alaihisaalam.
  
- (2) Lima ratus jeung salapan,  
eujeung lima puluh leuwih,  
pilahirna rama kula,  
baréto ama geus nguping,  
keur di nagara Bagdadi,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
kieu pangadikana,  
waktu kula mungгах haji,  
keur sumedeng ngora//pisan masih bujang.
  
- (3) Indit ti nagara Bagdad,  
ngan cumah diri pibadi,  
jeung teu mawa bebekelan,  
keur di jalan kula manggih,  
dingaranan Umul Qurun,  
kaluhur tuluy unggah,  
di dinya kula manggih,  
jeung Syéh Idi putra musapir katelah.
  
- (4) Syéh Idi tuluy mariksa,  
tuan dék angkat kamendi,  
cék kawula badé ka Mekah,  
Syéh Idi ngalahir deui,  
kawula nya kitu deui,  
dék mungгах haji maksud,  
sumangga sasarengan,  
disuhunkeun rido galih,  
jawab kula sumangga tatapi kula.
  
- (5) Teu ngabantun bebekelan,  
Syéh Idi ngawalon deui,  
aris,  
nyakitu deui kula,  
teu mawa duwit saduwit,

tidinya tuluy indit,  
duaan sami lumaku,  
keur disatengah jalan,  
béh mendak sahiji isteri,  
urang Habsy kuru aking salirana.

- (6) Jeung pakéyan tatambalan,  
raray ditutupan buni,  
barang tepung pok mariksa,  
tuwan anu timendi,  
aranom agus sami,  
tuluy ku kula diwangsul,/  
bibi kawula ti Ajam,  
isteri tuluy nyawur deui,  
hidep nyiyeun kahébatan kakawula.
- (7) Katingal ti nagri Habsah,  
pikir kula banget watir,  
gusti anu murbéng jagat,  
nembongan badé maparin,  
andika badé nampi,  
kanugrahan leuwih agung,  
sadaya para auliya,  
lian hidep mah geus pasti,  
hamo nampi kanugrahan cara éta.
- (8) Jeung kawul langkung suka,  
réh andika sami sumping,  
kula puwasa dék buka,  
hayang dahar jeung tatami,  
ari waktu geus burit,  
panon poé rék méh surup,  
kula ningali rampadan,  
turun tiluhur tilangit,  
datangna téh kahandap hareupeun kula.
- (9) Ditingal eusi rampadan,  
puhan eujeung genep roti,  
serta kadaharan warna,  
tuluy muji éta isteri,  
pokna sakabéh puji,  
kagungan gusti yang Agung,  
nu masihan kamulyaan,  
ka abdi ka tamu abdi,  
sanggeus muji éta isteri pok popoyan.

(10)Saban-saban kula buka,  
tumurun//ngan dua roti,  
réh ayeuna jeung sampéyan,  
dipasihan genep roti,  
mangga dalahar sami,  
seug berjamaah ngariung,  
sanggeus tutug dalahar,  
aya anu turun deui,  
pék ngarat sakendi sewang.

55

(11)Raosan kalangkung nipmat,  
teu aya keur ngaupami,  
sanggeus kitu isteri téya,  
musnah hanteu katingali,  
kula eujeung Syéh Idi,  
jung bareng lumaku,  
teu dicatur lamina,  
ka nagri Mekah geus tepi,  
sarta towap tuluy di Masjidil Harom.

(12)Sanggeus towap seug kaluwar,  
bareng eujeung Syéh Idi,  
kula tuluy ningal cahaya,  
hurung asup ka Syeh Idi,  
Syéh Idi ngajumpalik,  
kapiyuhan ngagedebug,  
carék jalma anu ningal,  
geus tangtu wapat Syéh Idi,  
sanggeus kitu harita torojol dongkap.

(13)Isteri anu tadi téya,  
nu dijalan geus papanggih,  
ka Syéh Idi ngadeukeutan,  
di palebah sirah cicing,  
isteri téh ngageuing-geuing,  
jeung// nunuhun ka Yang Agung,  
muga-muga pangeran,  
anu geus ngersakeun mati,  
ka Syéh Ibdi mugi deui di hirupan.

56

(14)Syéh Ibdi tuluy ngorejat,  
tina idina Sang Widi,  
sanggeus kitu tuluy kula,  
meunang nugaha Yang Widi,  
aya cahaya ngaranjing,  
ka badan kula asup,

tapi tetep henteu obah,  
kula tetep cara tadi,  
tuluy nguping soara nu ngundang-ngundang.

(15)Ti jero salira kula,  
héy Abdul Qodir Jilani,  
manéh meunang kamulyaan,  
dileuwihkeun ku Yang Widi,  
punjul ti para wali,  
kieu dawuhan Yang Agung,  
nu unggal di jero Qur'an,  
éta pasanurikani min,  
aya tina ajaban éta hartosna.

(16)Ku kami mangké manéhna,  
dikersakeun ningali,  
kana pirang-pirang ayat,  
nu éndah matak ngajaib,  
matak héran ningali,  
hartina éta téh kitu,  
hé Abdul Qodir Jilani,  
manéh masing tetep mukim,  
sangkan manéh manpaat ka jalma loba.

(17)Ka kabéh// mahlukna Alloh,  
sakur anu geus dipilih,  
para wali nu has jeung tangtu sakabéh wali,  
dikersakeun ku kami,  
mangké jeung manéh patepung,  
kabawah ka paréntah,  
ku manéh sakabéh wali,  
serta kami teu jauh eujeung manéhna.

57

(18)Kitu unggelna sowara,  
ti batin kula pibadi,  
istri anu tadi téa,  
ka kula tuluy ngalahir,  
hé nu anom leuwih,  
kula gawék sakalangkung,  
réh ningal cahya ruhay,  
tanda kamulyaan leuwih,  
ngurilingan ngubeng ka sirah andika.

(19)Serta loba malaikat,  
ngurilingan katingali,  
dongkap kana awing-awang,

jeung sadaya opera wali,  
pada malencrng ningali,  
pada bengong sakalangkung,  
ningal kamulyaan tuan,  
nu di Masrik nu di Magrib,  
jeung sadaya sami pada ngadudua.

- (20)Ngaduakeun ka andika,  
kitu saur éta istri,  
sangges kitu tuluy muna,  
leungit henteu ka tingal,  
kula jeung éta istri,  
ti harita hanteu tepung,  
carita// ieu tamat,  
nyaturkeun nu sején deui,  
jeung diganti carita Pucung tembang.

58

#### XIV PUCUNG

- (1)Hikayat nu ka sabelas dicatur,  
ti Abu Mudopar,  
putra Mubarok Wasiti,  
nu ahli pitutur ahli carita.
- (2)Jeung disebut wasta Bardan kamahsur,  
ceuk Abu Mudopar,  
kula geus lebet ngamurid,  
asup guru ka Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (3)Jeung ngabantun hiji kitab anu mengku,  
loba masalahna,  
sejen-sejen dipirinci,  
loba koul bangsa palasipah.
- (4)Serta mengku nyaturkeun masalah ilmu,  
bangsa ruhaniah,  
pok ngandika Syéh Muhiddin,  
héy Mudopar éta kitab nu dibawa.
- (5)Hanteu rempug ilmuna jeung batur-batur,  
yakne teu mupakat jeung sakabeh para alim,  
kula kagét ngupingkeun duwuhana.
- (6)Saréhna téh kula teu acan piunjuk,  
kadua perkara,

tuan Syéh acan-acan ningali,  
masalahna sadaya di jero kitab.  
Sayid Abdul Qodir pok deui ngadawuh,  
éh Abu Mudopar, //  
lampah manéh hanteu hasil,  
leuwih goréng éta kitab nu dibawa.

59

(7) Bawa balik ku manéh kudu dirurud,  
jero éta kitab,  
kabéh tulisan sing leungit,  
kula ngomong jero ati hanteu lisan.

(8) Nyaah ieu ku aing mun dilebur,  
adék diampihan,  
moal enya ku tuan Syéh kauninga.

(9) Eujeung réa deui masalah anu ma'lum,  
ku aing kapaham,  
ka cangreud di jero ati,  
tina resep sasat kabéh geus kapaham.

(10) Tidinya téh kula matur baris wangsul,  
serta pasejaan,  
kitab dék dibawa balik,  
dék disimpen baé di jero imah.

(11) Bareng dék jung kula seja indit nangtung,  
dirérét di tingal,  
ku Syéh Muhddin Jilani,  
tetep mencerong semu kagét ningalina.

(12) Kula lelen lesu henteubisa nangtung,  
malah boga rasa,  
dibelenggu rante beusi,  
Syéh ngandika kadieu keun eta kitab.

(13) Kula tuluy//nyanggakeun kitab kaguru,  
gancangna dibuka,  
ku tuan Syéh Abdul Qodir,  
katingali aksarana geus teu aya.

60

(14) Kertas wungkul aksarana kabeh suwung,  
tuluy éta kitab,  
ku Syéh dilingkupkeun deui,  
pék dibuka jadi séjén deui kitab.

- (15) Nu disebut kitab Qodo Ilil Qur'an,  
anu ngarang kitab,  
Syéh Muhdidin putra Tarsi,  
katingali aksarana alus pisan.
- (16) Sayid Abdul Qodir ka kula ngadawuh,  
hé Abu Mudofar,  
hé ieu kitab téh aji,  
geus mupakat ilmuna jeung anu réa.
- (17) Eujeung manéh nu matak teu bisa nagtung pikr manéh salah,  
badan madep ati mungkir,  
cing ayeuna kumaha manéh dék tobat.
- (18) Kula matur sumeja tobat saistu,  
muga di hampura,  
moal kitu-kitu deui,  
Syéh Muhdidin nimbalan jig geura mulang.
- (19) Kula nangtu geus meunang paidin guru,  
salamet waluya,  
pulih cara tadi deui,  
kersa Allah kitab anu tadi tea.
- (20) Nu disebut pol palasipah ilmu,  
kabéh masalahna// sakur anu geus diaji,  
poho kabéh taya hiji-hiji acan.
- (21) Anu timu kabéh poho deui luput,  
saperti kawula,  
anu acan pisan ngaji,  
ganti catur Durma pitembangeunana.

## **XV DURMA**

- (1) Hikayat duabelas dicarita,  
tiwasna Abu Hapsin,  
Kémani bangsana,  
kieu pangandikana,  
baréto kula keur nyepi,  
di jero halwat,  
pageuh maké sarigsig.
- (2) Sanggeus kitu katingali pager halwat,  
bedo molongo sidik,

jol aya anu datang,  
nyampeurkeun ka kaula,  
ngagigila méré risi,  
tuluy ditanya,  
manéh anu ditemendi.

- (3) Pok ngajawab ieu kami sétan la'nat,  
nu matak datang kami,  
sumeja mamatahan,  
tingkah morokobah,  
jeung adab-adab na deui,  
kieu petana,  
tuluy diuk iblis.
- (4) Serta tuluy sujud ngantelkeun sirahna si iblis tuluy ngajungkir,  
tidinya tuluy cengkak,  
nyingkah bijil kaluar,  
ari geus isukan deui,  
jig kula// leumpang,  
andék ka Syéh Muhiddin.
- (5) Keur munjungna leungeun kula kek di candak,  
barina pok ngalahir,  
éh ki Abu Haps,  
manéh geus kadatangan,  
tadi peuting ku iblis,  
jeung mamatahan,  
paratingkah tatakrami.
- (6) Peta-peta tingkahna nu murakabah,  
éta bener si iblis hadé diturutan,  
tatapi kahareup mah mun datang deui si iblis,  
pacuan ulah,  
diturutkeun si iblis.
- (7) Amun nurut manéh téh na'udubilah,  
enggeus tangtu jadi kapir,  
kitu Syéh ngandikana,  
sanggeus kitu kawula,  
tuluy dina halwat nyepi,  
teu nyingkah-nyingkah pat puluh tahun cicing.
- (8) Hikayat katilu belas dicarita,  
wasta Abdul Baki,  
Muhammad ka putra,  
Ajhari katelah urang bangsa Saripaéni,



kieu saurna,  
keur dina mangsa hiji.

(9) Kula banget dudua ka gusti Alloh,  
hayang pareng papanggih,  
eujeung Rijalulloh,  
tidinya teh saré tibra,  
keur saré kaula ngimpi,  
munjung ka makaom,  
imah Ahmad Hambali.

(10)Kula tepang eujeung// lalaki saurang,  
di gigireun makom calik,  
kaula boga sangka,  
yén éta Rijalulloh,  
ti dinya tuluy ngalilir,  
ngoréjat hudang,  
tuluy turun jung indit.

63

(11)Seja kula badé jjarah ka makom,  
imah Ahmad Hambali,  
réh boga impian,  
ku hayang nyaho buktina,  
barang kawula geus nepi,  
béh aya jalma,  
sahiji keur calik.

(12)Digigireun pakuburan Imam Ahmad,  
adeg rupana sami,  
jeung dina impian,  
kula tuluy jjarah,  
éta jalma tuluy indit,  
bijil ka luar kaula leumpang pandeuri.

(13)Dituturkeun ku kaula saparan-paran,  
angkatna enggeus nepi,  
ka bangawan bagdad,  
pék ningali kawula,  
bangawan téh katingali,  
caina nyingray,  
ka girang eujeung ka hilir.

(14)Éta jalma tuluy meuntas ngan saléngkah,  
cai geus lingkup deui,  
kula tuluy sumpah,  
demi Alloh taala,

mugi antosan sim kuring,  
rék naros heula,  
seug ngarandeg éta jalmi.

(15)Cék kaula//sampéan téh anu ti mana,  
ngawalonnan éta jalmi,  
éh ki Muhammad,  
mun andika teu terang,  
kami téh bangsa Hanafi,  
jeung bangsa Islam lain bangsa nu kafir.

64

(16)Ti dinya téh éta jalma tuluy angkat,  
sakedap les leungit,  
kula langkung héran,  
seug tuluy aya pikiran,  
déék naros ka Syéh Muhiddin,  
tidinya kebat,  
harita kaula indit.

(17)Kaula ngadeg dina lawang madrasah,  
di dinya kawula nguping,  
tuan Syéh ngandika,  
ti sajero bumina,  
héy Muhammad Abul Baqi,  
lamun teu terang,  
di jero bumi masrik.

(18)Jeung di magrib téa hiji Waliyullah,  
nu kumanéh geus kapanggih,  
éta tétéla sidik Rijalullah.

(19)Ngalap madhab kaum bangsa Hanafiah,  
hal éta Syéh Muhiddin,  
mopoyan ka kula,  
di bumi hanteu kaluar,  
hikayat ieu lastari,  
ganti carita tembang Pangkur nu ngaganti.

## **XVI PANGKUR**

(1) Hikayah ka opat belas,  
ti wasta Syéh Abul Falahi asli,  
Muhibin bangsana //mashur,  
Syéh Jalil nu puputra,  
Abu Hér Putra Syéh Quduawah disebut,

65

Syéh Abul Falah ngandika baréto mangsa sahiji.

- (2) Rama kawula teu damang,  
serta banget sadayana para wali,  
sami ngaralaya kumpul kula unjukan ka rama,  
neda pituduh wawangsit.
- (3) Cék kaula héy kangjeng rama,  
mun geus wafat rama ka saha kuring,  
nya lebet murid ngaguru,  
cék rama Abul Falah,  
manéh kudu ka Syéh Muhiddin nya guru,  
ulah ka nu lian-lian,  
sangka kula dina ati.
- (4) Réh rama seungeut ka sawat,  
hanteu jejeg élingan selang-seling,  
nyingkah ka nu rada jauh,  
geus lila ngadeukeutan naros deui ka saha nya manjing guru,  
rama saurna teu owah kudu ka Syéh Abdul Qadir.
- (5) Kadangu ku sadayana,  
anu hadir sadayana para aulia,  
hiji Syéh Baqo disebut,  
jeung Syéh Haéti wastana,  
putra Ali lain éta teu disebut,  
para aulia nu réa,  
nu mulia nu leuwih-leuwih.
- (6) Syéh Abdul Qadir ngandika,  
ka kawula éh Abdul Falahi,  
na ku//maha manéh kitu,  
nampik ka wasiat bapa,  
hanteu ngésto mungguh aing lampah laku,  
teu mawa karep sorangan,  
diparéntah ku Yang Widi.
- (7) Omong aing satemenna,  
geura tanggah manéh ningali ka langit,  
kula nurut seug ningali ka luhur,  
pirang-pirang diawang-awang nu tumpak kuda ngabaris.
- (8) Ngajajar pirang-pirang sap,  
mungguh kebek langit hanteu katinggali,  
sawaréh ka handap tungkul,  
sawaréh jalan-jalan,

réréndéngan pakaél jeung batur-batur,  
kula ningal langkung hébat,  
kapiuhan hanteu éling.

(9) Sanggeus éling tuluy cengkat,  
tuluy leumpang nyamperkeun ka nu caralik,  
kana luhur korsi diuk,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
lajeng ngadeg nyampeurkeun kawas nu bendu,  
geus deukeut kek ceuli kula,  
dicandak dipuril-puril.

(10) Barina ngandika keras,  
manéh lower teu daék netepan jangji,  
bapa manéh teu digugu,  
kula ku tina hébat,  
tuluy tobat ka Syéh Abdul Qodir sujud,//  
carita ieu geus tamat,  
diganti ku tembang manis.

67

## **XVII DANGDANGGULA**

(1) Hikayah ka lima belas deui,  
nu nyarita Umar bangsa Kéman,  
kieu sahurna kawartos,  
kawula geus ninggal istu,  
palinggihan Syéh Abdul Qodir,  
saban poé hanteu pegat,  
jalma nu carunduk,  
anu sumeja anut Islam,  
ti Yahudi sawaréh ti Nasononi,  
jeung anu niat tobat.

(2) Jalma anu maéhan jalmi,  
eujeung sok saling ngabégal,  
pada datang tobat kabéh,  
kafir musrik pon kitu,  
pada datang masrahkeun diri,  
eujeung aya ngandika,  
Nasononi punjul,  
ngaran Sanan katelahna,  
éta jalma ti Yamani asal nagri,  
seja asup Islam.

(3) Cék Ki Sanan seja pisan aing,

manjing Islam amun aya jalma,  
nu ahli iman sayaktos,  
anu mantep teguh tuhu,  
pantes lamun ngislmkeun aing,  
seja dék kumawula ,  
mituhu miturut,  
geus tipeuting kacarita,  
éta Sanan saré tuluyna//ngimpi,  
teping jeung Nabi Isa.

68

- (4) Pok Isa Rohullah,  
éh Sanan lamun istu seja,  
manjing Islam diri manéh  
geuwat leumpang ngajugjug ka Syéh Abdul Qodir Jilani,  
nu aya di Bagdad,  
éta wali punjul panghuluna aulia manéh geuwat ka dinya masrahkeun diri,  
darapon manjing Islam.
- (5) Sanggeus lilir Sanan tuluy indit,  
rék ngajugjug ka nagara Bagdad,  
gancangna geus dongkap baé,  
ku tuan Syéh diwuruk,  
parat tingkah agama suci ,  
Sanan geus manjing Islam,  
jeung deui dicatur,  
Syéh Umar anu mopoyan pilahirna aya urang Nasoroni,  
tilu belas lobana .
- (6) Éta anu tilu belas jalmi,  
kabéh pada nitah Islam,  
budal sabaturna golong,  
pada néangan guru,  
nu paryogi muruk agami,  
supaya maranéhna,  
guguru diwuruk,  
tuluy ngider naréangan,  
tapi weléh acan manggih,  
nu paryoga pada bingung pisan .
- (7) Ngamarulang kabéh pada cicing,  
hanteu puguh anu dék//diseja,  
eukeur kitu kacarios,  
aya sowara nu nyaur,  
héy sakabéh nu diasih,  
meunang rahmat Pangéran ,  
maranéhna kudu,

69

budal ka nagari Bagdad,  
sami serah diri ka Syéh Abdul Qodir,  
éta wali utama.

- (8) Sangkan manéh ku Syéh Abdul Qodir,  
diwurukan parkaraanana Islam,  
gancangna budal sakabéh,  
ka Bagdad pada cunduk,  
pada ngadeuheusan ka Syéh Muhiddin,  
kabéh geus pada Islam,  
pada neguh turut,  
mantep ibadah ka Allah,  
tina berkah Syéh Abdul Qodir Jilani,  
nu dirahmat ku Allah.
- (9) Hikayah genep belas ka warti,  
ti Syéh nu ma'rifat ka Allah,  
Abu Sa'id wastana téh,  
bangsa Qolawi disebut,  
geus ngandika Syéh Abu Sa'id,  
kaula mendakan ku paninggal qolbu,  
ningali kangjeng Rosulullah,  
jeung ninggalan pirang-pirang para nabi,  
sami kempel sadayana .
- (10)Dina éta pancalikan Syéh Muhiddin,  
sanggeus kitu kabéh pada bubar,  
nyawa para nabi//kabéh,  
anu ngalér anu ngidul,  
ngulon ngétan masing-masing,  
cara angina petana,  
jeung katingal puguh,  
malaikat kukumpulan,  
eujeung ningal sadaya Rijalulfaini,  
jeung-jeung jin pada darongkap.
- (11)Ngadeuheus ka Syéh Abdul Qodir,  
mungguh kabek di jéro madrasah eujeung ketingali sayaktos,  
Nabi Hidir deui rowuh,  
sering calik ka Syéh Muhiddin,  
kula keur ngadeuheusan,  
ka tuan Syéh matur,  
yénu kitu paningal kula Syéh Muhiddin lajeng ngawalonan aris,  
dawuhanana nyata.
- (12)Karana saha-saha jalmi,

anu meunang kabagjaan ,  
ka kami daratang kabéh,  
eujeung saha anu tepung éta jalma jeung salira kami,  
wajib meunang kabagusan,  
ti Allah anu Agung,  
sumawona jalma anu datang,  
niat ngaji diuk di madrasah kami,  
éta mah leuwih bagja.

## **XVIII LAMBANG**

- (1) Hikayah ka tujuh belas,  
ti Syéh nu arif ka Allah,  
Syéh Abu Qosim Muhammad,  
anu puputra Syéh Ahmad,  
kampung Juhali bangsana, //  
éta kieu caritana,  
kula hadir ngadeuheusan,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (2) Jeung sadaya sohabatna,  
kula anu pangmarekna,  
deukeut kana pangcalikan,  
harita nu ngadeuheusan,  
pirang-pirang aulia,  
anu bangsa seseliran,  
aya dipayuneunana,  
Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (3) Calik dina paimbaran,  
dina saban-saban hambal,  
duaan anu ngajaga nu loba ngadareuheusan,  
bérés caralik di handap,  
lajeng muruk ngaos kitab,  
nyuruhan bari metana,  
tina bawangi husuna.
- (4) Dastar tuan Syéh udar,  
sadaya nu ngadeuheusan,  
sami hurmat ngudar dastar,  
ditumpuk ditarendeunan,  
sahandapeun pangcalikan,  
ari geus kita dastarna,  
Syeh Abdul Qodir Jilan,  
nu udar geus diomean.

(5) Serta tuluy Syéh nimbalan,  
ka Syéh hiji nu jenengan,  
Syéh Abu Qosim wastana,  
éta dastar saréréa,  
cokotan tuluy bikeunan,  
ka saboga-bogana,  
dastar tuluy dicokot an,  
tuluy dibikeunan//geus walatra.

72

(6) Ngan leuwih sahiji dastar,  
henteu kantenan nu boga,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
kadieukeun éta dastar,  
disanggakeun top dicandak,  
disangsangkeun kana tak-tak,  
éta dastar tuluy musna,  
sami bengong sadayana.

(7) Lajeng Syéh Muhiddin Jilan,  
lungsur tina paimbaran,  
neken kana tak-tak kula,  
barina lajeng ngapopoyan,  
Abu Kosim mun teu terang,  
aya istri sanak kula,  
milu hurmat miceun dastar,  
urang nagara Asbahan,  
éta pasujudanana,  
éta geus dirawatan,  
dicokot ti tak-tak kula,  
dihontal ti nagarana,  
leungeuna éta manjangan.

(8) Hikayat dalapan belas,  
ti Syéh Baqo kakasihna,  
nu geus kagungan karamat,  
kieu pilahir Syéh Baqo,  
eukeur dina hiji mangsa,  
kula hadir ngadeuheusan,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
keur linggih diluhur mimbar.

(9) Syéh Muhiddin katingalan,//  
semu anu lesu lupa,  
jeung mandel teu sasauran,  
geus kitu lungsur ka handap,

73



cat ka luhur deui unggah,  
calik dihambal kadua,  
luhur mimbar pangluhurna,  
ku kaula katingalina.

- (10) Jadi jembar ngalegaan,  
tina tuluy diamparan,  
ku alketip héjo éndah,  
eujeung didinya katingal,  
aya kangjeng Rosululloh,  
jeung sadaya sohabatna,  
Abu Bakar Umar Usman,  
Ali jeung baginda Hamzah.
- (11) Yang sukma nu maha mulya,  
tajali waktu harita ku ka tip kula katingal,  
Syéh Muhiddin méh teu kiat,  
mungguh condong méh tigubrag,  
jeung tuan Syéh salirana,  
ngajadi leutik kacida jeung manuk piit sarua.
- (12) Tidinya téh salin rupa,  
jangkung gedé jeung sawawa,  
tuluy unjukan kaula,  
naros kumaha sababna,  
ku jisim kuring katingal aya kangjeng Rosululloh.
- (13) Jeung sadaya sohabatna,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
éta sakabéh nyata,  
nyawa-nyawa sami// dongkap,  
Pangéran nu leuwih mulya,  
geus nulungan ka andika,  
jeung kanu lian-lian nu dilélér kakuatan.
- (14) Bukti bisa katingalan nyawa,  
katingali rupa jasad,  
dalilna téh hadis mi'raj,  
kaula pok deui unjukan,  
kumaha tuan sababna,  
jadi leutik katingalan,  
salin rupa saharita,  
jadi gedé rupa tuan.
- (15) Mugi tuan mopoyanan,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,

sabab Yang Sukma nu Mulya,  
taljali qolbu kaula nu awal jeung sifat jalal,  
hanteu kongang di manusa anging mun ditulungan,  
ku yang sukma anu mulya.

(16) Anu matak rék digubrag,  
jadi leutik awak kaula,  
tina sabab teu kawawa,  
sajalina sifat jalal,  
lamun kula teu dicandak,  
kujeng nabi Rosululloh,  
geus tangtu rag-rag ti gubrag,  
jeung deui nu matak kula.

(17) Jadi gedé awak kula,  
tajalina sifat jamal,  
ka jero qolbu kaula,  
serta ningal// musahadat,  
kula banget suka bungah,  
jadi gedé awak kula,  
kaya dawuhan yang Sukma,  
nu kocap dijero quran.

75

(18) Wadalika padlullohi yu'tihi mayyasa u wallohu dul fadlill'adim.

(19) Ari tegesna téh éta kaleuwihan ti pangéran,  
masihkeunana Pangéran,  
ka saha baé jalema,  
anu dikersakeun tiba,  
gusti Alloh nu kagungan kaleuwihan nu utama gentos Kinanti pupuhna.

## **XIX KINANTI**

(1) Hikayat anu dicatur,  
ka salapan belas ka warti,  
carios Syéh Abdul Wahab,  
putrana Syéh Abdul Qodir,  
éta kieu cariosna,  
rama kula Syéh Muhiddin.

(2) Lawasna ramana dicatur,  
kempelan jeung para alim,  
dina luhur paimbaran,  
opat puluh tahun bukti,  
awit hijrah Rosululloh,

lima ratus tahun leuwih.

- (3) Dua puluh hijrah punjul,  
dongkap ka hijrah jeung nabi,  
lima ratus jeung sawidak,  
jeung salawas marukna ngaji, //  
mituturan mituahan,  
ka sadaya murid-murid.
- (4) Meunang tilu puluh tahun,  
punjul tilu anu bukti,  
awit hijrah nu di étang,  
lima ratus eujeung deuih,  
dua puluh jeung dalapan,  
jeung rama Syéh Muhiddin.
- (5) Geus ngadamel hiji buku,  
catetan sadaya murid,  
nu geus lebet ka madrasah,  
aya opat ratus murid,  
tapi anu loba-loba,  
hanteu dicatet ditulis.
- (6) Jeung saban-saban keur muruk,  
ku kaula katingali,  
dina luhur awang-awang,  
ngungkulan ka murid-murid,  
lobana sapirang-pirang,  
bérés ngajajar caralik.
- (7) Eujeung lakuna salaku,  
kabéh lampah murid-murid,  
eujeung saban dideuheusan,  
rama kula Syéh Muhiddin,  
ku sadaya sohabatna,  
pasti aya anu mati.
- (8) Dua atawana tilu,  
bawaning hébat ningali,  
tina kaagunganana,  
karamat Syéh Abdul Qodir,  
anu kasukana kana Alloh,  
taala nunu Maha Suci.
- (9) Hikayat kadua puluh,  
carios ti Syéh Solih,

Abu Hasan Ali//wasta,  
putra Muhammad Bagdadi,  
éta kieu caritana,  
hiiji peuting kula ngimpi.

- (10)Nuju hijrah lima ratus,  
lima puluh tahun yakti,  
mangsa kula eukeur budak,  
kula téh ngimpi ningali,  
ka bangawan nabi Isa,  
caina sarupa getih.
- (11)Getih jeung nanah pacampur,  
jeung laukna katingali,  
babakaur eujeungoray,  
langgir eujeung kalajengking,  
tina cai barijilan,  
kula ningal langkung ajrih.
- (12)Tuluy kula lumpat kabur,  
muru ka imah dék ngungsi,  
lawang imah katingalan,  
mendet sertana disousi,  
katingal jandéla muka,  
kula muru geusig-geusig.
- (13)Ka dinya dék jalan asup,  
aya kepet katingali,  
disodorkeun ka kaula,  
ti jero imah ngalahir,  
nu nyekel kepet éta,  
pokna masing gesig-gesig.
- (14)Manéh muntang masing kukuh,  
jawab kula ieu leutik,  
hamo kuat dipuntangan,  
nu segel genep ngalahir,  
kepet kula leuwih kuat,  
mengku kana iman tauhid.//
- (15)Sanggeus kitu kula tuluy,  
nyekel tungtung kepet geusig,  
kula henteu boga rasa,  
bet geus diuk dina katil,  
nu aya dijero imah,  
jeung aya jalma keur calik.

(16)Tatapi kula teu ma'lum,  
pikir kula geus teu risi,  
tuluy naros sarta sumpah demi pangéran sajati,  
gambaran anu timana,  
nu calik ngalawan aris.

(17)Kami ieu nabi Rosul,  
utusan Yang Sukma Jati,  
tuluy ngageter kaula,  
jeung tungkul bawaning ajrih,  
tidinya tuluy unjukan,  
hé gusti pamgi-mugi.

(18)Pangdu'akeun ka Yang Agung,  
jisim abdi mugi-mugi,  
mati serta kitab tuan,  
jeung torékat tuan deui,  
kangjeng nabi ngawalonan,  
heug didu'akeun ku kami.

(19)Tapi manéh kudu guru,  
ka Abdul Qodir Jilani,  
tilu kali nya unjukan,  
kula ka nabi sinelir,  
tapi pageuh ngandika,  
éta saur cara tadi.

(20)Sanggeus lilir kula tuluy,  
ka bapa carita ngimpi,  
jeung ka ahli sadayana,  
ditutur taya//nu kari,  
waktu subuh tuluy solat,  
sabada solat tarapti.

(21)Bapa diajakan munjung,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
gancangna bral kaula mangkat,  
ngiringkeun bapa pandeuri,  
ngajugjug ka nagri Bagdad,  
ka sondong Syéh Abdul Qodir.

(22)Keur magelaran barhimpun,  
pepek sadayana murid,  
éta sami ngaos sadaya,  
ku kaula katingali,

taya peta ngadeuheusan,  
tina pinuh heurin usik.

(23)Tuluy jeung bapa dariuk,  
dinu singkur sarta buni,  
taya peta kauninga,  
ku Syéh Muhiddin Jilani,  
keur muruk kandel sakedap,  
ka sohabat seug ngalahir.

(24)Aya tatamu diditu,  
duaan jalma lalaki,  
sina kadarieu geuwat,  
kaula jeung bapa arindit,  
dibawa ka piwarangan,  
disaur ku Syéh Muhiddin.

(25)Barang ka madrosah cunduk,  
tina bawaning ku heurin,  
kula diluhur dipayang,  
pataryama piligenti,  
pada mundak kana tak-tak,  
kula jeung bapa geus tepi.

(26)Dipayuneun//Syéh dariuk,  
tuan Syéh lajeng ngadahir,  
mariksa ka bapa kula,  
anjeun anu matak sumping,  
tangtu aya nu miwarang,  
bapa lajeng dipasalin.

80

(27)Dipasihan jubah alus,  
anggoan syéh-syéh Abdul Qodir,  
eujeung dastar nu anggoan,  
alusna kaliwat saking,  
dicuplak tina mastaka,  
seug dianggoan sakali,

(28)Raksukan jubah nyakitu,  
dianggo tapi ta bilik,  
rék dibalikeun ku bapa,  
hiji sohabat ngalahir,  
mangké baé geus bubar,an,  
saé dibalikeun deui.

(29)Bapa kaula teu tulus,

malikeun jubah na bilik,  
tuluy tetep deui sila,  
di payuneun Syéh Muhiddin,  
kersa Allah éta jubah,  
teu kanyahoan geus balik.

## XX DURMA

(1) Sakalangkung hebatna kula ningalan,  
bapa kaula teu éling,  
ka lenger kapaéhan,  
tina heran ningalan,  
karomat Syéh Muhiddin,  
para sohabat,  
obah sami ngajait,

(2) Syéh Muhiddin nimbalan ka sohabatna, //  
ieu dua jalmi,  
kaditu barawa,  
asupkeun ka jero kubah,  
kula jeung bapa arindit,  
nyaur gancangna,  
ka jero kubah geus manjing.

81

(3) Di dinya téh pirang-pirang auliya,  
jeung Rijalulgoibi,  
keur pada wiridan,  
barang keur kula didinya,  
jol Syéh Abdul Qodir sumping,  
serta ngandika,  
hé Abu Hasan Solih.

(4) Saenyana nu matak andika dongkap,  
piwrang ku kanjeung nabi,  
utusan Gusti Allah,  
anu matak manéh dongkap,  
manéh bagja temen diri,  
bisa patepang,  
bagja jalma nu papanggih.

(5) Cég kumaha lamun teu boga karomat,  
padahal idina nabi,  
tuan Syéh pék nyerat,  
rohmat jinimat Bismilah,  
engeus tarapti ngalahir,

hé ieu tampa,  
sing hadé-hadé pusti-pusti.

(6)Mun teu nyaho ieu téh jadi karomat,  
top ku kula ditampi,  
tulisan Bismilah,  
pastilah eunggeus katampi,  
pasihan Syéh Abdul Qodir,  
ganti carita,  
nyaturkeun nu//sejen deui.

82

(7)Hikayat salikur nu dicarita  
ti Syéh Daud kakasih,  
bangsa urang Bagdad,  
Syéh Ali anu puputra,  
lahiran kula ka warti bareto kula,  
eukeur saré ti peuting.

(8)Nuju hijrah kanjeng Rosulullah,  
lima ratus jeung deui,  
punjulna éta aya,  
tujuh puluh dalapan,  
keur sari kula ngimpi,  
ngimpi tepangan,  
jeung Syéh Marupul Karhi.

(9)Kaimpina Syéh Maruf eukeur kumpulan,  
jeung sadaya murid-murid,  
serta keur micara,  
sifating Allah ta'ala ka kaula Syéh Maruf Karhi,  
éta ngadika,  
dina sajeroning ngimpi.

(10)He Syéh Daud ilmu andika pék dadar,  
sakur anu geus kapanggih,  
supaya ku kula,  
didongkapkeun ka Allah,  
cék kaula geus ngamurid,  
kaula geus ngalap,  
ka Syéh Muhiddin Jilani.

(11)Cék Syéh Maruf Hani Daud guru andika,  
panghandapna pribadi,  
sahandapeunana,  
guru anu réa,  
cék kaula demi Allah nu 'Alim,



(12) Pang mulyana euweuh deui sasamana,  
kaula tuluy ngalilir,  
kaget pisan geuwat cengkat,  
janari tuluy iyang,  
dék marek ka Syéh Muhiddin,  
bus ka madrasah,  
didinya kaula cicing.

(13) Syéh Muhiddin aya di jero bumina,  
kakaula pok ngalahir,  
halét teu acan tepang,  
kieu ngandikana,  
hé Daud poma sing sidik,  
guru ngandika,  
éta euweuh anu sami.

(14) Geura dadar sakabéh ilmu andika,  
tangtu mangké ku kami,  
didongkapkeun pisan,  
ka Pangeran anu Mulya,  
kula kaget liwat saking,  
demi pangeran,  
anu sifat Rohman Rohim.

(15) Hateu beja cacarita kanu lian,  
Syéh ngalahir deui,  
hé Syéh Daud poma,  
nu muruk téa,  
kukuhan sing ati-ati,  
ganti carita,  
Kasmaran anu ngaganti.

## XXI ASMARAN

(1) Hikayat anu kawarti,  
nu kadua puluh dua,  
Imam Hapid nu nyarios,  
putra Syéh Muhiddin//mashur,  
éta kieu caritana.

(2) Rama kula wawarti,  
nya éta Syéh Abdul Rojak,  
kieu pangandikana téh,

bareto di bulan Sa'ban,  
tujuh tanggal harita,  
hijrah nabi lima ratus,  
jeung lima puluh punjulna.

- (3) Dina malem rebo peuting,  
rama kula pok nimbalan,  
ka ibu kula sasajen,  
teugeusna téh olah-olah,  
ibu kula seug popolah,  
nyangu liwet geus putus,  
eujeung warna papasakan.
- (4) Pek diambeungkeun sakali,  
ku alketif diamparan,  
di tengah bumi geus bérés,  
ku ibu tuluy ditilar,  
ébog ka pakuleuman,  
eukeur téngah pating jebul,  
aya nu dating duaan.
- (5) Asupna ngabedah bilik,  
teu aya tata upama,  
ambeungan didahar baé,  
seep ku jalma duaan,  
saeunggeus dahar nyaringkah,  
rama kula ngadawuh,  
tina jero pajuran.
- (6) Abdul Rojak anak aing,  
manéh geuwat néda du'a,  
susul masing téréh,  
éta jalma nu duaan,  
seug kula// gancang kaluar,  
di tengah latar kasusul,  
éta jalma paningkahna.
- (7) Cara peta laku eujin,  
tuluy kula menta du'a,  
nu dua jalma ngawalon,  
menta du'a ka kaula,  
pangsakieu kaula pangdu'a dimakbul,  
berkahna rama andika.
- (8) Tuluy musna éta jalma,  
waktu subuh bada solat,

kaula patepang prok,  
jeung Syéh Ali Waliyulloh,  
wasta Haéti ramana,  
tuly ku kula dicatur,  
nu ti peuting dua jalma.

- (9) Tuluy nganika Syéh Ali,  
Éh ayeuna Syéh Durojak,  
sohabat rama sakabeh,  
nu geus dipasih hirkat,  
éta téh sapirang-pirang,  
kaula teu bias ngitung,  
teu terang hiji-hiji.
- (10) Ngan éta anu ti peuting,  
nu geus dipasih hirkat,  
éta mah tangtuna téh,  
nu dipasih hirkat dastar,  
éta nu geus diangkat,  
Rijalulgoibi tangtu,  
Eujeung saha-saha jalma.
- (11) Kurama geus dipaparin,  
hirkat serta didadastaran, //  
éta jalma tangtu baé,  
pada kagungan karamat,  
kamulyaan ti Pangeran,  
piwurukna rama makbul,  
hiji jalma nyubandanan.
- (12) Kana tujuh puluh jalmi,  
jeung ama téh kapendakna,  
lain poé hiji baé,  
maparinan pajimatan,  
hirkat ka sohabatna,  
nu matak heunteu ka itung,  
méh saban poé kapendak.
- (13) Hikayat anu kawarti,  
anu katilu likurna,  
Syéh Kudwah anu nyarios,  
putra Syéh Hasan wastana,  
tan kieu éta saurna,  
kula geus nguping pitutur,  
Syéh Idi anu mopoyan.

- (14) Syéh Idi putra Haéti,  
éta kieu caritana,  
dina mangsa hiji bareto,  
kula ngiring sasarengan,  
jeung Syéh Muhiddin Jilan,  
sumeja jiarah munjung,  
nya éta ka pakuburan.
- (15) Ka makam Syéh Ma'rif Karhi,  
anu geus kaimpi téa,  
ku Syéh Daud geus kaimpen,  
ngasorkeun ngahandap-handap,  
ka Syéh Muhiddin Jilan,  
mangga ayeuna dicatur,  
Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (16) Ka pakuburan//geus sumping ,  
serta lajeung uluk salam,  
jeung lajeung ngandika baé,  
hé Syéh Ma'rif nyasampean,  
nu geus kaimpi téa,  
ku murid-murid Syéh Daud,  
yaktosna martabat tuwan.
- (17) Luhur kula éta leuwih,  
kacék sapangkat luhurna,  
sanggeus kitu mulih,  
barang engeus lawas-lawas,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
jiarah deui ka kubur,  
sarengna deui kaula.
- (18) Kamakam Syéh Mar'uf Karhi,  
sasumpingna uluk salam,  
bari eujeung nyahur baé,  
nya Syéh Mar'uf,  
tuwan sahandapeun kula,  
kula di pangkat luhur,  
leuwih dua pangkat pisan.
- (19) Gumeder ramé kakuping,  
jawab wa'alaikum salam,  
nu di kubur jawab kabéh,  
ya Sayidi tuwan nyata,  
dina mangsa ayeuna,  
tuwan anu leuwih luhur,

heunteu aya sasamana.

(20) Ngandika Syéh Abdul Qodir,  
kula eunggeus dipasih  
damelna sakabéh  
pasirsarawuh jeung lebak  
geus//masrahkeun gusti Allah,  
aajagat kabéh gunung,  
daratan eujeung lautan.

88

(21) Ti masrik nepi ka magrib,  
dipasrahkeun ka kula,  
anu rohman anu remen,  
kabéh para wali,  
kabawah paréntah,  
ka kawula pada sujud,  
digentos ku Dangdanggula.

## **XXII DANGDANGGULA**

- (1) Hikayat kawapat likur deui,  
tiwas Buhana jeung Muhamad,  
Abdul Latif ramana téh,  
Abdul Latif dicatur,  
putra tos hiji bangsa sanés,  
aya kieu lahirna,  
kawula geus ngadangu,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
kapara maha baya sami,  
nuju kempelan sadaya.
- (2) Geus lahir Syéh Abdul Qodir,  
demi pangersa Allah anu Mulya,  
ngan murid kula sakabéh,  
rama jeung teguh tuhu,  
sing nyasat ulah saka ati,  
kabéh guru ka kaula,  
agama jeung kukuh,  
kula ngan derma sabarna,  
ngalampahkeun tembalna nu Maha Suci,  
serta jangjina pasini.
- (3) Nu matak ulah saka ati,  
ngalakawut sapiwuruk// kula-kula,  
murid-murid kula kaéh,

89

anu ngasto teguh tuhu,  
seperti jalma nu lali,  
tegesna ngabunuh,  
ngabedil atawa témbak,  
tujuan anu diseja ku ati,  
tapi keuna kana jalma.

(4) Kungsi mati jalma nu kabedil,  
éta jalma nu ngabedil sanés,  
hukumna beresih baé,  
marukana saban lukut,  
henteu seja maéhan jalmi,  
ngan wajib pedah dina pakih mashur,  
anu wajib pidyah téh,  
sakabéhna ahli-ahli waris,  
anu maéhan téa.

(5) Misil murid kula kitu deui,  
lamun aya anu lulupusna,  
dosana ditanggung baé,  
kula anu nanggung,  
disuhunkeun ka Robul Alamin,  
dileungitkeun dosana,  
eujeung saha-saha anu,  
sok mang-mang atina,  
ayeuna basana masihan bapa pribadi,  
eujeung ilang agamana.

(6) Lian murid pon kitu deui,  
misil kula pedang pang seukeutna,  
serta matih matak paéh,  
jeung caangkeun kula laum,  
lamun hanteu maké kadali,  
sakabéh tingkah jelema,  
ku kula// dibesut,  
polah di imah-imahna,  
keretegna éta katingali,  
jalma samalan dunya.

(7) Ku kaula kabéh katingali,  
saperti ningali wawadah gedah,  
kabéh polahna katangén,  
mun didadar geus tangtu,  
dina sebut hiji-hiji,  
saperti kulakna Nabiullah Yusuf,  
ngabuka kabéh rasiah,

ari kula ngadadar kitu teu idin,  
pageuh dikadalian.

- (8) Anging ngilmu anu sungkil-sungkil anu samar kabéh di wejang,  
supaya pada nyarahoho,  
jeung dalilna disebut,  
ngalap tina Qur'anul adim,  
kitu éta saurna,  
Syéh Muhiddin mashur,  
eujeung deui karamatna pirang-pirang mun kabéh ditulis,  
genti deui caritana.

### XXIII KINANTI

- (1) Hikayat anu dicatur,  
nu ka salawéna deui,  
ti Syéh Umar putra Kéman,  
sarengna ti Syéh Bajaji,  
dua Syéh meunang carita,  
tii putra Syéh Muhiddin.

- (2) Syéh Abdul Rojak disebut sareng Syéh Abdul Wahab,  
éta kieu pilahirna,  
rama kula // Syéh Muhiddin,  
baréto eunggeus popoyan,  
kieu lahirna ka warti.

91

- (3) Rama méméh solat Duhur,  
genep belas tanggal sasih,  
nuju di poé Salasa,  
lima ratus hijrah Nabi,  
salikur tahun punjulan,  
ama ningali kanjeng Nabi.

- (4) Linggih di madrasah luhur,  
ama ningali langkung ajrih,  
lajeng ka ama mariksa,  
putu aing Abdul Qodir,  
namanéh teu cacarita,  
omong-omongn jeung jalmi.

- (5) Ama nyanggakeun piunjuk,  
sumuhun parios Gusti,  
saréh abdi bangsa Azam,  
lisan kasar hanteu pasih,  
sadayana urang Bagdad,

lisan teu paséhat sami.

(6)Abdi isin liwat langkung,  
mun ngomong saréh teu pasih,  
kanjeng Nabi ngandika,  
kieu Ki Abdul Qodir,  
ama marek ngadeukeutan,  
ngadauhan kangjeng Nabi.

(7)Cing manéh tanggah kaluhur,  
cangkem ngangahkeun ka kami,  
ama nurut ka timbalan,  
pék ngaludahan jeung Nabi,  
tujuh kali ngaludahan,  
nabi bari//ngaos dalil.

93

(8)Wada'u Illa Sabili Robika,  
Wamao idotilhasanati ∞  
hartina dalil disebut,  
manéh ajak-ajak misti,  
kasakabéh manusa,  
kana jalan pangabakti,  
ulah pisan tinggal ngajak,  
ulah tinggal beurang peuting.

(9)Kana pituduh nu alus téh kitu maksudna dalil,  
sanggeus tutuluy ama,  
solat Duhur geus parapti,  
barang saparantos solat béh pirang-pirang jalmi.

(10)Sapirang-pirang ngagadunduk,  
serta aya Said Ali,  
nyanding kana paimbaran,  
rama risi gék barpikir,  
Sayid Ali pok nembalan,  
anak ama Abdul Qodir.

(11)Naha manéh hanteu purun carita jeung pada jalmi,  
ama unjukan miteurang,  
abdi isin liwat sakin,  
réh lisan kirang paséhat,  
ngandika baginda Ali.

(12)Jeung coba ngangahkeun sungut,  
dék diludahan ku kami,  
ama turun tuluy ngangah,



ngaludahan Sayid Ali,  
genep kali ngaludahna,  
ama unjukan mantur ta'dim.

(13)Naha tuan// henteu tujuh,  
ngaludahan ka simkuring,  
gusti Ali seug ngajawab tina saban hurmat kami,  
teu kaduga nyaruaan ka kangjeng Nabi sahiji.

93

(14)Sayid Ali sanggeus kitu,  
les musna teu katingali,  
pikir ama langkung jembar,  
silem kasagara ilmi,  
nyokotan sosoca éndah,  
mangri'pat ka Maha Suci.

(15)Dibawa bijil ka luhur sosoca mangri'pat adi,  
darapon teu kauninga,  
tina lisan ama bijil,  
jadi juru basa manéh,  
hayu geura pada meuli.

(16)Hargana mahal ka langkung,  
pameulina pangbakti,  
ka Pangéran nu kawasa,  
eujeung ku laku anu becik,  
kieu dina éta Qur'an,  
dawuhanna Yang Widi.

(17)Pibuyuti adinallahu anyudkaropihasmuhu ∞  
tegesna Gusti Yang Agung,  
eunggeus maparinan idina,  
dina pirang-pirang imah,  
éta diluhurkeun sami,  
jeung disebut asma Allah,  
dina imah pada muji.

(18)Rama ngaduakeun kitu,  
kasadaya murid-murid,  
dina luhur pangimbaran,  
hikayat ieu lastari,  
ayeuna genti carita,//  
pupuhna gentos ku Mijil.

94

- (1) Hikayat ka genep likur deui,  
anu kacarios,  
Syéh Abdulloh jenenganana téh,  
jeung putra pun Ganaim,  
bangsana Ajhari,  
Syéh Ganaim sahur.
- (2) Anu puputra Mupahir Huseni,  
nu di Bagdad mangkon,  
éta kieu pangandikana téh,  
hiji mangsa kula hadir,  
jeung sadaya murid,  
pirang-pirang kumpul.
- (3) Panghareupna deukeut kana korsi,  
hempak kabéh mando,  
sami marek ka guru sakabéh,  
énya éta Syéh Abdul Qodir,  
kula jeung Syéh Ali,  
payuneun tarungkul.
- (4) Pamurukan jejel pisan heurin,  
euweuh anu towong,  
tina pinuh kaburuan kabéh,  
kira aya salaksa murid,  
harita nu hadir,  
ngadeuheus ka guru.
- (5) Pangpayunna Syéh Ali bin Haeti,  
sila bari mando Syéh Muhiddin miwarang rarépéh,  
ulah ngomong sakabéh caricing,  
jep euweuh nu muni,  
taya nu ngadawuh.
- (6) Ngan ambekan anu ka kuping,  
kaluar ka jero, //  
sama ajrih taya nu lemék,  
lajeng lungsur Syéh Muhiddin ka payuneun Syéh Ali,  
mando hurmat tungkul.
- (7) Lila-lila Syéh Ali ngalilir,  
cengkat tina mando,  
Syéh Muhiddin unggah deui,  
kana mimbar calik deui,  
tuluy ka Syéh Ali,

ngadawuh tiluhur.

- (8) Bieu basa saré keur saré Syéh Ali,  
ku kaula ka témbong,  
kangjeng Nabi panutan sakabéh,  
ka sampéan ngawangsit kumaha éta sidik,  
Syéh Ali ngawangsul.
- (9) Éta yaktos basa saré ngimpi,  
sim kuring pasondong jeung utusan Yang Sukma janggélék,  
pok ngandika deui Syéh Muhiddin,  
kula tina ajrih,  
anu matak turun.
- (10) Enya éta ngahurmat jeung nabi,  
utusan Yang Manon,  
coba geura carioskeun baé,  
kumaha tadi timbalan nabi,  
unjukana Syéh Ali,  
dawuhan jeung Rosul.
- (11) Jisim abdi diwuruk ku Nabi,  
kudu mantep ngesto ka gamparan,  
ngaguru sing antek sawurukna ulah pisan lali,  
salawasna//hirup,  
puntangan sing kukuh.
- (12) Sadayana sakur nu ningali,  
sami pada beungong,  
serta pada naros kabéh,  
ka Syéh Ali yén istu ngimpi,  
jawabna Syéh Ali ,  
kula ngimpi istu.
- (13) Salahiran Sayid Abdul Qadir,  
éta téh sayaktos,  
henteu hilap yén kula ngimpén,  
katingali ku Syéh Muhiddin,  
ku paningal galih,  
nu samar kama'lum.
- (14) Tina saban kangjeng Syéh Muhiddin,  
kabuka molongpong,  
auliya agung ngungkulan nu séjén,  
sami beungong sakur nu nguping,  
harita nu mati,

aya jalma tujuh.

(15)Nu sawaréh aya nu geus balik,  
di imahna maot.  
tina liwat langkung kagét,  
ningal karamat Syéh Abdul Qadir,  
jeung lain sakali,  
aya anu pupus,

(16)Saban-saban kempelan geus pasti,  
aya anu maot,  
hiji dua tilu anu paéh,  
eyeuna dicatur,  
jeungna diganti,  
pupuhna ku Pangkur.

## **XXV PANGKUR//**

97

(1)Hikayat nu di carita,  
nu kadua puluh tujuh deui,  
nu nyarita Sayid tilu,  
hiji Syéh Abdul Rojak,  
nu kadua Syéh Abdul Wahab disebut,  
Syéh Ibrahim katiluna,  
kabéh putra Syéh Muhiddin.

(2)Syéh menang deui nyarita,  
ti jenengan ka telah Syéh Baraji nami,  
kieu lahiran dicatur,  
baréto eukeur hijrah,  
Kangjeng nabi lima ratus lima puluh,  
kula tumut megelar,  
marek ka Syéh Abdul Qodir.

(3)Nu ngadeuheus pirang-pirang,  
Syéh Muhiddin harita katingali,  
ngersakeun tuang cisuus,  
keur kitu téh tuluy pana,  
lila pisan pana henteu émut-émut,  
sanggeus éling pok ngandika,  
kasadayana nu hadir.

(4)Waktu ieu pikir kula,  
dibukakeun kana ngilmu laduni lawang ngilmu tujuh puluh,  
hiji-hiji lawang,  
leuwing jembar sarua kabéh nyakitu,

dikira-kira jembarna,  
nagara bumi jeung langit.

(5)Kitu Syéh pangandikana,  
keur harita pirang-pirang para 'alim,  
sakur nu has-has mashur,  
sami bengongng sadayana.  
nguping lahir Syéh Abdul//Qodir kitu,  
kabéh pada boga nyata,  
saban moal aya deui.

98

(6)Nu kagungan pangandika,  
anu cara lahirna Syéh Abdul Qadir,  
ti awal dongkap kapayan,  
carita ieu geus tamat,  
séjén deui ayeuna anu dinyaur,  
kadua puluh dalapan,  
hikayah nu kawarti.

(7)Kadua puluh delapan,  
ti Syéh Abu Sa'ud katelah nami,  
jeung Syéh Ahmad anu nyahur,  
Tasripaéni bangsana,  
Syéh Hujaémi ramana,  
Syéh Umar jeung Syéh Usman anu nyahur,  
ti Saripéni bangsana,  
kabéh geus pada ngalahir.

(8)Pangéran nu Maha Mulia,  
teu ngersakeun ngadamel sahiji wali,  
nu kawasa sarta panujuh,  
anu loba karamtna,  
lian éta ti Syéh Abdul Qodir punjul,  
karamat cara sosoca,  
permana nu adi-adi.

(9) Diatur diselang-selang,  
dirantékeun ditiiran maké tali,  
tuluy dianggo kangkalung,  
kaula mun karep milang,  
karamatna geus tangtu moal kaitung,  
saban-saban po//é aya,  
jeung deui para Masa'ih.

99

(10)Ngulama nagara Irak,  
nu geus kawentar leuwih alim,

kabéh pada ngaung-ngagung,  
ka Syéh Muhiddin Jilan,  
euweuh pisan anu mahiwal murugul,  
jeung deui ieu nyarita,  
ti Abu Jar kakasih.

(11) Syéh Mahfud anu puputra,  
éta kieu lahirna téh kawarti,  
kula dina hiji waktu,  
kempelan jeung sadayana,  
para syéh ngadereuheus barhimpun,  
ka Syéh Abdul Qadir Jaelani,  
dina luhur mimbar linggih.

(12) Syéh Abdul Qadir ngandika,  
kasadaya dina anu hadir,  
saha-saha anu maksud,  
anu boga paneda,  
kudu pada terang ka kula sing puguh,  
naon baé sakahayang,  
mangké ku kula geus pasti.

(13) Didongkapkeun ka Pangéran,  
nu kawasa anu sipat rohman rohim,  
Syéh Abu Sa'ud pok matur,  
jeung kuring nya paneda,  
hayang kuat tapa salawasna hirup,  
Umar Bajaji nujukeun,  
ari paneda sim kuring.

(14) Hayang jadi ku Pangéran,  
aya deui nu//matur wasta Karsi,  
jisim kuring gaduh maksud,  
hayang mibogaan tingkah,  
ka Pangéran kalakuan wuwuh,  
aya deui nu nujukeun,  
anu jenengna Syéh Jamil.

(15) Sim kuring gaduh kahayang,  
kuwat nitih waktu hiji-hiji,  
Syéh Abu Hapsoh pok matur,  
sim kuring nyapaneda,  
hayang wuwuh ilmu,  
putra Sarsari unjukan,  
ari paneda sim kuring.

- (16) Hayang ulah waka wafat,  
lamun acan jeneng kutub jisim kuring,  
Syéh Abu Barkah pok matur,  
Isa jenenganana,  
putra Ganaim bangsa Bato'ih matur,  
sim kuring gaduh kahayang,  
kerem kana sihing Gusti.
- (17) Syéh Abdul Fatah unjukan,  
ari maksud jisim kuring,  
hayang hapid Qur'an reujeung hadis agung anu boga carita,  
Abu Hér ka Syéh Abdul Qadir matur,  
sim kuring hayang mangripat,  
ka Gusti nu Maha Suci.
- (18) Serta bisa misah-misah,  
kasadaya bangsa robani,  
jeung lianna masing puguh,  
anu ngaran Muhammad,  
Abu Abdillah putra Wajir pok//matur,  
sim kuring gaduh kahayang,  
ngaganti jeneng papatih.
- (19) Putra Haéti Alloh unjukan,  
kuring hayang jadi Syéh guru ngaji,  
ti unggal désa ngaguru,  
putra Soji unjukan,  
kuring pamugi-pamuhi dikobul,  
boga kuring kamuliaan,  
ngandika Syéh Abdul Qodir.
- (20) Kasakabéh nu neneda,  
tangtu pisan ku kula hiji-hiji,  
dipiunjuk ka sang Agung,  
karna Gusti Allah,  
sipat sugih murahan ka mahluk-mahluk,  
bari lajeng ngaos ayat,  
tina Qur'anul adim.
- (21) Kullu nummidu haulai min 'atoi robbika wama kana 'atou robbika mahfuro ∞  
tegesna kami nulungan,  
kasakabéh nu pada neda sami,  
jeung kami seja tutulung,  
ka anu réa-réa,  
ku pasihan Pangéran andika tangtu,  
teu aya halanganana,

pasihan Robbulalamin.

(22)Tah kitu éta maksudna,  
Abu Hér lajeng marioskeun deui,  
demi Pangéran nu Agung,//  
kabé hasil samaksudna,  
geus pinemu henteu aya anu luput diijabah ku Pangéran,  
dipaparin ku Yang Widi.

102

(23)Berkah Syéh Syéh Muhiddin Jilan,  
ngan Syéh Jalil urang bangsa Sarsari,  
anu hayang jadi kutub,  
éta mah teu diijabah,  
saba hanteu kongang aya deui kutub,  
di jero jama harita,  
ngan cumah Syéh Abdul Qadir.

## **XXV DANGDANGGULA**

(1)Hikayat duapuluh deui,  
jeung salapan anu dicarita,  
ti Syéh Sihabuddin sohar,  
wasta Umar di sebut,  
bangsana ti Sahrulwarid,  
kieu papandika,  
ku kula kapangkur,  
geus katungkul ngaji kitab,  
resep pisan ilmu kalam nu diaji,  
jeung batur budak ngora.

(2)Méh sadaya geus hapad diaji,  
kitab éta ku kula kapaham,  
dina masalahna kabeh,  
eukeur kitu jol cunduk,  
paman kaula nyampeurkeun sumping,  
paman ka kawula nyaram,  
geus ulah ka tangkul ngaji kitab ilmu kalam,  
éta kitab teu kanggo// ku paro alim,  
agus heug eureunan.

103

(3)Kula cicing hanjakal téh teung,  
tina sabab resepna kacida,  
serta geus méh hapad kabéh,  
ngomong di jero qolbu,  
moal eureun diajar ngaji,  
tina sieun ku paman,



rék nyumput-nyumput,  
éta kitab piker kula,  
saenggeus kitu ari séjen poé deui,  
paman kawula ngajak.

(4)Umar hayu jeung paman indit,  
urang nyaba jarak munjungan,  
ka Abdul Qadir tua Syéh,  
tidinya kula tuluy,  
lempang ngiring paman pandeuri,  
dina sapanjang jalan,  
hanteu pegata muruk,  
mituturan ka kawula,  
kana laku nu mangpaat dohir batin,  
jeung maca ayat Qur'an.

(5)Yaayuhalladzi na amanu ida najaitumurrosulu pakodimu bainanazmukum sodakota ∞  
carék paman agus éta dalil,  
éta Qur'an pangandik Alloh éta kieu hartina téh,  
masing éling istu,  
kabéh sakur nu pada mu'min,  
tetkala manah seja,  
serta aya maksud ka nabi utusan Alloh,  
méméh manéh unjukan éta ka nabi,  
ati sing//bener pisan.

104

(6)Éta kitu maksudna éta dalil,  
kula leumpang duaan jeung paman,  
gancangan geus dongkap baé,  
jeung ngadeuheusan tuluy,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilani,  
kula pungkureun paman'  
diuk serta tungkul,  
paman kula pok mopoyan,  
unjukan ya Sayidi tuan anu mulya leuwih,  
anu mawi ngadeuheusan.

(7)Seja hatur uninga sim kuring,  
réhna ieu pun alo ki Umar,  
wéléh teu beunang dicarék,  
ngaji kitab katungkul,  
ilmu kalam nu diaji,  
éta sadaya-daya,  
buhun keun diwuruk,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
aéh ki Umar kitab manéh anu di aji éta ti mana.

- (8) Kula matur ka Syéh Abdul Qodir,  
nun sumuhun ti anu asalna,  
kitab anu diaji téh,  
sarengna ti ki anu,  
lajeng tuan Syéh Abdulk Qodir,  
ngusap dada kaula,  
demi Alloh anu,  
mecat ilmu nu geus paham,  
kabéh leungit nu geus hapad tadi,  
taya pisan anu nyangsang.
- (9) Masa Allah lapadna gé lali,  
sumawona muradna mah,  
kawas acan ngaji baé ,  
sakalangkung matak bingung, //  
peteng deudeut rasa ning ati,  
kawasaning Pangéran,  
anu Maha Luhur,  
kula sapada harita,  
dipaparin parbuka ilmu laduni,  
ma'ripat ka Pangéran.
- (10) Kula matur ka Syéh Abdul Qodir,  
ku omongan nu aya hikmahna,  
saréh tina séjén raos,  
séh muhidin ngadawuh,  
manéh Umar tangtu jadi,  
wekasan aulia,  
nu di Irak matuh,  
kitu lahirna ka kaula ,  
Syéh Muhiddin jadi sultan para wali,  
anu ahli kalakuan.
- (11) Hikayat katilu puluh deui,  
ti wasta Syéh Najmudin katelah,  
éta jadi sohabat Syéh,  
Syéh Sihabudin mashur,  
nu geus meunag rahmat Yang Widi,  
Sahrulwardi bangsana,  
Syéh Najmudin nyatur,  
waktu kula keur ujlah,  
jero halwat meunang opat puluh peuting,  
ti dinya kula ningali.

(12) Guru kula Syéh Sihabudin katingali di gunung calikna,  
gédénggeunana katémbong,  
wadah karamata hurung,  
pirang-pirang sosoca adi,  
jeung pirang-pirang jalmana,  
sakuriling gunung,  
guru kula katingalan,  
keur ngulak paramata// adi,  
di bagikeun ka jelema-jelema.

106

(13) Anatapi sosoca adi,  
dina hanteu aya sudana,  
angger cara tadi baé,  
saperti cai sumur,  
hanteu suda di bagi-bagi,  
samalahan anggur tambah,  
katingal kitu,  
sanggeus kitu tuluy kula ,  
tina halwat bijil kaluar los indit,  
ka guru rék nepangan.

(14) Rék naroskeun ka tingali,  
kitu-kitu,  
cara tadi téa,  
barangna kula anggeus jol,  
geus tepangan jeung guru,  
nya éta Syéh Sihabudin,  
kula acan unjukan guru lajeng nyaur,  
héh Najmudin istu baé,  
sakumaha paninggal andika sidik hanteu aya sulayan.

(15) Tina berkah Syéh Abdul Qodir,  
Piwurukna ka awak kaula,  
nu katingal sosoca téh,  
pék ku kula diduum,  
di waridkeun ka murid-murid,  
sarawuh ka andika,  
nya katingal kitu,  
sarupa parmata éndah,  
hanteu suda dihanteum di bagi-bagi samalah anggur tambah.

(16) Ari hakna Yang Sukma Jati,  
nu masihan tulung ka andika,  
jeung ka abdina sakabéh,  
nu di//pilih di tujul,  
di pasihan rahmat di asih,

107

balukarna jadi bagja muluh sarta lurus,  
mulyana dunya ahirat,  
serta keukeul hanteu owah gingsir,  
hanteu kasemaran.

## XXVI ASMARAN

- (1)Nu katilu puluh hiji,  
hikayat nu di carita,  
hiji Syéh anu nyarios,  
nu geus ma'ripat ka Allah,  
wasta Abu Abdillah,  
muhammad jenengan istu,  
Syéh Ahmad éta ramana.
- (2)Kieu lahirna kawarti baréto di hiji mangsa,  
kula nating ngalih enggon,  
ti Balhi pindah ka Bagdad,  
darapon kula tingal ,  
ka Syéh Abdul Qodir mashur harita umur kaula.
- (3)Sumedang ngora birihi,  
keur waktu kula ka bagdad,  
keur di masjid syéh ka sondong,  
nuju sholat barjamaah,  
keur dina waktu Ashar,  
serta loba anu ma'mum,  
anu pada ngiring sholat.
- (4)Saumur kaula hurip,  
nembé harita tepang,  
nya kitun deui tuan Syéh ,  
nemba tepang jeung kaula,  
barang parantosna Sholat,  
ubiyag sami marunjung,  
ka tuan//Syéh sasalaman.
- (5)Henteu aya nu kari,  
kula tumut sasalaman,  
tuan Syéh ningali mencerong,  
bari mesem pok ngandika,  
hé Muhammad bagéa,  
gusti anu Maha Luhur,  
geus uninga ka andika.

- (6) Kamaksud andika tadi,  
sakabéh geus ka uninga,  
kitu pangandik Syéh,  
kula ngomong jéro manah,  
istuning tamba mustajab,  
mungguh ka jalma nu tatu,  
atawa panyakit lisan.
- (7) Saharita kula nangis,  
ngucuran bijil cimata,  
leuwih ajrih ku tuan Syéh,  
ngageter teu puguh rasa,  
taya nu kapi manah,  
cumah Syéh anu gumantung,  
teu emput ka anu lian.
- (8) Leungit taya nu di asih,  
ngan tuan Syéh nu katingal,  
jeung datang pikiran séjén,  
naon-naon paigawéan,  
heunteu aya liana,  
sakabéh ti Alloh wungkul,  
urang teudaya upaya.
- (9) Jadi pikir kula gilig,  
teu nurut nafsu sorangan,  
di hiji peuting keur poék,  
kaula maca wiridan,  
keur kitu jol dongkap,  
aya jalma dua cunduk,  
nu hiji//mawa inuman.
- (10) Ari nu saurang deui,  
nyandak buntelan pakéan,  
nyaur nu nyandak panganggo,  
ieu kami teh sohabat,  
sohabat jeung Rosululloh jenengan kami disebut,  
nu nelah Ali Murtado.
- (11) Rama kaula Abi Tolib,  
ieu nu mawa inuman,  
bisi andika teu nyaho,  
Mukoro bin Malaikat,  
eta inum-inuman,  
baris jalma nu ditujul,  
di asih ku gusti Alloh.

- (12) Pakéan nya kitu deui,  
baris jalma nu di rohma,  
nu di asih ku Yang Manon,  
tuluy kula disalinan,  
ku panganggo candakna,  
Sayid Ali saeunggeus kitu ,  
kula tuluy diinuman.
- (13) Saharita kula salin,  
leuwih padang titinggalan,  
tina cahyana Yang Manon,  
kabéh jagad sabuana,  
tétéla katingalan,  
ti kalér terus ti kidul,  
ti kulon parat ka wétan.
- (14) Jeung kula di buka deuih,  
ku pangawasana Pangéran,  
anu matak bengong haté,  
ningal pirang-pirang maqom,  
séjén-séjén pangkatna,  
aya hiji pangkat punjul,  
anu pang//agung-agung na.
- (15) Kula miris gédar pikir,  
ningali ka éta makom,  
dampal suku ting sorodot,  
tina ewuh pipikiran,  
kabéh ti unggal makom,  
barijil sami ngajugjug,  
darongkap ka éta makom.
- (16) Sami mureleng ningali,  
sadaya nu darongkap,  
pada hormat handap asor,  
ngagungkeun ka éta makom,  
séjén-séjén tandana,  
sadayana cunduk,  
béda-béda darajatna.
- (17) Éta makom katingali,  
leuwih padang cahayana,  
sérab méh teu weléh nénjo,  
sadayana malaikat,  
sakur nu mukoroban,

malaikat kurubiun,  
ruhaniun malikat.

(18) Pada tungkul katingali,  
maradap ka éta makom,  
cara nu ruku tawalo,  
bari muji ka Pangéran,  
bérés pada sopsopan,  
jeung maca tasbéh ngaguruh,  
takdis ténjeh séwang-séwang.

(19) Nyaur sateungah musonip,  
éta makom pangluhurna,  
serta pangna leuwih gedé,  
hanteu aya nu nandingan,  
lian aras Pangéran, //  
kula aweh salam tuluy,  
kanu dina éta makom,  
ti jero makom kakuping,  
aya anu sasauran,  
kabéh abdina Yang Manon,  
moal aya nu bisa dongkap,  
dongakap ka ieu makom,  
anging kaom nu ditujul,  
nu ditarik ku Pangéran.

111

(20) Tina rohmatna diasih,  
atawa nu geus ma'ripat,  
netepan ilmu Yang Manon,  
atawa nu kaparéntah,  
jadi walina Alloh,  
atawa anu geus pengkuh,  
tetep henteu obah-obah.

(21) Énya éta mukorobin,  
anu kaparek ku Alloh,  
éta jalma tangtu condong,  
dongkap kana ieu makom,  
jeung nyaho dijerona,  
bisa nyaritakeun nyebut,  
jumlah jeung pirincina.

(22) Ti awal nepika akhir,  
sawaréh jeung sawaréhna,  
bisa nyaturkeun perlenté,  
kitu cék nu sasauran,

kula cicing sasaat,  
tina serab liwat langkung,  
teu kawerat ningal makom.

- (23) Tidinya kula ditakdir,  
kuat ningal éta makom,  
hanteu kinten matak bengong,  
tapi teu kuat ningali,  
kana jerona makom,  
ayeuna digentos pupuh, //  
Kinanti séjén laguna.

112

## **XXVI KINANTI**

- (1) Sasaat deui teu laju,  
sanggeus kitu dipaparin,  
kawasa bisa ningalan,  
jero makom éta sidik,  
para nabi pirang-pirang,  
jeung sadaya para wali.
- (2) Kangjeng Rosululloh punjul linggih tengah piribadi,  
anu ti gédéngunana,  
Adam jeung nabi Ibrohim,  
Jibril malaikat,  
anu dicaralik di kéri.
- (3) Nabi Musa nabi Enuh,  
jeung Isa Rouhulloh,  
jeung pirang-pirang sohabat,  
katingali didinya sami,  
Abu Bakar Umar Usman,  
eujeung Sayidina Ali.
- (4) Hamzah jeung Abbas nya kitu,  
sadaya sohabat sami,  
kumpul kabéh dina makom,  
jeung sadaya para wali,  
ngaradeg bérés ngajajar jeung pada hébat ningali.
- (5) Pada madep serta khusu,  
ningali ka kanjemg nabi,  
tetep teu aya nu obah,  
upamana para wali,  
ku batuk di areunteupan,



mastakana masing-masing.

- (6) Moal hiber moal mabur,  
dina pada tetep sami,  
ku bawaning tina hébat,  
ningali ka kanjeng//nabi,  
tetep teu aya nu obah,  
para wali sadayana,  
di dinya nu katingali.
- (7) Di jero makom kumpul,  
sami hiji Syéh Ma'rupkarhi,  
jeung Syéh Sirisakti Jabar,  
eujeung Syéh Sahil Tastari,  
eujeung Syéh Jéd di dinya,  
eujeung Syéh Tajul A'rifin.
- (8) Syéh Abdul Wafa disebut,  
jeung aya Syéh Abdul Qodir,  
eujeung Syéh Idi di dinya,  
eujeung Syéh Ahmad Rifai,  
eujeung salian ti dinya,  
loba deui para wali.
- (9) Warodiyallohuanhum,  
sanggeus kitu kula nguping,  
aya sora ngandika,  
sakabéh anu geus dipilih,  
nu ka parek Pangéran,  
tangtu pada kangen sami.
- (10) Pada hayang tetep kumpul,  
ka nabi anu sinelir,  
malaikat mukorobah,  
para rosul para nabi,  
jeung sakabéh aoliya,  
tina makomna barijil.
- (11) Ka makom ieu carunduk,  
kitu cék anu ngalahir,  
sanggeus kitu lila-lila,  
budal sadaya marulih,  
kabéh pada salin rupa,  
cahyana tikel titadi.
- (12) Kabéh pada hurung mancur,

ku sabab pada ningali,//  
 ka kangjeng Rosululloh,  
 séwang-séwangan marulih,  
 muru samakom-makomna,  
 tapi sami-sami mulih.

(13)Pameunteu mulih ka pungkur,  
 ngan heunteu pada ningali,  
 ka makom nu tadi téa,  
 jeung pada ngahurmat ta'dim,  
 ngaran Ropiul alam,  
 éta makom anu tadi.

(14)Nyanggal sadaya laju,  
 sarta kabéh pada muji,  
 ka gusti anu Kawasa,  
 maca ayat kuran sami,  
 kieu ayat anu diwaca,  
 ku sadayana ka kuping.

Sami'na waatho'na robbana wailaikal masir.

(15)Tegesna sami ngadangu,  
 kadeuhsan kangjeng nabi,  
 sim abdi sadayana,  
 seja anut siang wengi,  
 muga tuan ngahampura,  
 sadayana dosa abdi.

(16)Karanten ka tuan tangtu,  
 pada ngungsi abdi-abdi,  
 kitu maksud éta ayat,  
 ti dinya kula nigali,  
 aya kilat ngabarayé,  
 nyamber ka kula pribadi.

(17)Cahya kilat hibar hurung,  
 nu nyamber ka kula tadi,  
 cahya tina ka sucian,  
 nu Agung nu maha Suci,  
 jadi lemes awak kula,  
 terang ningal//hiji-hiji.

(18)Béda-béda karep napsu,  
 nu goréng jeung anu becik,  
 séjén-séjén misah-misah,

kabéh terang katingali,  
tuluy aya deui kilat nu nyamber kaawak deui.

(19)Awak kula jadi bingung,  
lain kasaday teu éling,  
hadé goréng teu uninga,  
taya nu katingali,  
kalér kidul kulon wétan,  
teu uninga buta tuli.

(20)Ngan anu katinggal puguh,  
panangan Syéh Abdul Qodir,  
ngagegem dada kaula,  
jeung sampéanana hiji,  
ditangkeup hanteu papisah,  
babarengan salami-lami.

(21)Angkat-angkatan teu gatun,  
pageuh ku kula di cangking,  
sampéan anu Beulah,  
aya di Bagdad nagari,  
ari enggeus lawas,  
angken tilu taun bukti.

(22)Duanana geus karawu,  
sampean Syéh Abdul Qodir,  
geus katangkep ku kaula,  
serta kula tuluy éling,  
nyaho kidul kalér wétan,  
émutan satadi deui.

(23)Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
Éh anak aing Ki Balhi,  
kami enggeus dipiwarang ku gusti nu maha Suci  
ngabalikeun ka andika,  
kana//wujud manéh nu tadi.

116

(24)Lajeng deui Syéh abdu,  
kayah lampah kula adi,  
dicarios ka kula,  
ti kawit nepi ka ahir,  
hanteu aya nu kaliwat,  
di tétélakeun sahiji-sahiji.

(25)Ing hale acan nunjuk,  
kula ka Syéh Abdul Qodir,

tapi Syéh hanteu kasmaran,  
barang polah kula tadi,  
dipedar hanteu kaliwat,  
najan napsu anu bijil.

(26)Ku tuan Syéh geusan ka maklum,  
tuan Syéh hadani deui,  
kami balih geus neneda,  
ka gusti nu Maha Suci,  
jeung ka Nbi Rosululloh,  
nya neneda tujuh kali.

(27)Mapan bukti nya di makbul,  
manéh dipasihai cai,  
inumman nu kinasihan,  
ku gusti nu murbeng bumi,  
jeung pangrango nu ridona,  
pék kami reread deui.

(28)Meunang tujuh kali tujuh tilu,  
nunuhun ka Robbul jalil,  
jeung ka Nabi Rosululloh,  
sangkan kuat manéh balhi,  
ningali ka éta makom,  
eujeung tuluyna deui.

(29)Naon-naon nu teu simu,  
ku manéh anu kapanggih,  
beunang kami neda-neda,  
ka gusti robbul 'a//lamin,  
sareng ayeuna maranehna,  
geus balik ka solah tadi.

(30)Sakur wajiban anu kantun,  
waktu pana manéhna tadi,  
éta kudu dikodoan komo masih éling,  
carios ieu geus tamat,  
Durma nu sadaya ngaganti.

## **XXVII DURMA**

(1) Hikayat anu ka tilu puluh dua,  
Syéh anu geus arif,  
Syéh Abu Muhammad,  
putrana Banahan,

kieu lahir Syéh Mupriji,  
kula geus mendak,  
sahiji Waliyullah.

(2) Putra Auf Syéh Ato jenenganana,  
bisa angkat dina cai,  
leumpang tapak kangjeng,  
serta leuwih gancang,  
saban Jum'ah sok kapanggih,  
jeung sohabatna,  
sakabéh sami ngiring.

(3) Kula mikir éta kitu lalampahan,  
asa kirang parayogi,  
tangtu kabarenganku ujub riya sum'ah,  
geus kitu kula jung indit,  
rék ngadeheusan,  
marek ka Syéh Muhiddin.

(4) Sanggeus tepang seug kaula unjukan,  
Syéh Mupriji matur ta'dim,  
Syéh A'to kitu lampahna,  
Syéh Abdul Qodir//Jilan,  
mandel teu ngalahir-lahir,  
taya saurna,  
geus dua tilu peuting.

(5) Kaula amit ka tuan Syéh badé mulang,  
ka ngalahir Syéh Abdul Qodir hé Mupriji geuwat,  
manéh ayeuna leumpang,  
kapinggir bangawan cai,  
nu sok diambah,  
ku Syéh Ato sasari.

(6) Pupulihkeun ka cai cék kami poma,  
lamun ngaliwat deui,  
nu ngaran Syéh Ato,  
sarawuh sobatna,  
ulah beunang manéh cai,  
dipaké leumpang,  
timbangan Syéh Muhiddin.

(7) Inya kula kebat baé kabangawan,  
sanggeus datang ka cai,  
sadauhanana,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,

pok ditimbalankeun ka cai,  
ari geus dongkap,  
ka poéna Juma'ah deui.

(8)Éta wali jenengan Syéh Ato téa,  
tuluy barudal deui,  
badé sholat Juma'ah,  
sarowuh sohabatna,  
geus sumping kapinggir cai,  
rék tapak kanjeng,  
cara lampah sasari.

(9)Cai muncul ngadingding ka awang-awang,  
mantak kabéh nu ningali,  
teu ayana saurang,  
nu bisa tapak kanjeng,  
Syéh Ato//tuluy ngalahir,  
ka sohabatna,  
éta tinggahna cai.

119

(10)Anyar datang tarak kitu sasarina,  
ayeuna rempug kami,  
hayu urang tobat ka Syéh Muhiddin Jilan,  
nyaur nu ngaran Ibrohim,  
putra Syéh Ato,  
pirempug jisim kuring.

(11)Montong tobat ka Syéh Muhiddin Jilan,  
saé ka Syéh Mupriji,  
mangga urang tobat,  
énggalna geus rempag,  
tuluy budal sami,  
ngadareheusan,  
tobat ka Syéh Mupriji.

(12)Sanggeus tobat cai ngadadak harita,  
surud cara tadi deui,  
geus kitu Syéh Ato,  
nyabrang tapak kanjeng,  
sohabatna kabéh ngiring,  
rék sholat Juma'ah,  
ka désa bésan tepi.

(13)Saparantos Syéh Ato sholat Juma'ah,  
pék ngadeuheusan deui,  
serta pada hormat,

ngagung-agung sadaya,  
nya éta ka Syéh Mupriji,  
sején carita,  
laguna ku Dangdanggeulis.

## XXVIII DANGDANGGULA

- (1) Hikayat tilu puluh deui,  
punjul tilu//ti Syéh nu ma'ripat, 120  
Abi Umar wastana téh,  
Usman jenengan istu nagarana di Saripaini,  
kieu lahirna Syéh Usman,  
kaula kapungkur,  
kawit boga kalakuan,  
eukeur aya kampungan Saripaini,  
hiji peuting kaula.
- (2) Tuluy turun dug saré pibadi,  
tengah peuting niat ngabungbang,  
tidinya kaula nénjo,  
lima japati ngapung ngaralayang hiber mutir,  
hiji manuk nyawara,  
ku kula kadangu lisanna langkung paséh,  
cara jalma kieu omongna japati,  
maha Suci Pangéran.
- (3) Nu ngadamel ka sadaya jalmi,  
dikeursakeun boga simpenan,  
anu narik kana saé,  
pituduh ka anu alus,  
kitu omong manuk japati,  
anu lian deui nyora,  
lisanna nyakitu,  
paséhat cara jelema,  
kieu pokna héy jalma sakur nu lali,  
ulah ka jongjonan.
- (4) Geura éling kumaula bakti,  
ka Pangéran manéh nu kawasa,  
nu ngampura dosa kabéh,  
kanu tos tobat saistu, 121  
jeung moal murah//maparin,  
pituduh ka nugrahan,  
kitu carék manuk,  
tina kaget serta reuwas tuluy kula kapaéhan hanteu éling barang lilir geus waras.

(5)Dina ati kula geus beureusih,  
sepi tina asih kana dunya,  
kalakuan dunya kabéh,  
dina ati geus suwung,  
taya hiji nu kapiati,  
tuluy jangji ubaya,  
jeung Gusti nu Agung,  
yénu poé isukan kula,  
rék masrahkeun diri ka Syéh Abdul Qodir,  
darapon dituduhan.

(6)Kana jalan ka Gusti Yang Widi,  
isuk-isuk tuluyt kula leumpang,  
indit ngan sorangan baé,  
jeung kaula acan ma'lum,  
acan tepang jeung Syéh Muhiddin,  
kitu deui ka Bagdad,  
kaula acan ma'lum,  
teu teurang lebah-lebahna,  
kula indit ngan nuturkeun kareup ati,  
istu saparan-paran.

(7)Keur di jalan perok kula papanggih,  
jeung hiji Syéh kalangkung berséka,  
tuluy uluk salam baé,  
Assalamuallaikum,//  
héy Ki Umar Saripaini,  
ku kula pok dijawab,  
Wallaikumsalam,  
tina kagét kula sumpah,  
demi Allah Pangéran anu sajati,  
saha jeuneungan Tuan.

(8)Tuan terang ngaran jisim kuring ,  
halé tepang nembéan ayeuna,  
anu ditaros ngawalon,  
amun manéh hanteu ma'lum,  
teurang ka ngaran manéhna,  
réhna dijurungkeun ku anak kami,  
Syéh Abdul Qodir Jilan.

(9)Kieu pokna ama Nabi Hidir,  
weungi tadi aya hiji jalma,  
nu ditarik ku Yang Manon,  
ngaranna Usman disebut,  
nagarana Saripaini,



geus mangadep éta jalma,  
ka Gusti Yang Agung tegesna geus meunang rohmat,  
didawuhkeun Marhaba jeung éta jalmi,  
ka kuping ku kang putra.

(10)Eunggeus jangji ka Robul alamin,  
rék masrahkeun dirina sorangan,  
kanu nuduh jalan hadé,  
cék Syéh Muhiddin kitu,  
caritana tadi ka kami,  
ari ayeuna Usman tuluskeun maksud,  
ka Syéh Abdul Qodir Jaélani,//  
karana éta,  
Waliyullahu leuwih,  
panghuluna auliya.

123

(11)Jaman éta Syéh Muhiddin,  
diparaké kiblat ku sadaya,  
anu pada torék kabéh,  
para masaih anut,  
sami neutepkeun pikir,  
pada sareugeup ngaula,  
sawurukna turut,  
saparéntahna dilakonon,  
Syéh Muhiddin loba karamatna leuwih,  
eukeur kitu kaula.

(12)Éta hanteu pisan-pisan saeutik ,  
ngabogaan kana rasa,  
geus aya di Bagdad baé,  
matak bengong kalangkung,  
serta Nabi Hidil leus leungit,  
musna hanteu ka uninga,  
hanteu tepung-teupung,  
ti harita meunang lawas,  
tepung-tepung sanggeus tujuh tahun bukti,  
tidinya téh kaula.

(13)Tuluy mareuk ka Syéh Abdul Qodir,  
Syéh ngandika kaula marhaban nu ditarik ku Yang Manon,  
lantaran tina manuk,  
éh Usman andika pasti,  
ngabogaan kabencikan,  
anu agung-agung jeung andika tangtu jaga boga,  
hiji murid ngaran Abdul Pani,  
putra Nukotoh nu nelah.

- (14)Tangtu jadi Waliyullah leuwih,  
 ti nu réa//di asih ku Allah,  
 jeung malaikat sakabéh,  
 pada saruka sukur,  
 pada asih ka Syéh Abdul Pani,  
 kitu Syéh pilahirna,  
 sanggeus kitu tuluy,  
 sirah kula didastaran,  
 ku tuan Syéh,  
 panangan ngageupok tiis,  
 lebah embun-embunan.
- (15)Terus nyeureup kana jero ati,  
 Bray ka buka ati awas ningal,  
 ka alam malakut tembong,  
 di jerona ngaguruh,  
 ramé-ramé nu sami muji,  
 ka Gusti anu kawasa,  
 tasnéhna kadangu,  
 béda-béda teu sarua,  
 kitu deui nu maca tahlil jeung takdis,  
 tanjéh sewang-sewanhan.
- (16)Méh teu aya akal kula leungit,  
 tina sabab kula bangeut suka,  
 narimakeun ka tuan Syéh,  
 tuan Syéh nyandak kapuk,  
 beunang nyelub baseuh ku cai,  
 dada kaula diusap,  
 nya éta ku kapuk,  
 ku pangawasana Pangéran,  
 akal teuteup kula cara tadi deui,  
 jeung ilmu tambah-tambah.
- (17)Tuluy kula dipiwarang nyeupi,  
 Cicing dina jeronig halwat,  
 Dipernahkeun ku tuan Syéh,  
 Ka jero halwat asup,  
 kula nyeupi meunang sasasih,  
 demi Allah nu Mulya, //  
 kabéh lampah laku,  
 anu lahir anu samar,  
 waktu dina jero halwat nyepi,  
 ka uninga sadayana.

- (18) Dipilahir taya anu kari,  
najan manggeus baris ka payuna,  
tuan Syéh uninga baé,  
ku Tuan Syéh diteguh,  
jaga kula lamun geus mukim,  
lawasna téh geus aya,  
tilu puluh tahun,  
diolah yén kula boga,  
hiji murid ngaran Abdul Pani,  
jeneng Waliyullah.
- (19) Serta punjul tinu réa wali,  
eta kitu Syéh pangandikana,  
salahiran nyata kabéh,  
barang geus salawé tahun,  
dastar kula ti Syéh Muhiddin,  
sok dibikeun harita ka murid disebut,  
nya éta Abdul Pani téa,  
pék dipaké dastar ku Abdul Pani,  
lima tahun lawasna.
- (20) Jejeg tilu puluh tahun mukim,  
Kersa Alloh Abdul Pani téa,  
jadi Waliyullah sohor,  
salahiran kapungkur,  
Syéh Muhiddin taya nu sisip,  
Waliyullah utama,  
karamatna agung,  
waktu keur ngahadam,  
pék diduruk élmu jeung hukum nu yakin,  
ati pada harita.//
- (21) Leungit susah teu aya hawatir,  
tetep mantep madep ka Yang Sukma,  
jeung dipindah-pindah enggon,  
darajatna beuki luhur,  
ditimbang jeung darajat diri,  
hak na mah dibarengan,  
ku qudrot Yang Agung,  
mahluk teu daya upaya,  
enggeus tamat carita ieu lastari,  
Pangkur ngganti laguna.

- (1) Hikayat tilu puluhna,  
punjul opat éta ti Syéh Qudwati,  
abu Muhamma disebut,  
putrana Syéh Abu Bakar,  
bangsa Yakub Syéh Qudwah geus nyaur,  
kula dina hiji mangsa,  
pék dicandak ku Syéh Ali.
- (2) Putrana Syéh Haétilloh,  
ngadeuheusna ka Syéh Abdul Qodir,  
Jilani,  
Syéh Ali bin Haéti matur,  
mawi abdi ngadeuheusan,  
ngadeuheuskeun ieu abdi gaduh batur,  
lajeung nguculan raksukan,  
jubahna Syéh Abdul Qodir.
- (3) Dipasihkeun ka kaula,  
jeung ngalahir top éta méré kamo,  
raksukan jubah disebut,  
ngaran raksukan waras,  
top di tampa ku kula dipaké tuluy,  
sanggeus kula maké éta,  
raksukan Syéh Abdul Qodir.//
- (4) Sawidak tahun lawasna,  
waras baé hanteu ngarasa gering,  
berkahna leuwih agung,  
sanggeus kitu deui kula,  
jeung Syéh Ali ngadeuheus deui tuluy,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
kula pok unjukna ta'dim.
- (5) Simkuring gaduh paneuda,  
mugi-mugi tuan ngaleler pangango batin,  
Syéh Muhiddin lajeng tungkul,  
ngahandapkeun mastakana,  
bijil cahaya tina mastaka ngageubur,  
nojo ka dada kaula,  
saharita kula salin.
- (6) Leuwih caang titingalan,  
nu dikubur sakabéh ka tingali,  
jeung malaikat nya kitu,  
dina makam-makamna,  
katingali jeung sowarana kadangu,

hiji-hijina malaikat,  
maca tasbéh masing-masing.

(7)Serta awas katingalan,  
tutulisan jalma sahiji,  
aya dina tarang puguh,  
jeung dibukakeun kaula,  
ka sakabéh rasiah nu agung-agung anu yakin leuwih nyata,  
pokna pok ngandika Syéh Muhiddin.

(8)Hen top ku manéh tempatna,  
kami méré éta panganggo kasip,  
tegesna pambuka kolbu,  
Syéh Ali pok unjukan,  
jisim kuring//ajrih liwat-liwat langkung,  
manawi ieu Syéh Kudwah,  
teu kiat temahna jadi.

128

(9)Jadi lali ilang akal,  
tuluy dada kula ku Syéh Muhiddin,  
diusap-usap ku kapuk,  
sakur nu katingalan,  
jeung sora malaikat nu kadangu,  
anggeus salawas-salawasna,  
hanteu owah hanteu gingsir.

(10)Ati kula langkung jembar,  
teu karasa pisan karisih,  
berkah Syéh Muhiddin agung,  
tapi kula baheula,  
waktu budak hanteu acan sampai umur,  
asup ka nagara Bagdad,  
ulin ngan cumah pibadi.

(11)Nembé harita uninga,  
di nagara Bagdad taya sahiji,  
jalama nugeus pada weruh,  
jeung kaula acan terang,  
ka tuan Syéh Muhiddin.

(12)Teu acan ma'lum,  
kula asup ka madrosah,  
sepi hanteu aya jalmi.

(13)Kula ulin di madrosah,  
tuluy kula éta nguping,

di jero bumi nu nyahur,  
pokna hé putra ama,  
Abdu Rojak coba ka Madrosah turun,  
téang di dinya aya saha,  
putra bungsu gasik-gasik.

(14)Lebet ka jero madrosah,  
hanteu//lami abus deui ka bumi,  
ka ramana unjuk hatur,  
sumuhun teu aya jalma,  
among budak saurang kunaon,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
aéh ujang Abdul Rojak.

129

(15)Éta budak téh jagana,  
tangtu boga kamulyaan anu leuwih,  
lajeng Syéh Muhiddin lungsur jeung nyandak kadaharan,  
rupa roti jeung liana dua tilu,  
kula nembéan harita ningali ka Syéh Muhiddin.

(16)Kula ngadeg geugeuwatan,  
tatakarama hurmat ka Syéh Muhiddin,  
ka kula lajeng ngadawuh,  
hé ieu ku manéh dahar,  
ayeuna payuneun kami aing.

(17)Tuluy ku kula di tampa,  
kop didahar payuneun Syéh Muhiddin,  
lajeng Syéh Muhiddin nyaur,  
muga-muga manéhna,  
dipasihan kamulyaan ku nu Agung,  
nu matak kula ayeuna,  
meunang kamulyaan leuwih.

(18)Tina sabab panduana,  
ka kaula Syéh Muhiddin Jilani,  
baréto keur budak lembur,  
carios ieu geus tamat genti deui ayeuna anu dicatur,  
nu ka tilu puluh lima,  
Kasmaran//hikayat deui.

130

### **XXX ASMARAN**

(1)Syéh Gias bin Abdullah,

Abdullah putra Syéh Keman,  
anu kagungan carios,  
urang Erum nagarana,  
kieu saurna Syéh Gias,  
baréto kula ngadangu,  
Syéh Abdul Qodir ngandika.

(2)Kieu lahirna kakuping,  
saha-saha jalma Islam ngaliwat sakali baé,  
ka lawang madrosah kula,  
geus tangtu éta jelema,  
didangankeun ku Yang Agung,  
tina siksa pakuburan.

(3)Jeung didangankeun deui,  
siksaan poé kiamah,  
kitu pangdikana Syéh,  
tuluy aya hiji jalma,  
ka tuan Syéh unjukan,  
urang Bagdad tempa matuh,  
kieu éta pihaturna.

(4)Gaduh bapa jisim kuring,  
tapi ayeuna geus na waktu,  
ku jisim kuring ka impén,  
pun bapa eukeur disiksa,  
dina jero pakuburan,  
ka jisim kuring ngajurung,  
kedah mareksa ka gamparan.

(5)Catur pun bapa kasing geusik,  
ka tuan Syéh neda du'a,  
réh bapa kalangrung repot,  
teu kuat nyandag siksaan,  
kitu sahur //pun bapa,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
kumaha bapa andika.

(6)Eukeur hirup méméh mati,  
enggeus diuk di madrosah,  
tempat kami muruk ngaos,  
atawana hanteu acan,  
lalaki téh unjukan,  
sadayadaya teu langkung,  
sim kuring hanteu uninga.

(7)Lajeng tungkul Syéh Muhiddin,  
kandel baé teu ngandika,  
éta jalma mulang baé,  
isuk-isuk kacarita jol deui ngadeuheusan,  
ka tuan Syéh enggal matur,  
sim kuring hatur uninga.

(8)Wengi tadi ngimpi deui,  
kuring tepang jeung pun bapa,  
panganggona langkung saé,  
diraksukan héjo jubah,  
katawisna sukabungah,  
ka jisim kuring pok nyaur,  
aéh agus anak bapa.

(9)Berkahan Syéh Abdul Qodir,  
ayeuna bapa dileupas,  
tina siksaan Yang Manon,  
malah ieu dipasihana,  
panganggo anu aréndah,  
baju héjo jubah alus,  
ku hal éta wekas bapa.

(10)Agus masing sungguh ati,  
ulah pisan lalawora,  
sing teguh tuhu Yang esto,//  
ka Syéh Muhiddin Jilan,  
nu netepan salawasna,  
saurna pun bapa kitu,  
dén dina sajero mimpina.

132

(11)Sanggeus kitu Syéh Muhiddin,  
ngandika ka sadayana,  
sayaktos Gusti Yang Manon,  
ka kula geus ngadawuhan,  
saha jalma nu Islam,  
nu enggeus ngarasa asup,  
ka jero madrosah kula.

(12)Mangka éta jalma pasti,  
disenangkeun tina siksa,  
carék nu boga carios,  
kaula dihiji mangsa,  
keur hadir ngadeuheusan,  
jeung para sahabat kumpul,  
keur kitu aya nu datang.



(13)Anu darongkap pandeuri,  
sadaya sami unjukan,  
ka tuan Syéh téh nyarios,  
yé n mendak hiji kuburan,  
tapi pakuburan lawas,  
perenahna deket pintu,  
nenggaung anggang ti nu loba.

(14)Ti jero kubur kakuping,  
sasambat anu disiksa,  
jumerit eujeung ngadeungék,  
kadangu ku jalma loba,  
saban poé sasambat,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
kumaha éta jelema.

(15)Eukeurna saméméh mati,  
geus tanpa hirkat ti kula,  
para saha//bat ngawalon,  
sim kuring hanteu uninga,  
Syéh pok deui ngandika,  
kumaha éta geus ma'mum,  
ngiring solat ka kaula.

(16)Sugan aya nu geus manggih,  
para sahabat unjukan,  
sami hanteu terang kabéh,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
jalma anu lalawora,  
ka kula temahna tangtu,  
cilaka matak disiksa.

(17)Lajeng kandel Syéh Muhiddin,  
bari nungkulkeun mastaka,  
para sohabat hébat kabéh lami hanteu cengkat-cengkat,  
kira aya sajam,  
lajeng cengkat pok ngadawuh,  
kaula geus dibéjaan.

(18)Malaikat nu wawarti,  
nyarioskeun éta jalma,  
ku kaula acan dibéré,  
raksukan atawa dastar,  
jeung deui éta jelema,  
acan milu sholat ma'mum,

barjama'ah eujeung kula.

(19) Ngan éta jalma geus panggih,  
Geus nénjo pameunteu kula,  
sarta boga sangka hadé,  
yéén kula jalma utama,  
karana nu hadé sangka,  
kaawak kula geus tangtu,  
dipikaasih ku Alloh.

(20) Kitu lahir Syéh Muhiddin,  
ari ti waktu harita,  
nu lalar liwat//sakabéh,  
kana éta pakuburan,  
teu aya deui sasambat,  
kadangu cara kapungkur,  
ayeuna mah geus hanteu aya.

134

(21) Tina berkah Syéh Muhidin,  
matak ngadangankeun siksa,  
tuluy salawasna répéh,  
teu karungu nu ngocéak,  
salawasna teu aya,  
carita ieu geus putus,  
dilagukeun Dangdanggula.

### **XXXI DANGDANGGULA**

(1) Hikayat tilu puluh deui,  
punjul genep ti Abu Muhammad,  
Abdul Karim wastana téh,  
sarengna ti Syéh Abu Zakaria Yahya kakasih,  
Syéh Yusuf anu puputra,  
jeung deui nu nyatur,  
jenengna Syéh Abu Paroh,  
putrana Syéh Muhammad Basyari,  
jeung ti Syéh Abu Hasan.

(2) Abu Hasan putrana Syéh Idris,  
eujeung ti Syéh Muhammad wastana,  
kabéh geus pada nyarios,  
kaula keur pareng kumpul,  
keur nepangan ka Syéh Kudwati,  
Syéh Idris nu puputra,  
kampung bangsa Yakub,

hijrah kangjeng Rosululloh,  
genep ratus sapuluh hijrah jeung nabi,  
eukeur kitu.

(3)Jol nu diwangkap.

(4)Wasta Syéh Soléh//ma'ruf nu sumping,  
urang nagri Buhurairoh,  
Syéh Soléh lajeng nyarios,  
kada kasadaya anu kumpul,  
kaula keur saré ti peuting,  
ngimpén lebur kiamah,  
kabéh para Rosul,  
kumpul dina tegal Mahsyar,  
golong-golong jeung umatna sami,  
téa nu papisah.

135

(5)Kitu deui sadayana nabi,  
golong-golong sakaum-kaumna,  
jeung kula ningali yaktos,  
ka kangjeng nabi rosul,  
Muhammad nabi sinelir,  
diiring ku umat-umat,  
pirang-pirang kumpul,  
pangloba-lobana umat,  
lir sagara ngayapak,  
teu témbong-témbong sisi,  
angkeub upama mega.

(6)Nu kaparek ngiring kangjeng Nabi,  
sadayana sohabat-sohabat,  
pungkureun sahabat kabéh,  
para imam anu jamhur,  
jeung sadayana para masaih,  
ulama nu geus kocap,  
samuridan kumpul,  
nempat-nempat teu papisah,  
tuluy ningal kagolongan Syéh nu hiji,  
leuwih loba muridna.

(7)Leuwih ti Syéh anu lian deui,  
kula nanya ka jalma nuréya,  
anu ditanya pok ngawalon,  
mun andika teu ma'lum,  
enya éta Syéh Muhiddin, //  
urang nagara Bagdad,

136

kula marek tuluy,  
ka Syéh Muhidin,  
nya tadi tuan katingal,  
ku kuring,  
jeung murid-murid tuan.

- (8)Pangsukana henteu aya deui,  
jeung rupana maloncorong pisan,  
sadaya,  
punjul tinu réa Syéh,  
Syéh Abdul Qodir nyaur,  
ngewalonan ku nadom sair,  
sarta ku basa Arab,  
tétéla karungu,  
ayeuna gé masih hapad,  
éta kieu sair Syéh Muhiddin,  
disajero impina.

Idakanaminassidati'asirotin alahawawaidowal anawuhamaha wain ahbarta illa  
waasbaha saihuhaa wama anharoka illawakana fatahawama duiba bil abrokina haya ha  
faasbahafukoduttori inasiwaha. ∞

Lajeng deui Syéh Soléh ngalahir,  
éta kitu Syéh Muhiddin Jilan,  
sairna di jero impian,  
kawula waktu kapungkur,  
lilir parantos ngimpi,  
teu geuwat-geuwat cengkat,  
hanteu ngémut-émut,  
ngéling-ngéling sair téa,  
saenggeus hapad//kaula cengkat henteu lali,  
Syéh Ali pok ngandika.

137

- (9)Kajemengan Muhammad bin Idris,  
éta alim Ali maca kitab,  
ngama'naan nu harésé,  
saur Syéh Ali kudu,  
dima'naan ayeuna sair,  
sampéan pariga,  
Syéh Muhammad tuluy ngama'naan sair téa,  
éta kieu hartina téh leuwih beucik,  
kabéh sohabat kawula.

- (10)Kawula anu jadi tuduh margi,  
anu nungtun kabéh tutunggangan,  
tur ngajaga bisi méngkol,

pada bener lumaku,  
muru tempat nu jembar leuwih,  
diperenahkeun ditata,  
sadayana batur ,  
dihadorot Yang Wisesa,  
éta gusti anu murbeng bumi,  
masing-masing tempatna.

(11)Eujeung kula ngahawakeun deui,  
ka komna nu lian-lian,  
jeung deui awak kula téh,  
anu enggeus tumut nginum,  
inu-inuman nu leuwih tiis,  
sakabéh pipilihan,  
nu geus pada nginum,  
kabéh sakungkureun kula,  
jeung sakabéh para kutub,  
éta sami kaliwatan ku kaula.

(12)Éta kitu har//tosan téh sair,  
Syéh Muhiddin di jero ngimpina,  
nu ka impi ku Syéh Soléh,  
Syéh Ali lajeng nyaur,  
ka Syéh Soléh nyahur aris,  
éta impian sampéan,  
bagja liwat langkung,  
carita ieu geus tamat,  
séjén cawur jeung laguna diganti,  
nya ieu Asmarandana.

138

### **XXXII ASMARANDANA**

- (1)Hikayat anu kawarti,  
ka tilu puluh tujuh,  
Syéh Ali anu nyarios,  
putrana Syéh Sulaéman,  
ti Buhari bangsana,  
Bagdad nagarana matuh,  
kieu Syéh Ali saurna.
- (2)Kula geus nguping ti lahir,  
Syéh Kudus anu nyarios,  
lahirna kawula baréto,  
geus ngupingkeun pangandika,  
Syéh Abdul Qodir Jalan,

kula keur miring di pawon,  
jeung Syéh Ali sarengan.

(3) Syéh Ali putra Haési,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
kieu pangandikana téh,  
awak kula upamana,  
onta anu panggancangna,  
kuat sarta gedé duhur,  
teu aya tandinganana.

(4) Jeung deui kula upami,  
kuda anu panggancangna,  
kabéh kaliwatan asor  
jeung kula anu meunang//darajat bangsa Sultan,  
Sultan nu leuwih luhur,  
teu aya timbanganana.

139

(5) Jeung ieu carita hiji,  
wasta Syéh Abdul Jabar,  
baréto ibu kula,  
hiji wengi jauh lungsur,  
poék henteu mawa damar.

(6) Angkat ka tempat sahiji,  
béh mendak nu mawa damar,  
damarna lilin moncorong,  
caang saparoh jalan,  
bareng ibu rék mulang,  
ka payun ama méh cunduk,  
damar pareum tuluy musna.

(7) Rama ka ibu ngalahir,  
nyi éta dammar sétan,  
pangnyaangan ka nyai téh,  
séja rék kumawula,  
nu matak jadi sirna,  
sétan hanteu meunang laju,  
pareum kuengkang ditutulak.

(8) Mangké ku engkang diganti,  
damar cahyaning Pangéran,  
balikan nyai sing anték,  
toat ka salira engkang,  
geus tangtu ditulungan,  
ku Pangéran anu Agung,

kitu pangandika ama.

(9) Ari hiji peuting deui,  
ibu lungsur deui angkat,  
keur teu aya bulan poék,  
sumping kana hiji tempat,  
ibu ninggali//cahaya,  
moncorong hurung ngagebul,  
jeung cara aya bulan.

140

(10) Hikayat ieu kiwari,  
ka tilu puluh dalapan,  
hiji Syéh anu nyarios,  
Syéh Abu Muhammad Tolha,  
putrana Syéh Mudopar,  
Syéh Abu Muhammad nyahur,  
kula nguping lahirna.

(11) Pangandika Syéh Muhiddin,  
éta kieu pilahirna,  
kula dina opat poé,  
bareto di nagri Bagdad,  
henteu manggih kadaharan,  
anu istu halal mulus,  
ti dina kula jeung angkat.

(12) Ka patempatan sahiji,  
nu suni,  
ngajugjug nagara Kisro,  
tatapi teu mendak baé,  
kadaharan anu halal,  
seg tuluy kula patepang,  
jeung lalaki tujuh puluh,  
éta kabéh auliya.

(13) Sejana nya kitu deui,  
eukeur pada naréangan,  
kadaharan nu halal yaktos,  
tapi eueuh anu mendak,  
carék pikiran kaula,  
lamun aing téh pacampur,  
babarengan jeung nu loba.

(14) Bawa rasa moal hasil,  
kula indit tuluy mulang,  
di satengah jalan pa//sondong,

141

jeung jelema anu geus loman,  
waktu di desa Jilan barang perak jeung kula sapedung,  
tuluy muni éta jalma.

(15)Mangka candak ieu roti,  
kikintun ibu sampéan,  
cumah hiji tapi gedé,  
tuluy ditampa ku kula,  
sertana tuluy dibeulah,  
anu sabeulah dibungkus,  
sok ditunda disimpenan.

(16)Roti nu saparoh deui,  
tuluy ku kula dibawa,  
daék ka Kisro deui moro,  
roti nu sabeulah téa,  
tuluy dipanjang-panjang,  
ku kula diduum-duum,  
ka nu tujuh puluh téa.

(17)Kabéh walatra kabagi,  
tujuh puluh auliya,  
pada mariksa sakabéh,  
ieu téh roti timana,  
cék kaula mangga hajat,  
roti paparin ti ibu,  
ti dinya kula jig mulang.

(18)Roti nu saparoh deui,  
dibawa mulang ka Bagdad,  
barang datang tuluy baé,  
kula ngumpulkeun ondangan,  
pakir miskin anu dinya,  
roti nu sabeulah tuluy,  
ku kula dipacang-pacbhang.

(19)Kabéh walatra kabagi,  
hanteu aya nu//kaliwat,  
roti nu saparoh séép,  
teu aya pisan tinggalna,  
halé kula hanteu boga,  
kahadaran baris isuk,  
kitu jeung pangnadikana.

(20)Ayeuna hikayat deui,  
ka tilu puluh salapan,



carios ti hiji Syéh wasta Abu Abas Ahmad,  
Syéh Ismail ramana,  
Syéh Abu Abas geus ngaur,  
kula geus sering mendakan.

(21)Ka ka tuan Syéh Abdul Kodir,  
lamun aya nu dongkap,  
ka Syéh Muhiddin babaktos,  
nu ngahaturanan uang,  
atawa emas perak,  
Syéh Muhidin tara purun,  
tara kersaeun ngaragap.

(22)Kula manggih hiji jalma,  
anu datang mawa emas,  
dihaturkeun ka tuan Syéh,  
tuluy tuan Syéh ngandika,  
ka nu éta mawa emas,  
jig ku manéh teundeun tuluy,  
ka handapeun pasujudan.

(23)Eujeung Syéh kagungan abid,  
katelah ngaran Mudopar,  
purah mawa arta lapor,  
mendeuk di deukeut lawang,  
jeung lamun aya nu dongkap,  
mawa kikintun ti ratu,  
panganggo atawa arta.

(24)Tara kersa Syéh Muhiddin,  
ku anjeuna nampanan arta,  
ngan sok// miwarangan baé ,  
ka hiji juru simpena,  
saurna itu rawatan,  
anu nelah disebut,  
juru simpen Abul Falah.

(25)Nya sok rajen Syéh Muhiddin,  
ku anjeun nyandak arta,  
tapi eukeur méré mobah,  
ka pakir-pakir sadaya,  
atawa keur balanja,  
baris olah keur sususguh,  
sok rajeun ku anjeun nyandak.

(26)Sarengna Syéh Abdul Qodir,

geus kagungna kekebonan,  
saban taun sok dianggo,  
pepelakan anu halal,  
tarigu, gamdum, jeung kacang,  
nu purah ngebon ngabaku,  
satengah tina muridna.

(27)Urang Rustaniah nagri,  
saban musim sok diunjal,  
panghasilan tina kebon,  
anu sawaréh muridna,  
purah nipung ngasakan,  
nyieun roti saban isuk,  
opat roti sapoéna.

(28)Atawa lima roti,  
éta ngahaturkeunana,  
sarengna deui tuan Syéh,  
teu kersa tuang nyalira,  
sakabéh sakur nu aya,  
kudu walatra di andum dibagi rata sarua.

(29)Baris anjeunna sabagi,  
sareng tuan//Syéh sok kersa,  
nampi ka nu baktos-baktos,  
nu pupundut,  
katuangan,  
jeung dituang harita,  
serta barjamaah ngariung,  
jeung sadaya sohabatna.

144

(30)Anu ngiring deui pasti,  
ana balik sok dipulang,  
panarima ti tuan Syéh,  
sareng tuan Syéh sok kersa,  
diondang ka nu hajat,  
carios ieu geus nutus,  
Sinom ayeuna tembangna.

### **XXXIII SINOM**

(1)Hikayat opat puluhna,  
ti Syéh Sarif 'Abdulloh,  
Muhammad Hadir ramana,  
kampungang bangsa Hasani,

kieu lahirna Syéh Sarif,  
baréto kula ngadangu,  
pilahir rama kaula,  
mopoyankeun Syéh Muhiddin,  
waktu ama ka tuan Syéh ngadeuheusan.

(2)Nuju dina poé Juma'ah,  
jol datang sudagar hiji,  
serta ngaboroyot uang,  
ngajug-ngajug ka jero masjid,  
matur ka Syéh Muhiddin,  
numawi sim kuring cunduk,  
réh ieu kadu arta,  
seja hajat jisim kuring,  
hajatan sanés hajat wajib zakat.

(3)Tatapi teu acan mendak,  
sadayana fakir miskin,//  
ku sabab éta ayeuna,  
seja pasrah ieu duit,  
sakersa seja ngiring,  
Syéh 'Abdul Qodir ngadawuh,  
mun manéh hajat sunat,  
montong teb dipilih,  
bagi rata ka jalma sakur nu aya.

145

(4)Pakir miskin jeung nu beunghar,  
kabéh sing rata kabagi,  
geus tangtu manéh diganjar,  
ku gusti nu Maha Suci,  
keur harita jol deui,  
hiji pakir anu cunduk,  
nu sanget waduratna,  
matur ka Syéh Abdul Qodir,  
anu mawi kuring marek ka gamparan.

(5)Awit rék nyaba ka peuntas,  
ari geus dongkap ka cai,  
jeung tukang meuntaskeun tepang,  
pok abdi ngomong badami,  
rék milu meuntas kuring,  
tatapi kudu dima'lum,  
teu gaduh eukeur nambangan nu gaduh parahu bengis,  
sanget nulak ka kuring teu meunang meuntas.

(6)Kuring tina margi éta,

kuring sanget nyeri pikir,  
tugenah anu madarat,  
saméméhna tutug pakir,  
unjukana ka Syéh Muhiddin,  
jol deui aya nu cunduk,  
serta mawa buntelan, //  
tilu puluh dinar duit,  
disanggakeun ka Syéh Abdul Qodir Jilan.

146

(7) Syéh Abdul Qodir ngandika,  
top bawa ku manéh pakir,  
duit tilu puluh dinar,  
paké nambangan kabéh duit,  
pupulihkeun cék kami,  
ka jalma tukang parah,  
mun aya deui jelema,  
nu rék meuntas bangsa pakir,  
nu teu boga duit keur baris nambangan.

(8) Kudu daék poma-poma,  
kitu lahir Syéh Muhiddin serta tuluy pakir éta,  
dipasihan jubah hiji,  
weuteuh alus pangaji,  
dua puluh dinar tangtu,  
anu ayeuna hikayat ka opat puluh hiji,  
ti hiji Syéh Abu Qosim wasta Bazaz.

(9) Kieu lahiran Syéh Bazaz,  
geus sering kaula hadir,  
ka tuan Syéh ngadeuheusan,  
sasat méh salami,  
keur mangsa sahiji,  
kula ngadeuheusan tungkul,  
hanteu puguh rarasaan,  
asa ngimpi tapi nyaring,  
tuluy kula ka Syéh Abdul Qodir Jélan.

(10) Syéh Muhiddin katingalan,  
pangrendah-rendahna jalmi,  
jeung//pangsampurna sipatna,  
teu nurut napsu pibadi,  
loma ka pakir miskin,  
mun barangtuang ngariung,  
di tempat pamurukan,  
jeung sémah teu piliganti,  
sobar leukeun muruk ka murid-muridna.

147

- (11) Sar getén tulaténan,  
ka sohabat murid-murid,  
mun euweuh hanteu katingal,  
dipariksakeun ditungtik,  
jeung ngaraksa murid-murid,  
katalikur kaurus,  
eujeung kersa ngampura,  
ka nu luput jalmi-jalmi,  
jeung sok ngandel ka jalma kanu geus sumpah.
- (12) Jeung naip hanteu bumisa,  
nyamarkeun ilmu pirbadi,  
jeung sakur nu ngadeuheusan,  
handap asor wedi asih,  
euweuh hiji jalmi boga rasa mulya luhur,  
ngungkulan darajatna,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
kabéh pada boga rasa handap hina.
- (13) Disa'irkeun basa Arab,  
ku jenengan Syéh Bazazi,  
gentrana saé jeung paséhat,  
matak rurungueun nguping,  
ngalem ka Syéh Muhiddin,  
tina panuju ka guru,  
taya kacawadna,  
kieu sa'irna Syéh Bazazi,  
dituliskeun cara basa urang Arab.
- (14) Alhamd//ulillahi atani jiwaro fata hawal haqeiqotu tana'a wadororu yarfa'u torfu  
'ingdahu mukrimahu minal haya wala bu'to 'ari ∞ 148
- (15) Hartina sa'ir éta,  
ari sakabéhna puji,  
kagungan Alloh ta'ala,  
nu masihan ka sim abdi,  
jadi tatangga jalmi,  
masih anom gedé ilmu,  
kabéh ilmu hakékat,  
kacandak taya nu kirang,  
jeung teu aya hiji jalma anu ningal.
- (15)Ka tatangga abdi téa,  
teu aya nu hanteu isin,  
pada asih pada sabar,

kabéh pada hormat ta'dim,  
rumasa hina dhoif,  
maksudna sa'ir téh kitu,  
carita ieu tamat,  
nyaurkeun nu séjén deui,  
jeung diganti pupuhna Kinanti tembangna.

#### XXXIV KINANTI

(1) Hikayat ka opat puluh,  
jeung punjul dua kawarti,  
ti para masaih loba,  
tapi dicatur ku tulisan,  
ngan hiji anu nyarita,  
Syeh Abdurrohman Topsunji.

(2) Rama Muhammad disebut,  
kieu lahirna kawarti,  
kula nguping pangandika,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
waktu pepepek magelaran, //  
linggih dina luhur korsi.

149

(3) Kieu lahiran kapungkur,  
salira kula upami,  
sahiji manuk galudra,  
gedé luhur taya tanding,  
tegesna para auliya,  
ka kula taya nu nepi.

(4) Jeung sahiji Syéh kacatur,  
wasta Abu Hasan Ali,  
anu puputra Syéh Ahmad,  
jalil kajengna kakasih,  
éta Syéh di hiji mangsa,  
géséh sajero ning galih.

(5) Lajeng ngadeg gura giru,  
nyandak kendi eusi cai,  
urut pangcalikanana,  
pék dibanjuran ku cai,  
kendina tuluy dibuang,  
jeung nyaur aing teu sudi.

(6) Maké deui anu urut,

nu geus dipiceun ku aing,  
harita keur pareng aya,  
wasta Syéh Abdurrohman,  
ningali ka Syéh Abu Hasan,  
kira sajam ditingali.

(7)Ti dinya téh nuluy nyahur,  
ka murid-muridna sami,  
kami teu acan manggihan,  
nu pinuh ku pangabakti,  
nu cara Syéh Abu Hasan,  
kabéh salira teu sepi.

(8)Dina hiji-hiji rambut,  
diareusi pangabakti,  
ka Yang Sukma nu Kawasa,  
Syéh 'Abdurrohman ngalahir,  
nyaur ka Syéh Abu Hasan,  
miwarang ngarawat// kendi.

150

(9)Syéh Abu Hasan ngawangsul,  
salira kami teu sudi,  
malikan nu geus dibuang,  
Syéh Abu Hasan ningali,  
ka luhur ka sawarega,  
pok nyeluk-nyeluk ka rai.

(10)Anu kapungkur geus pupus,  
jenengan Fatimah Dewi,  
pokna nyai kendi engkang,  
kudu gantian ku nyai,  
raina ti sawarega,  
ngageuwat ngalungkeun kendi.

(11)Ku Syéh Abu Hasan tuluy,  
dicandak kendi sawargi,  
meuleungeuk Syéh Abdurrohman,  
wekasan lajeng ngalahir,  
nyaur ka Syéh Abu Hasan,  
saha guru anjeun ngaji.

(12)Syéh Abu Hasan ngawangsul,  
guru kula Syéh Muhiddin,  
éta waliyulloh mulya,  
guruna para masaih Syéh Abdurrohman ngandika,  
ku kula hanteu kakuping.

(13) Guru anjeun nu disebut,  
cumah saluhureun bumi,  
ari salira kaula,  
opat puluh tahun bukti,  
ngancik dina hiji pangkat,  
ngaran Darkatulkudrati.

(14) Dina lawasna sakitu,  
kula medeng teu ningali,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
tuluy Syéh Abdurohman,  
miwarang ka sohabatna// ayeuna kudu arindit.

151

(15) Ka Syéh Muhiddin malatur,  
terangkeun yén awak kami,  
geus ngancik di hiji pangkat,  
opat puluh taun bukti,  
ngaran Darkatulkudrat,  
di dinya teu bijil-bijil.

(16) Naha tuan acan cunduk,  
ka dinya Syéh Abdul Qodir,  
nu matak hanteu katingal,  
kitu terangkeun cék kami,  
nu diutus tuluy budal,  
pupuh Durma nu ngaganti.

### **XXXV DURMA**

(1) Teu kacatur utusan di jalanna,  
kocap Syéh Abdul Qodir,  
eukeur dideuheusan,  
ku para sohabatna,  
pepek ngajajar ngabaris,  
dina madrasah,  
pok nyaur Syéh Abdul Qodir.

(2) Miwarang ka sawaréhna sohabat,  
kudu pada arindit,  
ka Syéh Abdurrohman,  
tapi mangké di jalan,  
tangtu urang téh papanggih,  
jeung piwarangan,  
Ki Syéh Abdurrohman.



(3) Kudu tulak ulah sina meunang kebat,  
barawa balik deui,  
ari geus datang,  
ka Ki Abdurrohman,  
parupulihkeun cék kami,  
bener sampéan,  
dipangkat darkat ngancik.

(4) Anatapi perenahna guru kula, //  
nya éta Syeh Muhidin,  
dina pangkat mahdam,  
tempat anu leuwih mulya,  
jauh moal katingali,  
ti pangkat darkat,  
tapi pangkat darkati.

152

(5) Terang awas ti pangkat mahdam,  
jeung pupulihkeun deui,  
asup kadinya,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
jalan kana lawang siri,  
lawang sir téa,  
jauh hanteu katingali.

(6) Teu katingal tina pangkat mahdam,  
téa,  
jeung pupulihkeun deui,  
ka Syéh Abdurrahman,  
baréto anjeun nampa,  
peresen papakéana baris,  
nu ngamilik,  
éta bijilna,  
ti tangan Syéh Muhidin.

(7) Kitu deui baréto anjeun nampa,  
Ki Pulan nu ngamilik,  
panganggo karidoan,  
waktu peuting turuna,  
éta pon bijilna deui,  
tina panangan,  
Syeh Muhidin Jilani.

(8) Kitu deui anjeun dina pangkat éta,  
jeung dua belas wali,  
enggeus pada nenjo,

pagéna wilayah,  
rupana héjo beresih,  
jeung séréh gurang,  
gurat ihlas digarit.

(9) Éta kabéh bijilna tina panangan,  
Syeh Muhidin Jilani,  
tah kitu cék kula,  
pupulihkeun sing//terang,  
ka tuan Syéh Abdul,  
Arrohman,  
para sohabat,  
tuluy budal arindit.

153

(10)Éta yaktos ditengah jalan papanggih,  
eujeung pirang-pirang jalmi,  
nya éta utusan,  
Syéh Abdurrahman téa,  
pék diajak balik deui,  
teu meunang kebat,  
gancangna budak baralik.

(11)Eunggeus pada tepang jeung Syéh Abdurrohman,  
salahiran anu tadi,  
Syéh Muhidin Jilan,  
didadar sadayana,  
taya anu kaliwat hiji,  
Syéh Abdurrohman,  
bengong kaliwat saking.

(12)Lila-lila Syéh Abdurrohman ngandika,  
sidik Syéh Abdul Qodir,  
sultan auliya,  
nu kagungan pangandika,  
moal aya anu nepi,  
pangandikana,  
henteu aya anu siyip.

### **XXXVI PANGKUR**

(1) Kaopat puluh hikayat,  
punjul tilu ayeuna anu kawarti,  
Syéh Abu Kosim pok nyahur,  
ti Batoih kampungna,  
nagara Sam kieu lahirna dicatur,

baréto kula geus leumpang,  
ka gunung Labnan pibadi.

- (2) Maksud kula rék jiarah rék munjungan ka sadaya-daya alim-alim,  
tur di Jabal Labnan matuh,  
nuju hijrah diétang, //  
lima ratus tujuh puluh punjul,  
salapan tahun punjulna,  
jeung di gunung éta deui.

154

- (3) Aya hiji anu tapa,  
nu jenengan Syéh Jabal nami,  
nu mawi disebut kitu,  
tina alus-alusna,  
tapa matuh aya dina luhur gunung,  
harita kula geus tepang,  
pék munjung silaturahmi.

- (4) Diuk gédéngéun Syéh Jabal,  
tuluy naros kula ka Syéh Jabali,  
tuan geus sabaraha tahun,  
aya di Jabal Labnan jawabna téh geus aya sawidak tahun,  
kula di dieu nya aya,  
kula mindo naros deui.

- (5) Salami di dieu tuan mendak naon anu matak ngajaib,  
Syéh Jabal mindo nyahur,  
nya enggeus mendakan pisan,  
ari hijrah lima ratus lima puluh,  
salapan tahun punjulna,  
kukula anu kapanggih.

- (6) Kabéh urang Jabal Labnan,  
lamun nuju caang bulan ti peuting,  
seug kumpulan sabatur-batur,  
mabur ka awang-awang,  
kabéh rempug ka nagri Bagdad ngajug-jug,  
tuluy ku kula ditanya,  
arék barudak ka mendi.

- (7) Rempug kabéh ngajawabna//kula nampi paréntahan Nabi Hidir,  
yénu kudu budal barhimpun,  
ngadeuheusan ka Bagdad,  
ka Syéh Kutub Robani anu disebut,  
cék kaula saha wastana,  
nu jenengna Kutub Robani.

155

- (8) Sakabéh pada ngajawab nu jenengan Syéh Muhidin Jilani,  
ti dinya kaula tuluy,  
amitan ka Syéh Jabal,  
mugi idin jisim kuring hayang milu,  
jeung sadaya urang Labnan,  
Syéh Jabal masihan idin.
- (9) Urang Labnan kabéh mudal,  
ngawang-ngawang mabur cara paksi,  
kula tumut bur ngapung,  
rék ka nagri Bagdad,  
sakedapan ka nagri Bagdad geus cunduk tuluy pada ngadeuheusan,  
ka Syéh Muhidin Jilani.
- (10) Serta pada marunjungan,  
pada hormat tuluy pada bébérés caralik,  
Syéh Abdul Kodir ngadawuh,  
maranéh ka sadayana,  
urang Labnan sami kumereb sumujud,  
teu aya anu mahiwal,  
sami ngaresto gumati.
- (11) Saperantos ditimbalan,  
tuluy amit barudal pada marulih,  
ngapak ngawang-ngawang ngapung,  
sakedapan darongkap ngumpul deui//caralik di Labnan gunung,  
kula naros ka sadaya,  
seja naros jisim kuring.
- (12) Kumaha saéna tuan,  
katingali sami hormat gumati,  
ka Syéh Muhidin sumujud,  
padahal sadayana,  
sampéan téh Aulia pada luhur,  
sakabéh pada ngajawab,  
lamun anjeun teu tingali.
- (13) Éta Waliulloh mulya,  
nu ngungkulan ka sadaya wali malah geus kagungan sahur,  
sakabéh Aulia,  
pundukna téh kabéh sahandapeun suku,  
handapeun sampéan kula,  
kitu lahir Syéh Muhidin.

## XXXVII PUCUNG

- (1) Hikayat opat puluh opat dicatur,  
Syéh anu nyarita,  
Abu Muhamad Bato'ih,  
pilahirna kula dina hiji mangsa.
- (2) Marek tuluy ka Syéh Abu Qodir guru,  
dipayuneunana,  
kasondong opat lalaki,  
ngadareuheus kula kakara uninga.
- (3) Tidinya téh nu opat lalaki munjung,  
aramitan mulang,  
kabéh geus lungsur barijil,  
Syéh muhidin ngadawuhan ka ka kula.
- (4) Tuh nu opat lalaki kumanéh buru,  
kudu neda//du'a,  
kula turun gesik-gesik,  
nu opatan matih araya di latar.
- (5) Kula matur neda pidua saitu,  
nu opatan jalma,  
sadaya ngawalon lahir,  
na sampéan neda pidu'a ka kula.
- (6) Eunggeus untung andika eukeur guguru,  
kawali numulya,  
ka éta Syéh Abdul Qodir,  
anu leuwih ti wali nu réa-réa.
- (7) Serta anu dipasrahan ku Yang Agung,  
kabéh alam dunya ,  
gunung daratang jeung cai,  
dipasrahkeun kabéh ka Syéh Abdul Qodir Jaélani,
- (8) Leuwih punjul ti para wali nu luhur,  
kula sadayana,  
mungguh darajatna sami  
jeung napasna anu panglembuh-lembuhna,
- (9) Anu luhur para Masa'ih nu jamhur.  
Kabéh-kabéh para ka paréntah,  
ku Syéh Muhidin Jaelani,  
sami ngéstonu taya nu mungpang nu nglang,

- (10) Kabéh rempug pada mituhul sumujud,  
misil darajatna,  
upama dibanding-banding,  
sahandapeun kalangkang dampal sampéan.
- (10) Sanggeus nyahur lalaki nu opat tuluy,  
bijil kana lawang,  
ngan sakolébat//les leungit,  
kula cicing melengek bawaning héran. 158
- (11) Kula marek deui arék mihatur,  
Lalampahanana,  
éta nu opat jalmi,  
kabujeng pok Syéh Abdul Qodir ngandika.
- (12) Masih pengkuh salawasna kami hirup ulah di carita,  
omongan nu opat jalmi,  
mun geus ajal kami sakarep andika.
- (13) Kula matur jisim kuring henteu ma'lum,  
éta nu ti mana,  
nu tadi opat lalaki,  
Syéh Muhidin lajeng mésem pok mopoyan.
- (14) Mun teu ma'lum nya éta para panghulu,  
panghuluna Rijal,  
di Jabalkop tempat ngancik,  
malah-malah ayeuna gé pada dongkap.
- (15) Pada cunduk ka Jabalkop tempat matuh,  
paréntah pangéran,  
anu murba bumi langit,  
enggeus tamat ganti pupuh Maskumambang.

### **XXXVIII KUMAMBANG**

- (1) Hikayat pat puluh lima deui,  
ti Syéh nu ma'ripat,  
ka Gusti Yang Sukma Jati,  
kamashur ka unggal désa.
- (2) Nu jenenganana Syéh Ali putra Syéh Heti,  
kieu pilahirna,

kula dina mangsa hiji,  
asup kanagara Bagdad.//

159

- (3) Rék jiarah ka Syéh Muhidin Jilani,  
ku kula katingal,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
keur ngersakeun solat Duha.
- (4) Dina luhur pangkonan papayon ngaji,  
jeung kawula tanggah,  
ka awang-awang ningali,  
lalaki sapirang-pirang.
- (5) Tujuh puluh jajar Rijalul Faébi,  
dina sajjarna,  
éta tujuh puluh deui,  
basrias ngadeg sadayana.
- (6) Kula ngomong ka éta Rijalulloh,  
nakumaha tuan,  
sadaya teu kersa calik,  
peryoga lungsur ka handap.
- (7) Ngajarawab sadaya Rijalulloh  
karana kawula,  
henteu lalungsur caralik,  
réh tuan Syéh eukeur solat.
- (8) Hingga tutug solatna Syéh kula calik,  
sabab ditimbalan,  
tadi ku Syéh Muhiddin,  
mungguh kawula sadaya.
- (9) Geus kaasta ku panangan Syéh Muhiddin,  
panangan sadaya,  
jeung kula sadaya sami,  
handapeun dampal sampéan.
- (10)Punduk kula kadampal ku Syéh Muhiddin,  
kabéh kaparéntah,  
ti beurang rejeung ti peuting,  
moal aya anu mungpang.//
- (11)Sanggeus tutug ngalana Syéh Abdul Qodir,  
lajeng sadayana,  
nya éta Rizalulloh,

160

pami butuh pada munjungna.

- (12) Sami ngambung ka panangan Syéh Muhiddin,  
jeung kaula ningal,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
teguh teu aya géséhna.

### XXXIX PANGKUR

- (1) Kaopat puluh hikayat,  
punjul genepayeuna anu kawarti,  
ti Syéh Abu Sa'ud,  
putra Syéh Abu Bakar,  
Hujaimi bangsa Atorib disebut,  
jeung ti wasta Syéh Abdullah,  
Abdullah putra Syéh Ta'ij.
- (2) Dua Syéh enggeus ngandika,  
aya hiji Syéh Sidgotul Bagdadi,  
ku kula enggeus kadangu,  
Syéh Sidgotul Bagdadi,  
mungpang kana paréntah nagara teu nurut,  
kaunjukeun ku sang Raja,  
Syéh Sidgotul Bagdadi.
- (3) Pék disahur ku sang Raja,  
sanggeus kitu dongkap ka payuneun sang aji,  
lajeng nimbalan sang Ratu,  
ka sadaya ponggawa,  
ngudar dastar Syéh Shodakot jeung ketu,  
sarta éta Syéh Shodakotul,  
kudu dirangkét digitik.
- (4) Syéh Shodakotul pok sasambat,  
aduh guru tulung ieu jisim//kuring,  
kabéh anu rék ngagewuk,  
para manteri ponggawa,  
pada kékér leungeun sabeulah katuhu,  
dikersakeun ku Allah,  
sang Raja kacida risi.
- (5) Lajeng nimbalan ponggawa,  
Syéh Shodakot leupas sina mulih,  
barang saparantos ucul,  
lebet ka jero madrasah,



ngadeuheusan ka Syéh Abdul Qodir guru,  
badé nyuhunkeun hukuman,  
Syéh nuju linggih di bumi.

- (6) Di madrasah pirang-pirang,  
para sohabat ngantos anu Syéh Muhiddin,  
hanteu lami lajeng lungsur,  
lebet ka jero Madrasah,  
lajeng linggih dina luhur korsi di payun,  
tapi teu kersa ngandika,  
jeung hanteu miwarang ngaji.
- (7) Pada hébat anu ningal,  
Syéh Shodakot nyaur salebeting galih,  
na kumaha tuan guru,  
anu matak hanteu ngandika,  
hanteu cara sasari luang kapungkur,  
sanggeus kitu lajeng cengkak,  
jeung noléh Syéh Abdul Qodir.
- (8) Ti dinya tuluy ngandika,  
pok ngalahir ayeuna murid kami,  
nu di Baéтал Mukdas ayeuna eukeur leumpang,  
ngan saléngkah ka nagri Bagdad cunduk, //  
ka kami niat rék tobat,  
tina lampah ria kibir.
- (9) Pada hayang diwurukan,  
kana jalan anu bener ka Yang Widi,  
jeung niat kapok saistu,  
moal-moal deui milampah,  
kalakuan cara anu kapungkur,  
lajeng deui Syéh ngandika,  
tatapi ku bangsa misil.
- (10) Kieu Syéh pangandikana,  
pedang kami kaliwat landep ramping,  
jeung gondéwa hanteu ucul,  
sapawasna dipentang,  
jeung patitis bok tara nyalahan mangprung,  
jeung tumbak kami diasah,  
mun dileupas geus lisin.
- (11) Tangtu keuna tara gagal,  
jeung tunggangan sadaya beurang jeung peuting,  
dirarangkénan teu ujub,

kami geunining Allah,  
hanteu pareum salawas-lawasna murub,  
ngélingkeun sakabéh sipat,  
jeung kami sagara cai.

(12)Nu hanteu témbong sisina,  
jeung tulisan di Lohil Mahpud katingali,  
salira kami nu punjul,  
panglobana siamna,  
yén ti beurang jeung ti peuting nya kitu,  
nu loba solatna,  
euweuh anu cara kami.

(13)Jeung ka kami uluk salam,  
panon poé saban-saban arék bijil, //  
eujeung saban-saban tahun,  
kawit bulan Muharam,  
tepung bulan sok bébéja éta tahun,  
naon barang nu kapendak,  
di jero satahun bukti.

163

(14)Dibéjakeun teu kaliwat,  
sarta tuluy uluk salam ka kami,  
saban bulan pon nya kitu,  
ka kami uluk salam,  
jeung nyarita sakabéh barang dicatur,  
naon-naon nu kapendak,  
sabulan anu kapanggih.

(15)Kitu deui saban Jum'ah,  
tepung Jum'ah uluk salam ka kami,  
sarta tuluy tutur-tutur,  
dina jero sajum'ah,  
naon-naon barang nu kapanggih kacatur,  
saban poé uluk salam,  
ti isuk tepi ka magrib.

(16)Serat tuluy cacarita,  
naon-naon barang anu kapanggih,  
di jero sapoé jeput,  
demi Allah anu mulya,  
jalma bagja jeung nu cilaka nya kitu,  
dipintonkeun ku Pangéran,  
kabéh ka salira kami.

(17)Jeung di Loh Mahpud katingal,

tutulisn maotna diri kami,  
jeung ka kami silulup,  
tilem kana sagara,  
ilmuning Yang//Sukma Agung,  
musahadah ka Pangéran,  
jeung Hujatulillah.

164

- (18) Sakabéh jalma-jalma,  
enya kami gagantina kanjeng Nabi,  
Rosullulloh anu punjul,  
anu meunang kadaharan,  
roti tina bumi Agung,  
kitu Syéh papandikana,  
Kinanti anu ngaganti.

## **XL KINANTI**

- (1) Hikayah ka opat puluh,  
jeung punjul tujuh kawanti,  
ti Syéh hiji nu geus kocap,  
wasta Imam Sujaudin,  
Umar putra Syéh Muhammad,  
bangsana Shahirul Wardi.
- (2) Kieu lahiran kapungkur,  
kula geus nguping pilahir,  
Syéh Abdul Qodir keur lenggah,  
linggih dina luhureun korsi,  
dideuheusan ku sohabat,  
kieu lahir Syéh Muhiddin.
- (3) Kabéh para Wali Agung,  
nu jaman ayeuna sami,  
pundukna kabéh katincak,  
ku dampal sampéan kami,  
jeung punduk kami kadampal,  
ku sampéan kanjeng Nabi.
- (4) Éyang kami kanjeng Rosul,  
Nabi Muhammad sinelir,  
nu hiji sampéannana,  
tetep ngadampal ka kami,  
ari nu hiji sampéanna,  
ngadampal nu séjén deui.//

165

- (5) Dampal ka nabi Yang Agung,  
hanteu aya hiji jalmi,  
nu kadampal pundukna,  
kudu dua sampéan Nabi,  
anging para Nabiyullah,  
salian ti kanjeng Nabi.

## **XLI DANGDANGGULA**

- (1) Hikayah opt puluh deui,  
jeung dalapan ti Syéh anu geus kocap,  
Syéh Abu Muhammad sohor,  
bangsa Banahan kampung,  
Syéh Abu Muhammad ngalahir,  
baréto kula mendakan,  
nembéan kamasur,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
jeneng Waliyullah leuwih ti sasami,  
kocap ka mana-mana.
- (2) Pék kumpulan kabéh para alim,  
para pukaha urang Bagdad,  
saratus jumlahna kabéh,  
tina kabéh rempug,  
adek nyual ka Syéh Muhiddin,  
ku masalah anu iskal,  
anu matak éwuh,  
hiji-hiji pada boga,  
séjén-séjén masalah anu sarungkil,  
ti dinya tuluy budal.
- (3) Ngadareuheus ka tuan Syéh Abdul Qodir,  
nuju linggih dina jero Madrasah,  
kempel sohabat sakabéh,  
pukoha anu saratus,  
geus darongkap bérés caralik,  
Syéh Abdul Qodir Jilan, //  
tungkul teu ngadawuh,  
tuluy aya cahaya hibar,  
bijil tina dadana Syéh Abdul Qodir,  
rameng ngajadi loba.
- (4) Nojo ka nu anyaran sarurumping,  
enya éta saratus pukoha,  
teu ngaliwat ka nu séjén,

jeung sadayana nu kumpul,  
hanteu aya nu katingali,  
nya éta cahaya téa,  
anu nojo hurung,  
ngan nu saratus pukoha,  
kabéh awas pada ningali cahaya bijil,  
nojo ka anjeuna.

- (5) Nu saratus kabéh ahli pakih,  
pada bengong jeung pada reuwas,  
gumeter kabéh pada ngadégdég,  
bingung pating pelenguk,  
kabéh bareng pada ngajerit,  
tikusuruk pada niba,  
kana sah nyaruuh,  
dastarna kabéh ti pecat,  
pék narangtung pada nyekel kana korsi,  
dirubung dipayang-payang.
- (6) Pada mayang ka Syéh Abdul Qodir,  
digarotong kana luhur imbar,  
tuluy dicalikeun baé,  
parebut pada mangku,  
hanteu répéh pating jarerit,  
ngaguruh di madrasah,  
génjlong kawas rusuh,  
géhgér kabéh urang Bagdad,  
lajeng//lungsur tina,  
mimbar Syéh Muhiddin,  
nu saratus pukoha.
- (7) Pada muru ka Syéh Muhiddin,  
piliganti taya nu kaliwat,  
pada ngarankul sakabéh,  
pukoha anu saratus,  
tuluy bérés caralik deui,  
Syéh Muhiddin ngandika,  
kami geus ma'lum,  
pikarepeun maranéhna,  
kabéh pada niat nyarual ka kami,  
kieu soal maranéhna.
- (8) Nu saratus kabéh hiji-hiji,  
disebatan pisualeunnana,  
pijawabeunanana kabéh,  
kieu-kieu disebut,

euweuh nu mencog sahiji,  
nu saratus pukoha,  
kagét langkung,  
tuluy sadaya pamitan,  
enggeus bubuh ti payuneun Syéh Muhiddin,  
sanggeus datang ka luar.

(9) Diturkeun ku kula pandeuri,  
geus kabuder di tengah jalan,  
tuluy ku kula ditaros,  
pukoha anu saratus,  
na kumaha andika tadi,  
karitu pepetaan,  
sakabéh ngawangsul,  
bilih anjeun teu uninga,  
tadi waktu ngadeuheus ka Syéh Muhiddin,  
kula//ningali cahaya.

168

(10) Tina dada Syéh Abdul Qodir,  
tuluy nojo kaawak kaula,  
jeung batur kula kabéh,  
leungit sakabéh ilmu,  
nu geus paham ku kula tadi,  
taya hiji masalah,  
nu émut katimu,  
cara acan ngaji pisan,  
poho kabéh taya nu inget sahiji,  
anu matak pada reuwas.

(11) Sanggeus kitu kula jeung batur sami,  
katuan Syéh pada ngarangkalan,  
tuluy émut deui kabéh,  
cara tadi kapungkur,  
jeung deui Syéh Abdul Qodir,  
ngajawab kakabéh soal,  
dipedar teu kantong,  
ku tina paham- pahamna,  
kula ogé ecannamah acan ngaharti,  
jawabna éta soal.

(12) Atanapi ku Syéh Abdul Qodir,  
sadayana pikarepanana kula,  
teges kauninga waé,  
sagereteging qolbu,  
katingali ku Syéh Abdul Qodir,  
kula leuwih percaya,

saunina terus,  
jeung sultan auliya,  
taya tanding carita ieu diganti,  
ku tembang Asmarandana.

## **XLII ASMARAN**

- (1) Hikayah anu kawarti,  
ka opat puluh//salapan,  
hiji Syéh anu nyarios,  
Muhamad putra Syéh Fatah,  
kampung Harunna bangsana,  
kieu lahiran dicatur,  
kula dina hiji maksad.
- (2) Marek ka Syéh Abdul Qodir,  
kasondong keur magelaran,  
pepeg sohabat sakabéh,  
kanjeng tuan Syéh ngandika,  
ayeuna Gusti ta'ala,  
ngutus kahiji manuk,  
buluna héjo jeung éndah.
- (3) Éta ditimbalan nguping,  
omongan kami sadaya,  
saméméh tutug tuan Syéh,  
mopoyan kasadayana,  
manuk teras jol dongkap,  
rupana héjo tur mulus,  
asup katangan raksukan.
- (4) Tangan raksukan dikéri,  
teu aya deui kaluar,  
harita buyasarna baé,  
ari diséjén poéna,  
pék deui makelaran,  
sahabat sadayana kumpul,  
Syéh Abdul Qodir ngandika.
- (5) Ayeuna gusti yang Widi,  
ngutus manuk pirang- pirang,  
buluna sakabéh héjo,  
kabéh manuk//ditimbalan,  
ngupingkeun omongan kula,  
tutug ngalahir kitu,  
rabul manuk pirang- pirang.

169

170

- (6) Di madrasah tempat ngaji,  
geus teu aya tuwana,  
lajeng ngandika tuwan Syéh,  
éta kabéh para sahabat,  
éta kudrating taala,  
nu ningali sadaya langkung,  
rempan kabéh pada hérana.
- (7) Tuluy datang manuk hiji,  
kaliwat alus rupana,  
punjul tinu réa kabéh,  
sami nyepeng nu ningalan,  
tuan Syéh tuluy ngandika,  
demi kamulyaan yang Agung,  
aing bijil pangandika,
- (8) Ka éta manuk sahiji,  
anu pandeuri datangna,  
tangtu tunggel seuheung manah,  
sejana tutug ngandikana,  
manuk téh kukuruyukan,  
awak papisah jeung hulu.
- (9) Kabéh sakur nu ningali,  
sadaya para sohabat,  
tidinya bubarab baé,  
nyarita ieu geus tamat,  
ganti deui nyaritana,  
sertana digentos lagu,  
niwam digantianana.

### **XLIII SINOM**

- (1) Lima puluh hikayat,  
ti Syéh Abi Abdul Qodir,  
Syéh Abdulloh nu puputra,  
urang bangsa Sahru Wardi,  
kieu Syéh Abdul Qodir,  
rama kaula geus nyahur,  
mopoyan//keun lampahna,  
Syéh Jamadi Diasi nami,  
saban wengi ana kulem sok katara.
- (2) Kadangu ku sohabatna,



dijero dadana muni,  
kumeregeng sorana,  
saperti nyiruan sidik,  
tuluy sawaréhna murid,  
ka Syéh Abdul Qodir maul,  
nguningakeun guruna,  
saban wengi sok kakuping,  
jero dada di sadanyara nyiruan.

- (3) Waktu harita diétang,  
lima ratus hijrah nabi,  
jeung lima puluh dalapan,  
waktu murid Syéh Jamadi,  
naroskeun ka Syéh Muhiddin,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
hadé manéh tumerang,  
naroskeun guru pibadi,  
sanggeus kitu murid-murid Syéh Jumadidias.
- (4) Pada naros ka guruna,  
nya éta ka Syéh Jumadi,  
Syéh Jamadi ngawalonan,  
lamun manéh teu ngarti,  
kabéh sahabat kami,  
jumlah dua belas rébu,  
kami terang sadayana anakna sahiji-hiji,  
saban peuting nganunuhun ka Allah.
- (5) Mang nedakeun saréréa,  
nya éta kamurid-murid,  
mugi hasil panejana,  
kitu anu//mangakmuni,  
mun ayamurid kami,  
anu dosa ka yang Agung,  
disaminkeun ka Allah,  
ulah leuwih tisasasih,  
didunyana leuwih hadé nunduh ajal.
- (6) Tina sabab kami welas,  
kasabéh murid-murid,  
lamun henteu geuwat tobat,  
leuwih hadé téréh mati,  
kitu ceuk Syéh Jamadi,  
pilahirna nu kadahup,  
ari papandikana,  
Syéh Abdul Qodir Jaélani,

kasadaya para sohabat muridna.

- (7) Kieu Syéh papandikana,  
geus narima pisan kami,  
kapasihan ti Pangéran,  
mernahkeun ka murid-murid kami,  
tempat sahiji-hiji,  
pada boga makom tangtu,  
jeung kami geus ubaya,  
kajangji jeung nu Maha Suci,  
kabéh murid tepi ka poé kiamah.
- (8) Ulah paéh mawa dosa ditanggung kabéh ku kami,  
kitu Syéh pangandikana,  
kasadaya murid-murid,  
Syéh Abdul Qodir Jaélani,  
kasohabatna ngadawuh,  
ceuk Syéh Jamadudinka murid nyahur deui,  
kami geus unjukan ka gusti Allah.
- (9) Muga maranéh sohabat,  
diauban ku gusti yang Widi,  
diraksa//tina doraka-doraka,  
ku hal éta murid kami,  
sakabéh pada musti,  
kamulyaan ti yang Agung,  
kitu pangandikana,  
Syéh Jamad ka murid-muridna,  
Sinom tamat digentos ku Dangdanggula,

173

#### **XLIV DANGGULA**

- (1) Hikayat anu kalimapoluh hiji,  
ti Syéh Gonam wastana,  
urang kampung bangsa Husén,  
Dimsik nagarana matuh,  
kitu lahir Abu Gonaim ,  
aya hiji jalma,  
anu ngimpi junub,  
tegesna téh anu ngimpi jima,  
hiji peuting istri tujuh puluh kali,  
manéh ngimpi jima.
- (2) Tujuh puluh istri anu anu kaimpi,  
séjén-séjén,

anu sawaréhna,  
eunggeus wawuh eujeung manéh,  
sawaréh acan wawuh,  
anu ngaran sakabéh disebatkeun,  
anu matak kitu,  
kami ningal tutulisan,  
lohil mahpud manéh tujuh puluh kali,  
milampah dosa jinah.

- (3) Séjén –séjén tujuh puluh istri,  
kumanéh anu dijinahan,  
kami karunya ka manéh,  
nyandak dosa sakitu,  
pék nunuhun ka Robbul Jalil,  
sangkan awak//manéhna,  
di ahérat mulus,  
teméhna ka Gusti Allah,  
lampah manéh dipindahkeun kana ngimpi,  
jadi heunteu matak dosa.
- (4) Hikayat lima puluh deui,  
Punjul dua ti Syéh Abi Fadhol,  
Ahmad jenengan nu yaktos,  
Bagdad nagarana matuh,  
pilahirna Syéh Abi Fadhol,  
kaula geus mendakan,  
Syéh Muhiddin guru,  
meuntas nganggo nu réndah,  
nu diagem anggoan-anggoan para ‘alim,  
anu beresih saleréa.
- (5) Hiji mangsa gandékna sahiji,  
dipiwarang ku Syéh kaula harita Hijrah gusti téa,  
lima ratus jeung punjul,  
lima puluh dalapan leuwih,  
sanggeum gandék téa,  
kaula diutus ku Syéh Abdul Qodir Jilan,  
dipiwarang ngagaleuh barang keur baris,  
raksukan keur anjeunna.
- (6) Nu saélo sadinar pangaji,  
Cék kula keur anggoeun saha,  
nyarék gandék anggoeun Syéh,  
karana tuan guru,  
tara nganggo anu doif,  
kudu nu aréndah,

carék dandék kitu,  
nyarék pikiran kaula,  
Syéh Muhiddin//naha wani mapadani,  
kanu jumeneng raja.

175

- (7) Nu saelo sadinar pangaji,  
anggon-anggon anu jadi raja,  
pikir kitu acan séép,  
kaburu aya paku,  
nanceb kana suku ku nyeri,  
suku kawula dua,  
ditancebna paku,  
pageuh teu beunang dilaan,  
jeung nyerina méh asa nepi ka mati,  
rabul anu ngaralayad.
- (8) Dilalaan pageuh hanteu kénging,  
anggur matak tambah lara,  
tidinya kula pok ngomong,  
ayeuna kula kudu,  
balik ka Syéh Muhiddin,  
rék nyamunkeun sapaat,  
gancangna dicatur,  
kula digotong harita,  
barang dongkap kapayuneun Syéh Muhiddin,  
tuan pok ngandika.
- (9) Demi Allah pangeran sajati,  
jero ati manah Abu Padol,  
nyulayaan malang haté,  
hawatir hanteu rempug,  
kautusan nitahan kami,  
sanajan manéh pisah,  
mangga nu kitu,  
anu harga sadinar,  
hem pék baé manéh montong risi-risi,  
tuan Syéh lajeng ngusap.
- (10) Kana raray kula sakali,  
kersa Allah sapada// harita,  
cageur euweuh nu karaos,  
serta anu dua paku,  
dina suku les leungit,  
teu kateping euweuhna  
matak héran kalbu,  
nya kitu deui datangna,

176

sakatepina tuan Syéh Madahij deui,  
aéh Ki Abu Fadol.

- (11) Lamun manéh acan harti,  
éta anu jadi paku téh,  
hawatirna ati manéh,  
tuluy kaula maur,  
mugi saksina sim kuring,  
ti wétan abi moal,  
geuwat pikir kitu,  
kapaok moal rék cangcaya,  
ka sadaya para walina yang widi,  
geus henteu kasemaran.

#### **XLV ASMARAN**

- (1) Hikayat anu kawarti,  
ka lima puluh tiluna,  
tina sahiji sahabatna Syéh,  
hanteu di nyaur ngaranna,  
kieu papandika baréto jaman kapungkur,  
kula eukeur meunang dagang.
- (2) Nyorang leuweung langkung werih,  
réa rampog réa begal,  
éta leuweung leuwih gedé,  
réa jalma bibisana,  
poho ka sanak kadang,  
ngan ngurus diri sakujur,  
tina ku werit-weritna.
- (3) Ngaran éta leuweung kai,  
Alas Nisabur ngaranna,  
disorangna soré-soré//ari enggeus peuting pisan,  
kula leungiteun onta-onta opat anu ucul,  
ditéangan teu kapendak.
- (4) Tapak najan teu kapanggih,  
langkung rebut pipikiran,  
nyaur padagang kabéh,  
pada ninggalkeun ti heula,  
cumah kula sorangan,  
jeung hiji batur nu kantun,  
di leuweung nangan onta.

- (5) Ari enggeus pajar sidik,  
kula enggeus kadawuhan,  
Syéh Abdul Qodir baréto,  
lahirna mun manéh mendak,  
ka sieun eujeung ka sunnah,  
geuwat waé manéh nyeuwat,  
ka Jenengna kami nyambat.
- (6) Tangtu karerepna pikir,  
diilangkeun ku Pangéran,  
kitu pangandika Syéh,  
ti dinya tulus kula,  
ka Syéh Abdul Kodir guru,  
kuring leungit onta opat.
- (7) Geus kitu kula ningali,  
kana luhur pajar di pasir aya nu nyembah,  
hiji jalma ngagunaanmulih taya jasadna jeung,  
nganggo aralus,  
pék disampeurkeun ku kula.
- (8) Ari geus tepi ka pasir,  
nu ngagupayan teu aya,  
pék ti luhur kula séjén,  
ka lebak beulah ka wétan, //  
anu leungit onta kula,  
opatanana ngariung,  
di dinya teu pisah-pisah.
- (9) Hanteu aya anu meuncil,  
ti dinya tuluy dirawat,  
nu ti heula batur kabéh,  
pék diburu kasusulan,  
eujeung satengah nyarita,  
Syéh Abu Hasan nyaur,  
kula geus nguping lahiran.
- (10) Syéh Abdul Qodir Jilani,  
ngandika ka sadayana,  
saha jalma nu keur haté,  
najan sabarang kasusah,  
pék ka kami reuneuh,  
tangtu ku kami tulung,  
diungsikeun kasusahna.
- (11) Jeung saha jalma ka kami,

ka kami nyebut jenengan,  
tangtu kami ka Yang Manon,  
mangnedakeun éta jalma,  
supayana ulah susah,  
jeung saha jalma nu nahun,  
neda-neda ka Pangéran.

- (12) Ménta lantaran ka kami,  
pasti hasil ti nu badan,  
sabarang karepna kabéh,  
kitu Syéh pangandikana,  
anu ka kuping ku kula,  
carita ieu geus kusu,  
di enggeusan ku pupuh Durma.

## **XLVII DURMA**

- (1) Hikayat anu lima puluh opat,  
ti wasta Syéh Mukrim,  
nu geus mangripat,  
kieu pangandikana,  
kula geus//nguping pilahir.  
wasta Syéh Ahmad  
urang bangsa Sarsaria
- (2) Pilahirna aya sahiji,  
sudagar,  
ngaranna Hasan bin Tamim,  
urang nagri Bagdad,  
sudagar Hasan dongkap,  
ka Syéh Jamadudi Yasi,  
hatur uninga,  
nuju hijrah jeung nabi,
- (3) Lima ratus sakiwur tahun punjulna,  
cék sudagar bin Tamim,  
matur ka Syéh Jamad,  
sadayana kopilah,  
ayeuna enggeus sayagi,  
badé barudal,  
dagang ka Esam nagari.
- (4) Moal kuring nu salapan ratus dinar,  
séép taya nu kari,  
dipaké meulian,

barang-barang dagangan,  
Syéh Jamad tuluy ngalahir,  
mun manéh budal,  
tahun ieu geus pasti,

- (5) Manéh paéh sarta barang manéh béak,  
kitu cék Syéh Jamadi,  
Ki sudagar Hasan,  
nguping lahiran Syéh Jamadi,  
nguyung langkung susah pikir,  
réh geus sadiya,  
mun teu ayeuna indit.
- (6) Enggeus tangtu barang loba nu ilang,  
ti dinya tuluy pamit-pamit,  
Ki sudagar//Hasan,  
tepat di hiji tempat,  
jeung Syéh Muhidin Jaélani,  
waktu harita,  
sedeng Anom Birahi.
- (7) Pok ngandika Syéh Muhiddin ka Syéh Hasan,  
cik baé manéh indit,  
salamet waluya,  
jeung meunang bati loba,  
upama aya ba'da hir,  
ulah dék senang,  
keur ditanggung ku kami.
- (8) Tuluy amit Syéh Hasan jeung suka bungah,  
saban geus meunang idzin,  
Syéh Muhidin Jaélani,  
tuluy dagang ka Syéh Kanjengna geusan budal indit,  
eukeur dijalanana,  
teu dicatur kutulis.
- (9) Kacarita geun dongkap baé ka Syéh,  
barangna enggeus beresih,  
béak dijualan,  
salapan ratus modalna,  
geus jadi sarébu bukti,  
boga batina,  
saratus dinar duit.
- (10) Tuluy mulang Syéh Hasan jeung sabaturna,  
keur dijalan kawarti,



pék eureun nareuya,  
di tempat pamondokan,  
Syéh Hasan tuluy ka cai,  
rék kodo hajat,  
saparantos ka cai.

(11)Cucul-cucul tuluy beberesih siram,  
geus// siram tuluy disalin,  
Syéh Hasan seug ngabdas,  
tuluy solat Syéh Hasan,  
saparantos solat lastari,  
Syéh Hasan mulang,  
duitna kantong di cai.

182

(12)Sadongkapna Syéh Hasan kapangreureuban,  
tuluy nyarandé calik-calik ngaleuncang nundutan,  
tuluy ngimpi Syéh Hasan,  
kabéh kapilah beresih,  
barangna béak,  
di begal ku badwi.

(13)Éta kitu dina sajero impian,  
datang sahiji badwi,  
neunggeul kana sirah,  
marogasa ka Syéh Hasan,  
muncrat kungsi bijil getih,  
jero mimpina,  
eukeur kitu pék ngalilir.

(14)Masih nyeri karasa sirah Syéh Hasan,  
jeung sidik aya getih,  
ngucur tina sirah kana tenggek marobat,  
ngan saya tau ka ciri,  
tuluy Syéh Hasan,  
émut tingaleun duit.

(15)Tuluy indit rék néang duit ka jamban,  
gancangna geus kapanggih,  
di urut tadina,  
dicandak dirawatan,  
ti dinya baru mulih,  
dipangku ka lapang,  
saburna hanteu kari.

(16)Sadatangna Syéh Hasan//boga pikiran,  
aing mimiti ngaji,

182

ka tuna Syéh Jamad,  
nitah ngaguru bangsana,  
tatapi nu leuwih sidik,  
pangandikana,  
Syéh Muhiddin Jilani.

(17)Aing niat ka Syéh Muhiddin rék bai'at,  
Syéh Hasan perang kapanggih di tengah pasir,  
jeung Syéh Jamadudin,  
Syéh Jumad tuluy ngadahij,  
aéh ka Syéh Hasan,  
hadé geura pék ngaji.

(18)Ngalap guru ka Syéh Muhiddin Jaélani,  
Karana wali leuwih,  
diasih ku Allah,  
éta Syéh geusan neneda,  
ka Gusti nu Maha Suci,  
ping tujuh belas,  
jeung tujuh puluh kali.

(19)Mangnedakeun sangkan salamet manéhna,  
teumahna béh kapanggih,  
waktu kacilakaan,  
dipaéhan ku bégal,  
dipindahkeun kana ngimpi,  
ruksak artana,  
digantina ku lali.

(20)Teumahna béh salamet teu jadi bahaya,  
karamat Syéh Muhiddin nu matak peryoga,  
manéh ngaguru heula,  
ka Syéh Muhiddin Jaélani,  
tuluy Syéh Hasan,  
marek ka Syéh Muhiddin.

(21)Barang dongkap Syéh Abdul Qodir ngandika,  
ka Syéh Hasan//ngalahir,  
lamun nista nyaah,  
ngamimitian,  
ka Syéh Jamadi Diyasi,  
ngaguru heula,  
mungguh salira kami.

(22)Geus ngadu'a mah mangnedakeun ka manéhna,  
lajeng Syéh Abdul Kodir,

cacarios kabéh,  
ka carios Sy'eh Jamad,  
ayeuna dicatur deui,  
ngardi tungtungna,  
tina rohmatna Yang Widi.

- (23) Nu uninga waspada ka nu samara,  
serta anu welas asih,  
ka para abdina,  
ka guruna sareng ka budak,  
ka awéwé béh ka lalaki,  
carios saméh,  
Pangkur anu ngaganti.

## XLVII PANGKUR

- (1) Ka lima puluh hikayat punjul lima ti Syéh Abdu Rojak,  
putra Syéh Muhidin itu,  
kieu pangandikana,  
rama kula Syéh Abdul Kodir ka nu ngaguru,  
jeung ka nu bade solat Juma'ah,  
kula jeung nu dua adi.
- (2) Ki Abdul Wahab jeung Isa,  
sami ngiring rama Syéh Muhidin,  
di jalan gedang perwah tepung,  
jeung nu ngagiringkeun onta,  
tilu onta dimomotan sajeung wungkul,  
ka angseu ti anggangna,  
badé ka Serinarpati.
- (3) Jalma nu ngagiring//onta,  
ditimbalan ku rama Syéh Muhiddin,  
mangka ulah waka maju,  
kaula mariksa heula,  
kabéh jalma henteu aya nu ngaku-ngaku,  
anggur hanteum digitikan,  
onta digentak diangsit.
- (4) Kangjeng rama pok timbalan,  
aéh onta manéh téh kudu cicing,  
ulah aya anu maju,  
rék anu tilu onta,  
pada cicing saperti batu ngajeuntul,  
henteu pisan obah-obah,

nu ngagiring onta pusing.

- (5) Onta hantem dirangkétan,  
satakerna henteu pisan usik-usik,  
kabéh tambah-tambah napsu,  
henteu aya hinggana,  
ngarangkétna tuluy kabéh pada rubuh,  
lalumpuh teu bisa hudang,  
saluar awak nyaleuri.
- (6) Pada ceurik gegeroan,  
ting ngareuluk ka rama bari caleurik,  
pada taubat neda ma'lum,  
cageur pada harita,  
tuluy onta jung deui pada lumaku,  
rama lajeung solat jumat,  
anu mawa onta geus nepi.
- (7) Kapayuneun kangjeng Sulton,  
sada lampah dijalan tadi,  
henteu aya anu kakantun dipiunjuk ka Sulton,  
Sulton Bagdadi segruk nangis//bari nyuuh,  
tidinya tara keuresa,  
milampah nu paryogi.
- (8) Nyeugah ka nu haram-haram,  
ngadil apik kagungan manah risi,  
malah seuring pisan rapuh,  
ka tuan Syéh munjungan,  
sarta hurmat ngasurkeun salira tungkul,  
Sulton ngaraoskeun hina,  
ku tuan Syéh weudi Asih.
- (9) Kalima puluh hikayat pungjul genep ti wasta Syéh Ismail,  
kieu lahiran dicatur,  
kala waktu henteu damang,  
Syéh Ali bin Habni kapungkur aya dina lima tempat,  
anu sirna serta sepi.
- (10) Kasawatna wales pisan,  
pék dibawa ku tuan Syéh Muhiddin,  
henteu réa anu tumut,  
ngan sohabat saurang,  
kana tempat anu dilayad geus ngadawuh,  
didinya téh aya dua,  
tangkal hurma geus garing.

(11)Geus opat taun lawasna,  
duanana ku kula rag dibasmi,  
rag dituar barisna suluh,  
Syéh Muhiddin paké abdas,  
dihandapeun dua tangkal hurma sumur,  
cong solat dua rokaat,  
aweh salam geus lastari.

(12)Anu garing tangkal//hurma,  
sapada harita hirup deui,  
bijil daun ngarunggunuk,  
segi tuluy mayangan pisan,  
bijil kembang buahan asak laruhruy,  
Syékh Muhiddin lajeung nyandak,  
buah hurma dipeutik.

186

(13)Dituang lajeung ngandika,  
iyeu hurma nyaraos,  
amis jeung seungit,  
lajeung meuseum mindaun sahur,  
hai Ismail nalika,  
muga-muga dipasih an ku sayanggung,  
dipasih an kaberkatna,  
jeung bumi andika deui.

(14)Kabéh kaboga andika,  
muga-muga berkat lahiran Syékh Muhiddin,  
lawas-lawas kula tuluy,  
sina geura ngahuma,  
langkung berkat nikeul saban-saban tahun,  
mun kawih meunang sawidak mindo dua widak bukti.

(15)Anak katilu tahunna,  
opat widak beunangna nigeul deui,  
kitu saban-saban tahun,  
nya kitu deui arta,  
nikeul-nikeul mun nyimpeun dinar sapuluh,  
ganti tahun pek diteang,  
jadi dua puluh bukti.

(16)Katilu tahun diteang,  
nikrul deui opat puluh dinar bukti,  
kitu baé saban taun,  
kalangkung-langkung berkatna,  
pangduana Syékh Abdul Qodir makbul, //

187

malah kula jadi beunghar,  
teu kaitung-itung rupa duit.

- (17)Jeung sagala ingo-ingon,  
mulus baé henteu ruksak henteu leungit,  
euweuh nu geuring nu kuru,  
berkahna ka kaula,  
Syéh Muhiddin dongkap ka ayeuna tuluy hayang hanteu dongkap-dongkap ,  
Dangdanggula nu ngaganti.

### **XLVIII DANGDANGGULA**

- (1) Hikayat lima puluh deui,  
tunjuk tujuh ieu Umar bin Hasan,  
bangsa Thoyin kampungna téh,  
Syéh Umar éta nyatur,  
dina hiji mangsa kula hadir,  
dinu teu ngadeuheusan,  
ka tuan syeh guru,  
nya étaSyéh Muhiddin Jaélani,  
tuluy ningal lampu ngagantung ti langit,  
ragrag kapayunan.
- (2) Kapayuneun tuan Syéh Abdul Qodir,  
henteu lila bur deui ngalayang,  
ti luhur jut deui baé,  
ragrag deui kapayun,  
henteu lila bur ngapung deui,  
meunang tilu balikan,  
ka handap ka luhur,  
sanggeus kitu tuluy musnah,  
kula ningal rampoh poé saluar diri,  
teu kaweur unjukan.
- (3) Hanteu naros ka Syéh Abdul Qodir,  
sarta henteu kaduga carita,//  
ka jalma nu séjén-séjén,  
cangkem cara ditutup,  
anging sanggeus Syeh Muhiddin,  
mulih ka Rahmatullah,  
kakara rék betus,  
rasiah kula kaluar,  
séjén catur hikayah anu kawarti,  
lima puluh dalapan.

- (4) Ti wasta Imam Ahmad bin Solih,  
éta kieu saur Imam Ahmad,  
kula geus hadir baréto,  
jeung anu loba kumpul,  
ngiring ngaji ka Syéh Muhyidin,  
sohabat pirang-pirang,  
tuan Syéh keur muruk,  
ilmu takdir nu diwejang,  
tuluy datang oray gedé liwat saking,  
calangap matak gila.
- (5) Datangna téh tina payuneun surampi,  
kabéh jalma kabur lalumpatan,  
kantun nyalira tuan Syéh,  
teu pegat-pegat nyaur,  
micantenkeun ilmu takdir,  
oray téh ngadeukeutan,  
ka tuan Syéh maju,  
ngarayap kana salira,  
oray tuluy oray dina teunggeuk bulat beulit,  
tuan katingalan.
- (6) Teuteup baé teu géséh saeutik,  
sanggeus turun éta oray,  
payuneun tuan Syéh nagog,  
serta oray pok matur,  
réa-réa nu kaku//ping,  
ngan waktu anggang ,  
omongan teu puguh,  
sanggeus kitu tuluy nyegah nyingkah,  
enggeus musnah tipayuneun Syéh Muhyiddin,  
kabéh para sohabat.
- (7) Muru deui geuwat pada geusit,  
pada naros réhan katingalna,  
oray téh aya panaros,  
Syéh Abdul Qodir nyaur,  
kieu éta omong oray tadi,  
sim kuring sering nyoba,  
ka para wali luhur,  
tatapi teu acan mendak ,  
anu tetep ngan cumah tuan pribadi,  
angger henteu obah-obah.
- (8) Situ punjul ti sagala wali,  
éta kitu pimaturan urang,

oray ku kula diwalon,  
aing keur ngaji ilmu,  
ilmu takdir nu ditaji,  
ningal rupa manéhna,  
sakalangkung lembut,  
sarua jeung aing ningal pangleutikna hileud anu leuwih leutik,  
anu matak hanteu gila.

- (9) Hamo enya géséh piker aing,  
ténjo kana rupa manéh oray,  
sabab katingalna lembék,  
oray diwalon kitu,  
kitula hiji Syeh Abdul Qodir,  
kadangu ku sadayana,  
anu marek kumpul,  
hikayat ieu tamat,  
séjén//nyatur sarta pupuhna diganti,  
nya ieu ku Maskumambang.

190

#### **XLIX MASKUMAMBANG**

- (1) Hikayah anu lima puluh deui,  
jeung nunjul salapan,  
Muhammad Nusar hadir,  
kieu saur rama kula.
- (2) Rama waktu ngiring ka Syeh Muhiddin,  
lawasna diétang,  
tilu belas taun bukti,  
salawas bapa kula.
- (3) Pirang-pirang karahmatna nu kapanggih,  
aya hiji jalma,  
diwuduan hanteu walagri,  
lantaran raheut ku panah.
- (4) Datang marek ka Syéh Abdul Qodir,  
neda ditambaan,  
pék diludahan sakali,  
raheutna diusap-usap.
- (5) Sapada harita nyageur waringkas walagri,  
teu aya cacagna,  
lipur cara tadi dieu,  
jeung aya sahiji jalma.



- (6) Sanak Sulton Bagdadi Mustajid Bilahi,  
éta katarajang,  
nyeuri beuteung mo leuwih nyeuri,  
mules nyeudeuk kana dada.
- (7) Leuwih payah henteu usik malik,  
satengah nu wafat,  
digotong éta jalmi,  
kapayuneun Syéh dibawa.
- (8) Pék diurut ku panangan Syéh Muhiddin,  
cageur saharita,  
teu aya landongna deui,  
ngan diusap//ku panangan.
- (9) Tuluy deui datang sahiji lalaki,  
ngaranna Abdul Maal Ahmad ngaranna sayakti,  
datangna nyuhun tamba.
- (10)Pihaturna ka Syéh Muhiddin Jilani,  
réh gaduh pun anak,  
kur anak kuring nu lalaki,  
muriang geusan lima bulan.
- (11)Tacan cageur margi éta mugi-mugi,  
dipasihan tamba pok ngandika Syéh Muhiddin,  
aéh Abu Maal Ahmad.
- (12)Kieu baé tompokeun ulah daék kali,  
sebutkeun cing terang,  
kana ceulina nu gering,  
hey umudan geura nyingkah.
- (13)Geura undur dawuhan Syéh Abdul Qodir,  
megeus ulah aya,  
di anak aing nu gering,  
nya nyingkah ka desa Hilat.
- (14)Sanggeus kitu jung mulang Abu maali,  
ari lawas-lawas,  
jeung kula papanggih deui,  
Ki Abu Maal ditanya.
- (15)Hal anakna baréto taya nu gering,  
kumaha ayeuna,

geus cageur tawa masih,  
jawabna ki Abu Maal.

(16) Baréto kieu saporantos kula nepi,  
piwuruk Syéh tiasa,  
dijalankeun ngan sakali,  
cageur teu sakara-kara.

(17) Ngan ayeuna nguping di désa jilani,  
enya éta loba muriang, //  
berkahna Syéh Muhiddin,  
dibales pada muriang.

192

(18) Ti baréto mashur di désa Hilati,  
enya éta loba muriang,  
ieu carita lastari digentos Sinom pupuhna.

## L SINOM

(1) Hikayat kaping sawidak ti Syéh Hadir Hasani,  
éta kieu pilahirna,  
baréto kula geus nampi,  
timbangan Syéh Muhidin,  
eukeur hijrah nabi rosul,  
lima ratus sawidak kieu dawuhna Syéh Muhidin,  
téh hadir ayeuna kudu intiqol.

(2) Kamuwasili nagari,  
andika didinya mukim,  
enggeus tangtu jaga boga,  
anak lalaki sahiji,  
serta pinter berbudi,  
ngaranna Muhammad disebut jaga anak andika,  
lamun umurna geus nepi,  
kana umur genep taun lima bulan.

(3) Pék mimiti ngaji Qur'an,  
guruna ngaranna Syéh Ali,  
éta asal urang Bagdad,  
tapi lolong teu ningali,  
lawas ta guru ngaji,  
ngan tujuh bulan geus tutug,  
hatam serta ditalar,  
pageuh euweuh anu lali,  
waktu tamat nalar kur'an satamatan.

(4) Umurna anak andika,  
ngan tujuh taun geus pasti,  
katar sakabéh Qur//<sup>2</sup>an,  
jeung umur andika pasti,  
sawidak taun leuwih,  
tujuh taun serta punjul,  
kitu lahiranana,  
lahiran Syéh Abdul Qodir,  
sanggeus kitu jiga kula pindah nagara.

193

(5) Tegesna kula nitingal,  
ka nagara muasili,  
gancangna geus imah-imah,  
ari geus lami-lami,  
boga anak sahiji,  
lalaki sertana mulus,  
dingaranan Muhammad,  
salahiran Syéh muhidin,  
sanggeus umur genep taun lima bulan.

(6) Pék mimiti ngaji Qur'an,  
ngan tujuh bulan geus hafidz,  
katar sakabéh Qur'an,  
tuluy umur ditungtik,  
waktuna tamat ngaji,  
jejeg umur tujuh taun,  
ku kaula ditanya,  
saha guru agus ngaji,  
ejeung deui urang mana nagarana.

(7) Cék pun anak urang Bagdad,  
jenenganana Syéh Ali,  
tapi buta hanteu ningali,  
carék kula leuwih sidik  
lahiran Syéh Muhidin,  
panyeutana hanteu luput,  
eujeung ieu carita ti Muhammad putra Hadir,  
anu enggeus hapal nalar Qur'an téh.

(8) Caritaan ki Muhammad,  
rama kula//wawar ti,  
éh Muhammad anak bapa,  
ku bapa enggeus ditulis,  
bulan robiul ahir,  
waktu dijurukeun agus,

194

hijrah kangjeng Rosullulah,  
genep ratus taun leuwih,  
jeung sataun lima bulan punjulna.

(9) Pupusna rama kula ping salapan Sapar sasih,  
hijrahna rosullulah,  
genep ratus taun leuwih,  
lima puluh jeung leuwih,  
punjulna téh lima taun,  
umur rama kaula,  
genep puluh taun leuwih,  
tujuh tahun sabulan tujuh poéna.

(10) Yaktos taya nu sulaya.  
nyétana Syéh Abdul Kodir,  
kabéh geus katekanaan,  
taya pisan anu kari,  
istu punjul ti sasami,  
ti para wali nu luhur,  
carita ieu tamat,  
nyaturkeun nu séjén deui,  
genti lagu tembang Asmarandana.

## LI ASMARAN

(1) Hikayat sawidak hiji,  
Syéh Ali anu nyarita,  
putra wasta musyafir Syéh,  
éta kieu caritana kaula dihiji mangsa,  
jeung para sahabat kumpul,  
éta dilatar madrasah.

(2) Tuluy hujan datang angin,  
birat pada lalumpatan,  
sami//pada ngiuhan kabéh,  
sadaya para sohabat,  
kabéh pada lalumpatan,  
ngan Syéh Muhiddin nu kantun,  
jongjon calik ngeunah-ngeunah.

(3) Ku kaula katingali,  
Syéh Muhiddin tuluy tanggah,  
barina ngandika alon,  
éta kieu pilahirna,  
kabéh para sahabat,

diparéntah sina kumpul,  
ayeuna bubar papisah.

- (4) Terang raat hujan angin,  
sabaya para sohabat,  
sami marek deui kabéh,  
tempat pangcalikanana,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
jeung salirana nya kitu,  
tuhur hanteu kahujan.
- (5) Teu aya sakeujrét cai,  
ngan sadayana sahabat,  
sami rancucut sakabéh,  
eujeung deui caritana,  
bangawan dajlah caah,  
banjir gedé liwat langkung,  
lebar dongkap ka nagara.
- (6) Gehger kabéh pada risi,  
loba imah nu kaléban,  
kakeueum ku cai gedé,  
tuluy rempug saréréa,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
pada marek neda tulung,  
neda sapa'at pidu'a.
- (7) Lajeng jengkar Syéh Muhiddin,  
bari nyandak tetekena,  
sumping ka bangawan gedé,  
pék nanceb//keun tetekena,  
dina sisina bangawan,  
Syéh Muhiddin lajeng nyaur,  
éta kieu pilahirna.
- (8) Wates ieu baé cai,  
lajeng angkat mapay-mapay,  
turun pinggir bangawan téh,  
nyaur barina gugupay,  
kana éta cai téh,  
manéh kadariieu kumpul,  
tuluy susuruh sakedepan.
- (9) Hikayat anu kawarti,  
anu sawidak punjul dua,  
Syéh Muhammad nu nyarios,

urang nisabur nagrina,  
kieu cék Syéh Muhammad kula geus nguping pisahur,  
Muhammad Suwarilmahal.

(10)Lahirna kula geus nguping,  
Mukim di nagara Bagdad,  
ka Syéh Muhidin ngagandék,  
tatapina hanteu kawasa,  
tuluy pamitan rék mulang,  
kamesir nu di jug-jug,  
kula ngan cumah sorangan.

(11)Syéh Muhiddin enggeus idin,  
lajeung kakula wewekas,  
poma ulah barang maén,  
mun kurang bekel di jalan,  
mun manéh katarajang,  
hayang dahar hayang nginum,  
ramo dariji sepepan.

(12)Ejeung poma-poma deui,  
ulah rék tanyakeun jalan,  
ka jalma nu séjén,  
atawa nanyakeun lian,  
kitu Syéh pangandikana, //  
sapartos kula munjul,  
tuluy indit ngan sorangan.

197

(13)Dijalan mulus lastari,  
dongkap ka mesir nagara,  
kuat tteu cape teu lue kaula sangkilang teu barang dahar,  
samalah tambah kuat,  
berkahna guru ningsun Syéh Muhiddin anu mulia.

## LII DANGDANGGULA

(1) Hikayat nu sawidak deui,  
punjul tilu ti Syéh Soléh Ahmad,  
Syéh Muhammad ramana téh,  
bangsa Qurés disebut,  
urang Bagdad asalna tadi,  
Syéh Soléh geus nyarita,  
kaula geus matur,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilani,  
réhan kula ka repotan langkung miskin,

kurang sandang pangan.

- (2) Sabab batur kabéh pada miskin,  
langkung-langkung dina karépotan,  
dahar isuk hanteu sore,  
Syéh Abdul Qodir tuluy,  
maparinkeun boboko hiji,  
diluhrna ditutupan,  
barina ngadawuh,  
hentop ku manéh rawatan,  
tampanan,  
jeung tutupan di luhur urek ku tali,  
ulah dibuka-buka.
- (3) Jeung neundeunna di luhur sing apik,  
mun rék nyokot bari sacukupna,  
sabatur andika //kabéh,  
ulah muka ti luhur,  
kudu bedah baé ti gigir,  
boboko ditampanan,  
kula amit wangsul,  
sadatang kula ka imah,  
diéstukeun timbalan Syéh Muhiddin,  
lamun usum barang dahar.
- (4) Pék dibuka lawangna ti gigir,  
tuluy cokot baris sacukupna,  
dahareun sabatur kabéh,  
isuk soré nya kitu,  
unggal poé heunteu gingsir,  
hanteu aya sudana,  
dahar medah meduh,  
malah lamun olah-olah,  
nyieun roti kadaharan warna-warni,  
nya ti dinya ngalaana.
- (5) Samahina pon nya kitu deui,  
angger baé teu aya sudana,  
kula langkung senang haté,  
sajero lima taun keur dahareun teu meuli,  
nuju kaula keur nyaba,  
boboko téh tuluy,  
ku pamajikan dibuka,  
ti luhurna di jero ngéntép deui kebek ku kadaharan.
- (6) Ti harita kanggona teu lami,

ngan sajum'ah séép hanteu aya,  
pék kula ngadeheusan,  
ka tuan Syéh matur,  
ngunjukeun boboko téa,  
yén ayeuna geus séép hanteu//dieusi,  
Syéh Muhiddin ngandika.

199

- (7) Ti baréto poma carék kami,  
ti luhurna ulah rék dibuka,  
coba lamun manéh ngésto,  
salawasna manéh hirup,  
sababatur geus tangtu mahi,  
hikayat ka sawidak jeung opat,  
punjul ti wasta Abi Muhammad,  
Syéh Abdulloh urang kampungna Bato'ih,  
kieu pangandikana.
- (8) Hiji mangsa kula keur hadir marek ka Syéh Abdulkodir Jilani,  
pepeg sohabat ngabérés,  
jebul anu ditandu,  
jalma gering tukang balantik,  
sudagar geus kocap,  
ngarana disebut,  
Abulma'al putra Ahmad,  
pangdatangna téh langkung sanget panyakit,  
nyeri beuteung koléra.
- (9) Badé neda du'a ka tuan Syéh Abdul Qodir,  
sadatangna gotongan tanduna,  
sok diteundeun payuneun Syéh,  
Ki Abulma'al tuluy,  
tanggah ningal ka Syéh Abdul Qodir,  
misti dipikawelas,  
katingali lungsur,  
tina luhur paimbaran,  
barang meung sahambalan Syéh Muhiddin,  
katingali,  
palebah mastakana .
- (10)Barang kadua hambalan deui,  
katingali Syéh lebah dadana,//  
katilu hambalan janggélék,  
salirana sakujur,  
awas kabéh katingali,  
sidik tapi kula ningal,  
dina mimbar luhur,

200



Syéh Muhiddin aya eukeur linggih sadyana sami,  
taya pisan bédana.

- (11)Sadayana para sohabat sami,  
hanteu aya anu terang saurang,  
Syéh lungsur ka handap anjog,  
sabab dina mimbar luhur,  
tetep linggih teu gingsir,  
sasumpingna ka handap,  
tuan Syéh éta tuluy,  
cangogo siruheun kula,  
beungeut kula tuluy ditutupan buni,  
ku raksukanana jubah.
- (12)Saharita rasa kula salin,  
cara ngimpi aya dina tegal,  
nyanding ka wahangan gedé,  
caina hérang alus,  
jeung di sisi bangawan cai,  
aya tangkal kiara,  
gedé ngarungkunuk,  
kula tuluy pado hajat,  
dina cai saparantos beberesih,  
kula tuluy ngalaan.
- (13)Tina leungeun ngudar cangreud sosi,  
digantélkeun kana dahan kiara,  
pék wudu ari parantos,  
cong solat kula nangtung,  
dua rokaat geus lastari,  
sanggeus awéh salam,  
sorog nu ngagantung, //  
tacan dicokot ku kula,  
beungeut kula kaburu ku Syéh Muhiddin,  
dibukakeun tutupna.
- (14)Kula masih aya teu gingsir,  
di payuneun sohabat sadaya,  
langkung matak bengong haté,  
jeung kula masih cipruk,  
urut wudu tadi ku cai,  
eujeung panyakit kula,  
enggeus waras lipur,  
jeung sorog kula teu aya,  
dina leungeun ditéangan teu kapanggih,  
matak héran kacida.

(15)Sadayana sohabat sami,  
hanteu aya nu terang sahiji-hiji acan,  
lalampahan kula kabéh,  
kula pok amit mundur,  
énggalna kula geus balik,  
ari geus rada lawas,  
dangdan-dangdan tuluy,  
momot barang kana onta,  
kula niat dagang rék budal balantik,  
dagang ka nagri Ajam.

(16)Réa batur sababarengan sami,  
gancang tuluy kula budal,  
keur di jalan lawasna téh,  
leumpang geus dua minggu,  
opat belas poé jeung peuting,  
tuluy manggihan tegal,  
jembar rata alus,  
serta nyandingkeun wadahan,  
cai gedé tarik//jeung hérang beresih,  
disisina wahangan.

202

(17)Aya tangkal kiara sahiji,  
éta tegal kula hanteu samara,  
nu geus kaimpi baréto,  
waktu raray ditutup,  
ku raksukan Syéh Abdul Kodir,  
rasa dina impian,  
matak héran langkung,  
tambah-tambah sorog kula,  
nu bareto dicantélkeun kana kai,  
kapendak harita.

(18)Pék dicokot dirawatan sosi,  
kula moal tulus leumpang,  
gancang mulang deui baé,  
seja haturan piunjuk,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilani,  
réh lalampahan kula,  
matak héran langkung,  
énggalna kula geus donhkap,  
ka payuneun Syéh Abdul Qodir,  
kula acan unjukan.

(19)Pok ngandika Sayid Abdul Qodir,

Abulma'al kami geus uninga,  
kabéh pikarepeun manéh,  
poma manéh masing pengkuh,  
lalampahan nu kapanggih,  
ulah rék nyarita,  
bébéja ka batur,  
anging kami mun geus wapat,  
kuma karep kitu lahir Syéh Muhiddin,  
digentos ku pupuh Lambang.

### LIII LAMBANG

- (1) Hikayat sawidak lima,  
tiwasna Syéh Abu Hasan, //  
urang Bagdad nagarana,  
ngandika Syéh Abu Hasan,  
kula dina hiji mangsa,  
nuju dina bulan sapar,  
hijrah Nabi Rosululoh,  
lima ratus nu diétang.
- (2) Jeung lima puluh tiluna,  
waktu ti peuting harita,  
kula cicing keur ngajaga,  
aya di jero madrasah,  
poék hanteu aya damar,  
jeung mawa hiji wawadah,  
kendi pinuh dieusian,  
sok bilih Syéh kahampangan.
- (3) Atawa kersa rék abdas,  
atawa ngumbah sampéan,  
keur kitu tuluy katingal,  
Syéh ti bumina kaluar,  
pintuna muka sorangan,  
angeus ngaliwat ka kula,  
kendi téa teu dicandak,  
Syéh kebat angkat kaluar.
- (4) Kula ngiring hanteu tinggal,  
dongkap ka lawang madrasah,  
nagara ,  
pék ditunjuk ku panangan,  
korina muka sorangan,  
saparantos Syéh ka luar,

pantona meundeut sorangan,  
angkatna téh lalajengan,  
asup ka hiji nagara.

(5) Tapi duka nagri mana,  
nembé harita uninga,  
asup kana hiji tempat,  
ka madrasah pamurukan,  
sarupa eujeung madrasah,  
kula di dinya mendakan//aya kom genep pantan,  
barang Syéh Muhiddin dongkap,  
sami gugup sadayana,  
pada hurmat uluk salam,  
sarta tuluy marunjunagn,  
kula diuk deukeut tihang,  
tuluy nguping nu sasambat,  
nu gering haharegungan,  
semuna paéh kacida.

204

(6) Lila-lila laun pisan,  
malah tuluy jempé pisan,  
jol datang sahiji jalma,  
asup kana tempat éta,  
jalma au gering téa,  
hanteu lila di dinya,  
geus bijil deui kaluar,  
nyuhun mayit dibawa.

(7) Duka dibawa kamana,  
kula hanteu uninga,  
sanggeus kitu tuluy aya,  
hiji jalma anu datang,  
kumis panjang berengosan,  
diuk digédéngunana,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
nyukuran jalma nu datang.

(8) Kumis janggot didawungan,  
diketuan didastaran,  
pék disebut dingaranan,  
Muhammad jenenganana,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
ka kom nu genep panton,  
kula enggeus ditimbalan,  
ka Gusti seja ngiringan.

(9) Tuluy éta jalma téa,  
diwuruk maca syahadat,  
sanggeus ngawuruk syahadat//Syéh Muhiddin lajeng angkat,  
geus bijil éta ka luar,  
kula ngiring hanteu tinggal,  
cumah ngan sakedépan,  
geus dongkap ka nagri Bagdad.

205

(10)Lawangna muka sorangan,  
lajeng lebet ka madrasah,  
bré lawang muka sorangan,  
lajeng ka bumina pisan,  
hanteu pisan mundut lawang,  
kula teu saré mikiran,  
isuk-isuk ngadeuheusan,  
di madrasah ngan sorangan,  
baringas cipanonn,  
enggeus jadi kalakuan,  
saban isuk dederesan.

(11)Tatapi harita mah,  
hanteu puguh kalakuan,  
lampah saperti impian Syéh Abdul Kodir Jilani,  
ka kula lajeng nimbalan,  
anak aing Abu Hasan,  
pék geura ngaji ngawitan.

(12)Manéh téh taya halangan,  
tuluy kula unjukan,  
jeung sumpah demi Pangéran,  
pamugi tuan mopoyan.

(13)Anu wengi kalakuan,  
sim kuring anu nyarengan,  
pangraos dina impian,  
sim kuring kalangkung héran.

(14)Syéh Abdul Qodir ngandika,  
mun manéh teu acan terang,  
ngarana//nagara,  
nu ku urang diasupan,  
nagarana aulia,  
sakur nu aya didinya disebutkeun wali Us,  
ari anu genep panton.

206

(15)Nu ku manéh katingalan,

éta aulia Abdal,  
ari nu gering téa,  
humaregung kadéngéna,  
malah tuluy maot pisan,  
éta pangkat ka tujuhna,  
ari anu nyuhun mayitna,  
éta Hidir Nabiulloh.

(16)Anu hanteu keuna wafat dongkap ka poé kiamah,  
kami nu matak kadinya,  
nya éta seja ngalayad,  
ari jalma nu saurang anu diwuruk syahadat,  
urang nagri Qistotiyah,  
asalna kahir nasoro.

(17)Kami enggeus ditimbangan,  
ku Gusti nu murbeng alam,  
engké nu maot téh,  
nya ku jalma éta téh,  
anu diislamkeun téa,  
kitu Syéh pangandikana,  
kula hanteu kinten héran,  
ganti ku Asmarandana.

#### LIV ASMARAN

(1) Hikayat anu kawarti,  
ka genep puluh genepna,  
Syéh Abduloh nu nyarios,  
putra Ahmad bangsa Bagdad//kieu pangandikana,  
hiji anak kula anu,  
awéwé serta parawan.

207

(2) Sumedeng ngora birahi,  
pat belas tahun umurna,  
awaktu burit pasosoré,  
anak kula téh harita,  
ulin dipayuneuneun imah,  
tuluy leungit hanteu puguh,  
ditéangan teu kapendak.

(3) Kula tuluy marek geusik,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
jeung tuluy unjukan baé,  
nguningakeun anak kula,

anu leungit teu kantenan,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
sahurna éh Abdulloh.

- (4) Ayeuna téh kudu indit,  
ka saluareun nagara,  
jeung kudu sorangan baé,  
ulah mawa babaturan,  
dina pabeneran lawang,  
pintu Karhi pada nyebut,  
aya lemah pangluhurna.
- (5) Tuluy ku andika garit,  
masing bunder tepung geulang,  
bari nyebut ka Yang Manon,  
tegesna maca Bismillah,  
jeung ku andika ciptah,  
paréntah kula saistu,  
pék ku andika cicingan.
- (6) Dina sajeroning garit,  
didinya ulah dék nyingkah,  
moal lila tangtuna téh,  
datang jin sapirang-pirang//pada ngaliwat ka dinya,  
tapi andika sing pengkuh,  
ulah miris ulah reuwas.
- (7) Karana sakabéh ejin,  
moal aya nu wani nyorang,  
ngaliwat garit ka jero,  
ari manggeus lila-lila,  
tangtu datang rajana,  
janari keur waktu sahur,  
serta nanya ka andika.
- (8) Pék caritakeun sing sidik yén ngalampahkeun paréntah,  
timbangan kula sayaktos,  
ka raja jin tepungan,  
serta anak andika,  
nu leungit téh sing puguh,  
caritakeun sing partéla.
- (9) Kitu lahir Syéh Muhiddin,  
kula indit gagancangna,  
waktu ba'da Isya soré,  
gancangna kula geus dongkap,

ka nu diseja téa,  
pabeneran Kurhi pintu,  
tuluy di garis digurat.

(10)Sadawuhan Syéh Muhiddin,  
sajerona garit téa,  
tuluy dicicingan baé,  
teu lila antarana,  
datang jin sapirang-pirang,  
jin langit mani murubul,  
matak garila rupana.

(11)Pangingkahna masing-masing,  
bérés baris panton-panton,  
tatapi saluar baé,  
teu aya nu wani nyoram,  
kana garitna kawula,  
ari kira waktuna sahur,  
tuluy//rajana jin dongkap.

209

(12)Sapirang-pirang nu ngiring,  
raja jin angkat pangheulana,  
nungganan kuda di obyang,  
ari pabeneran kula,  
pék di candak kudana,  
raja mariksa ti luhur,  
agus keur naon andika.

(13)Bet aya didinya cicing,  
kula matur terus terang,  
yéni di utus ku tuan Syéh kudu nepangan sang raja,  
sang raja jin nganggeuwat,  
tina kuda geuwat lungsur,  
mando hurmat mandapan.

(14)Tapi saluareun garit,  
anak kula anu ilang,  
ka sang raja dicarios,  
raja jin kagét kacida,  
ka sadaya balad-balad,  
di paréntahkeun geus kumpul,  
di pariksa ku sang raja.

(15)Coba saha anu wani,  
nu maling sahiji budak,  
mun nyokot sing terang walayah,



geuwat pulangkeun ayeuna,  
sadayana balad-balad,  
teu aya nu mangku ngan hiji jin anu terang.

(16)Anu ngarana ejin Marid,  
cicingna di nagara Cina,  
aya jin langkung bedegong,  
sertana gagah perkasa,  
dawuhanana sang raja,  
Marid manéh ulah kitu,  
wani-wani nyokot budak//.

210

(17)Geuwat pulangkeun sing gesig,  
naha manéh wani nyangga,  
nyangga bebendon tuan Syéh,  
jin Marid ngawalon sugal,  
soal dibikeun budak kula anu wani musuh,  
jeung Syéh Abdul Qodir Jilan.

(18)Langkung bendu raja ejin,  
pék maranéh ka baladna,  
hayoh si Marid rarojong,  
perangan ku sadayana,  
jin Marid pada narajang,  
ku sadaya di kerepuk,  
pada nareunggeul huluna.

(19)Jin Marid teu bisa budi,  
gancangna anak kawula harita dibikeun baé,  
ti jin marid kapanggihna,  
kawula tuluy haturan,  
sim kuring kagét ka langkung,  
ningal paningkah sampéa.

(20)Kaliwat langkung gumati,  
ngalampahkeun paréntahna,  
tuan Sayid Muhiddin téh,  
naha éta téh kumaha,  
raja jin ngawalonan,  
lamun manéh acan ma'lum,  
éta Syéh Muhiddin Jilan.

(21)Qutubna yang Sukma Jati,  
kabéh tingkah polah kula,  
jeung balad-balad sakabéh,  
ku tuan Syéh ka uninga,

kabéh saalam dunya,  
hadé goréng geus ka ma'lum,  
euweuh pisan kasemaran.

(22)Kitu lahir raja ejin,  
tidinya//tuluy bubaran,  
kula ngomong jero haté,  
gusti nu sipat kawasa,  
geus ngadamel kutubna,  
nu leuwih kawasa punjul,  
marentah ka jin manusa.

211

(23)Hikayat anu kawarti,  
ka genep puluh tujuhna,  
karamat Abdul Qodir Syéh,  
ngungkulan ka anu réa,  
nu diasih ku Alloh jeung hii jalma kacaturur,  
urang nagara Asbahan.

(24)Marek ka Syéh Abdul Qodir,  
matur bari mamandapan,  
awit abdi gaduh bojo,  
katerap panyakit ayan,  
geus sering di tambaan,  
geus sapirang-pirang dukun,  
tambana hanteu tumama.

(25)Margi éta mugi-mugi,  
nyuhunkeun berkah tuan sakitu hatur abdi téh,  
Syéh Muhiddin langkung welas,  
ngadangu piunjukna,  
tuan Syéh lajeung ngadawuh,  
enya éta téh bojo andika.

(26)Diharubiru ku iblis,  
syétan Habsi nu ngagoda,  
kieu baé tambana téh,  
tompokeun kana ceulina,  
sebutkeun sing paratéla,  
manéh Habsi geura undur,  
jung undur ayeuna pisan.

(27)Ulah balik-balik deui,  
ka bojo aing ngagoda,  
lamun balik deui//manéh,  
geus misti manéh diruksak,

213

ku Syéh Muhiddin Jilan,  
aing pang ka manéh nundung,  
Syéh Muhiddin nu miwarang.

(28)Lain istu karep aing,  
tah kitu baé tambana,  
henjig geuwat mulang baé,  
gancangna tuluy pamitan,  
éta jalma geus mulang,  
lawas-lawas hanteu tepung,  
dikira-kira lawasna.

(29)Geus sapuluh taun bukti,  
datang deui éta jalma,  
ku sadayana ditaros,  
hal panyakit bojona,  
cageur atawana acan,  
éta jalma pok ngawangsul,  
berekah guru sadayana.

(30)Baréto ge hanteu lami,  
waras sapada harita,  
sadongkap kawula baé,  
di petakeun di pilampah,  
satimbangan guru téa,  
saharita cageur lulus,  
dongkap ka ayena pisan.

## LV PANGKUR

(1) Nyaéta hikayat anu sawidak,  
punjul jeung dalapan ayeuna anu kawarti,  
Syéh Usman anu cacatur,  
ti Saripaéni bangsana,  
Abi Muhammad wasta wastana mashur,  
jenengan téh itu Abdul Haq  
urang bangsa Hujami.

(2) Dua Syéh enggeus nyarita,  
waktu marek kula//ka Syéh Muhiddin,  
dina bulan tanggal tilu,  
hijrah kanjeng Rasullulloh,  
lima ratus lima puluh opat taun,  
syéh abdul kodir harita,  
karendak mulih ti cai.

- (3) Serta ngaggo digamparan,  
entas abdas lajeug sholat éta ka masjid,  
dua rakaat geus tutug,  
sanggeus awéhsalam,  
Syéh Muhiddin nyowara ngadengéak seru,  
jeung bari nyandak gamparan,  
dibalangkeun langkung tarik.
- (4) Leus leungit hanteu katingal,  
lajeung deui ngajerit cara tadi,  
jeung nyandak gamparan geus hanteu puguh,  
dibalangkeun geus musnah,  
sarampana gamparna geus henteu puguh,  
duka dimana ayana,  
lajeung linggih Syéh Muhiddin.
- (5) Sadaya nu ngadehesan,  
sami ewed teu aya anu ngareti,  
naon hikmat tanu tangtu,  
rék naros henteu ka werat,  
tina jarisami caralik tarungkul,  
énggalna lajeung bubarna,  
ari enggeus lami-lami.
- (6) Geus tilu likur poéna,  
rabul dongkap sudagar anu sarugih,  
marawa barang di tanggung,  
Syéh Muhiddin//timbalna,  
geuwat tanpa itu agus,  
panadarna Ki Kapilah,  
ku kula tuluy ditampi.
- (7) Sinjang sutra warna-warna,  
jeung sosoca ema sadaka nutih,  
lianna hanteu dicaur,  
jeung nyanggakeun gamparan,  
sarampasna ka Syéh Abdul Qodir katur,  
kapilah pada mariksa ku sohabat murid-murid.
- (8) Éta gamparan timana,  
kapanggihna sudagar ngawalon aris,  
baréto kuring kapungkur,  
dina tangkal tilu sapar,  
eukeur dagang jeung sakabéh batur-batur,  
keur luempang di hiji tenggal,

datang pirang-pirang baduwi.

(9) Kapalana aya dua,  
barang kula séép taya nu kari,  
ku begal pada ngareubut,  
serta tuluy dibarawa,  
kana jurang baladna sakabeh kumpul,  
teu aya peta ngalawan,  
tina loba balad baduwi.

(10)Kula tuluy ngadekeutan,  
kana jurang ku kawula katingali,  
barang keur di duung-duung,  
ka sakabeh baladna,  
badwi ningal ka kawula pada napsu,  
kula arek dipargasa,  
rék dipaehan dibasmi.

(11)Sabatur-batur kaula,  
rempug kabéh baroga nadzar wajib, //  
mun barang teu kungsi lapur,  
seja hajat hadiah ka Syéh Abdul Qodir seja hatur-hatur,  
kitu panadaran kula,  
eukeur kitu tuluy nguping.

215

(12)Aya nu ngadengék nyora,  
langkung tarik kebeuk dina leuweung kai,  
kula reuwas liwat langkung,  
pék deui aya sowara,  
cara tadi ngadengék ngoceak seru,  
ari panyana kawula,  
aya bangga séjén deui.

(13)Tidinya sakabéh bégal,  
budal kabéh tina jurang bararijil,  
marawa barang dipanggul,  
dipasrahkeun ka kawula,  
top rawatan deui sing puguh,  
kabéh saboga-bogana,  
kami liwat-liwat risi.

(14)Geura coba taringalan,  
nu dua lurah kami,  
pada maot ngajarungkung,  
kawas disamber gelap,  
kabéh barang taya pisan anu ucul,

ku kula kabéh dirawat,  
tuluy kula naringali.

(15) Asup kana jero jurang,  
lurah bégal duanana geus marati,  
dina jurang ngajarungkung,  
pada aya gamparan,  
dina pipi narapel teu acan ucul,  
serta nu dua gamparan,  
baraseuh kénéh ku cai//.

216

(16) Kukula tuluy dirawat,  
pada bengong baladna begal baduwi,  
ieu lampah langkung-langkung,  
matak kaget kacida,  
sadayana sohabat anu ngadangu,  
caritaan Ki Kopilah  
sami bengong liwat.

(17) Hikayat nu kasawidak,  
jeung salapan Syéh Bako anu wawarti,  
kieu lahiran dicatur,  
aya hiji jelema,  
enggeus kolot bareng eujeung bujang lembut,  
diaku anak sorangan,  
padahal éta lain.

(18) Jeung anu diaku anak,  
leuwih tegep nyebutkeunnana teu sudi,  
ngaku bapa kanu kitu,  
gancangna éta jelema,  
anu kolot dibawa ngadeuheus tuluy,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
pok unjukan aki-aki.

(19) Anu mawi ngadeuheusan,  
rehana ieu istu anak jisim kuring,  
tapi basangkal murugul,  
hanteu daék ngaku bapa,  
ka sim kuring margi éta panunuhun,  
pangnedakeun ka Pangéran,  
sangkan éta anak kuring.

(20) Ulah mentengul basangkal,  
daék nyebut bapa ka sim kuring,

Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
kersa pangandikana//ngan sakitu manéh ka aing nya maksud,  
tiap-tiap lamun enya,  
anak maneh pribadi.

217

(21) Manéh bohong jijieunan,  
éta lain anak manéh pribadi,  
Syéh Muhiddin lajengng lungsur,  
asup ka jero bumina,  
semu bendu rarayna bari merengut,  
carengkat bulu socana,  
carentik nu dua halis.

(22) Hanteu aya lantaranana,  
saharita di pinggir-pinggir nagari,  
pilemburan kabéh lebur,  
ruksak kahuruan langkung gedé gurger diunggal lembur,  
méga di luhur nyalingray ti handap katebak tarik.

(23) Kabéh jalma paburiset,  
lulumpatan ngungsi ka jero nagri,  
sieun karuksak kaduruk,  
seuneu kajadiannana,  
tapi sabab Syéh Muhiddin langkung bendu,  
Syéh Bako sanggala-galan,  
marek ka Syéh Abdul Qodir.

(24) Badé nyuhunkeun tulungan,  
kasondongna masih bendu katiwas,  
pameunteuna beureum ngempur,  
sadongkapna Syéh Bako,  
tuluy calik payuneun tuan Syéh tungkul,  
tuluy unjukan//meumeulasna,  
héy tuan gusti simkuring.

218

(25) Mugi iasih piwelas,  
kasadaya mahluk Robbuljalil,  
jalma sami ruksak lebur tuan Syéh katingalna,  
lajeng bayar anggeus pagar tina bendu,  
seuneu sapada harita,  
pareng kabeh hanteu kari.

(26) Kula langkung –langkung héran,  
karamatna Syéh Muhiddin Jilani,  
loba serta agung,  
moal beunang didoja,

dibobodo satingkah-tingkahna terus,  
hikayat ieu geus tamat ,  
Dangdanggula nu ngaganti.

## LVI DANGDANGGULA

- (1) Hikayah tujuh puluh kawarti,  
carita Syéh Abi Hasan,  
jenenganana nu sayaktos,  
bangsa Ansori Maphur,  
kieu lahir Abi Hasan,  
baréto waktu kawula,  
ti Mekah keur wangsul,  
jeung aya batur saurang,  
entas haji dijalan ka Bagdad ka nagari,  
nembé yén terang harita.
- (2) Jeung di Bagdad taya hiji jalmi,  
nu geus wawuh jeung kawula,  
jeung kawula harita téh,  
batur kawula nya kitu,  
pada séép hanteu boga duit,  
ngan hiji pakarang,  
pésu nu//dibantun,  
tuluy harita dijual,  
ladangna téh pék dibalanjakeun meuli,  
béyas jeung kadaharan.
- (3) Réhna sanget pada loba sami,  
sanggeus asak tuluy didalahar,  
tapi taya numarios,  
anggur loba hanteu lipur,  
sina tuluy nyingkah arindit,  
kula tuluy nyarimpang,  
ka madrasah asup,  
enya éta pancalikan pamurukan Syéh Abdul Qodir Jilani,  
Syéh kasondong keur lénggah.
- (4) Pok ngandika ieu dua jalmi,  
pada miskin tur datang ngumbara ,  
parulang haji karék jol,  
geus teu baroga sangu,  
cumah tinggal péso hiji,  
dijual pék ladangna,  
diparaké rempug,



meuli béas diasakan,  
sanggeus asak tuluy didalahar tapi,  
duaan hanteu mirasa.

(5) Tina kitu Sayid Abdul Qodir,  
kula langkung héran pikiran,  
réh pangandikana sayaktos,  
pék deui Syéh ngadawuh,  
miwarang kagandék hiji,  
ngambeungkeun kadaharan,  
kula ngomong laun,  
nanya ka batur kaula,  
hayang//naon anu jadi kapiati,  
jawaban batur kaula.

220

(6) Réh kaula luway kaliwat saking,  
naon-naon rupa kadaharan,  
waktu ieu hayang baé,  
carék kaula ka batur kula banget nu kapiati,  
hayang madu nyiruan,  
tuan Syéh ngadawuh,  
ka gandekna miwarangna,  
nyadiakeun buah-buah nu aramis,  
jeung madu nyiruan.

(7) Dina ambengkeun ku gandekna tarapti,  
buah-buah rawuh kadaharan,  
hareupeun kuli ngabérés,  
ari wawadah madu,  
hareupeun pribadi,  
ari béh mah aya,  
kula hayang langkung,  
kadaharan rupa-rupa,  
sanggeus kula dahar madu palay roti,  
tuan Syéh pok nimbalan.

(8) Ka gandekna miwarang ngabalik,  
ngabalikeun wawadah kadaharan,  
wawadah madu pék dicokot,  
sok ka hareupeun batur,  
kadaharan anu lian deui,  
sok hareupeun kaula,  
saparantos tutug,  
piker kula boga rasa,  
saniskara lampah nu tembong nu buni,  
ku Syéh geus kauninga.

(9)Tiluy gilig seja pasrah diri,  
rék guguru ka Syéh Manakawan moal ka nu séjén-séjén.  
pikir kula kitu,  
pok ngalahir Syéh//Abdul Qodir,  
andika tangtu pisan,  
bakal jadi guru,  
tukang muruk mamatahan,  
sadayana di nagri Mesir  
guguru ka andika.

221

(10)Eujeung gampang eujeung sugih mukti,  
éta kitu Syéh pangandikana,  
kula matur handap asor,  
naha ngadawuh kitu,  
teu ka hartos ku jisim kuring,  
karantenan kuring téh,  
bodo langkung-langkung,  
sumawonteun ngaji kitab,  
Fatihan geus tacan nimu diaji,  
tina balelol pisan.

(11)Pilahirna Sayid Abdul Qodir,  
kami enggeus idin Pangéran,  
ngandika kitu ka manéh,  
ti dinya kula tuluy,  
pasrah diri ngaguru ngaji,  
kersa Allah nu Maha Agung,  
ngabukakeun ati kula,  
ngan satahun lawasna ngaguru ngaji,  
hapad sagala kitab.

(12)Sarua jeung beubeunangan ngaji,  
dua puluh tahun lawasna,  
tina berkahna tuan Syeh ti dinya kaula matur,  
amit badé mulang ka Mesir,  
tuan Syéh ngandika tapi kudu tuluy,  
nyimpang ka Dumsik nagara,  
Perbuguna ngaran Sang Raja,  
Dumsik,  
ayeuna geus sadia.

(13)Mapak balad rek ngarurug//jurit,  
rék merangan ka Mesir nagara,  
ku andika mudu carék,  
ulah tulus ngalurug,

223

lamun maksa tangtu balahi,  
kawawan kadéngé perang,  
kudu tahun payun,  
lamun di tahun hareup mah,  
tangtu hadir kawawan perangna ratu Mesir,  
taluk serah bongkokan.

(14)Kitu wewelingna Syéh Muhiddin kula tuluy munjungan jung leumpang,  
dék ka Mesir ngaléos,  
satengah jalan seug imut,  
mampir heula ka nagri Damsik,  
Perebuguna kasampak,  
sabaladna kumpul,  
rék budal ngalurug perang,  
rék nalukkeun menpuh ka nagri Mesir,  
ku kaula pék dicaram.

(15)Sadawuhan tadi Syéh Muhiddin,  
tatapina Sang Perebugun,  
maksa teu benang dicaréék ti dinya kaula tuluy,  
miheulaan leumpang ka Mesir,  
Raja Mesir kasampa,  
sabaladna kumpul,  
badé budal mapag perang,  
enya éta mapag perang Raja Damsik,  
wasta Perbuguna.

(16)Carék kula ka sang Raja Mesir,  
gewat budal Perbuguna papag perangna tangtu kadéséh,  
urang Mesir tangtu wungkul,  
sageu seug buda//sang raja Mesir,  
perok papapag di jalan,  
tuluy perang campuh,  
urang Dumsik hanteu tahan,  
kowan perang réa nu kasambut mati,  
kabur lalumpatan.

(17)Parbuguna gancangna geus mulih,  
ka nagara sarawuh baladna,  
satinggalna nu teu maot,  
ari geus ganti taun,  
Perbuguna ngarurug deui,  
urang Mesir nu kalah,  
réa nu kasambut,  
tungtungna serah bongkokan,  
urang Mesir taluk ka Sang Raja Dumsik,

ku hal éta kaula,  
(18)Eunggeu nyaréka Sang Raja Dumsik,  
malik saé asih ka kaula,  
tarima duméh dicarék,  
sabaladna nya kitu pada asih meresén duit,  
duit paméré téa,  
ku kula diitung aya lima belas laksa dirham,  
kitu deui Raja Mesir,  
asihna kabina-bina.

(19)Kula langkung sugih mukti,  
tina berkah Syéh Muhiddin Jilani,  
sapepeling baréto téh,  
Syeh Abdul Qodir guru,  
istu punjul ti para wali,  
jeung loba-loba karamat,  
anu agung-agung,  
carita ieu geus tamat,  
sejen catur eujeung laguna diganti,//  
Kinanti ieu pupuhna.

225

## LVII KINANTI

- (1)Hikayat ka tujuh puluh,  
jeung punjul hiji kawarti,  
ti para masaih loba,  
hiji jenengan Syéh Ali,  
putra wasta Syéh Yahya,  
kampungan bangsa Azazi.
- (2)Kaduana anu nyatur,  
jenengan Syéh Ali deui,  
putra wasta Syéh Abdulloh,  
kampungan bangsa Ashari,  
jeung Syéh Muslim nu nyarita,  
putra Syéh Ali Wasiti.
- (3)Éta para Syéh geus nyatur,  
caturna aya sahiji,  
wasta Abu Bakar Hamam,  
tur dirahmat ku Yang Widi,  
sérta loba karamatna,  
tatapi éta Syeh mungkir.
- (4)Malang hanteu seja nurut,

ka Syéh Muhiddin Jilani,  
hiji mangsa Syéh Bu Bakar,  
tepang jeung Syéh Muhiddin,  
Syéh Muhiddin pok ngandika,  
éh Abu Bakar Hamami.

(5) Gusti anu Maha Agung,  
enggeus mopoyan ka kami,  
ati manéh goréng niat,  
murang ka paréntah kami,  
Syéh Abu Bakar teu jawab,  
dina manah tetep mungkir.

(6) Di séjén poé kacatur,  
lajeng jengkar Syéh Muhiddin,  
diiring para sohabat,  
salebet ka masjid jami, //  
di dinya lajeng tepangan,  
jeung Syéh Bu Bakar Hamami.

226

(7) Dada Syéh Bu Bakar tuluy,  
diusap ku Syéh Muhiddin,  
ku panangan nu sabeulah,  
tuan Syéh bari ngalahir,  
geuwat pecat Abu Bakar,  
ati goréng niat mungkir.

(8) Jeung manéh ayeuna undur,  
nyingkah ti Bagdad nagari,  
les musna Syéh Abu Bakar,  
leungit teu aya di amsjid,  
ku sadayana pangampihna,  
diarubek béh kapanggih.

(9) Geus aya di luhur gunung,  
di sajero leuweung kai,  
nahnay serta lesu lupa,  
ilmuna sakabéh leungit,  
sumawona bisa angkat,  
ngadeg ogé teu ka wawi.

(10) Mun maksakeun anjeun nangtung niat rék mulih ka bumi,  
raos diringkus di banda,  
serta nyeri liwat saking,  
tigatedebug ngagolépak,  
tungtungna gék deui calik.

(11) Upama lamun ditulung,  
tuluy digandong diais,  
rek dibawa ka bumina,  
nu ngagandongna tibalik,  
gebluk labuh duanana,  
karamatna Syéh Muhiddin.

(12) Ari dina hiji waktu,  
ibu Bu Bakar Hamami,  
tuluy dongkap ngadeuheusan,  
ka Syéh Muhiddin Jilani, //  
matur nangis dumareda,  
kuring langkung sono Gusti.

227

(13) Jeung pun anak hayang tepung,  
réh geus lami teu papanggih,  
ari ka leuweung ditéang ,  
moal kuat leumpang rumpil,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
hadé bibi kula idin.

(14) Ayeuna gé keur lumaku ,  
jalan leumpang nerus bumi,  
mangké tuluy baé téang ,  
tempo ka sumur ku bibi,  
di dinya baé tepungan,  
mun banyat kula teu idin.

(15) Ibu Syéh Bu Bakar tuluy mulih serta geusik-geusik,  
tuluy ka sumur di téang ,  
putrana ka sampak calik,  
di jero sumur ngantosan,  
tétéla sili tingali.

(16) Sadaya wargana kumpul,  
narepangan heurin usik,  
ti luhur sumur naringal,  
jeung midamdami bari nangis,  
geus puguh Abu Bakar mah,  
jeung ibuna welas asih.

(17) Nangis nalangsa kalangkung,  
sanggeus tétéla ningali,  
seug leungit Syéh Abu Bakar,  
geus aya di leuweung deui,

sakitu baé lakuna,  
mun sono hayang papanggih.

(18) Jalanna ka bumi terus,  
dina sajum'ah sakali,  
meunang tepang jeung ibuna,  
tuluy Syéh Idi ngala//hir,  
ka Syéh Qodi miwarangna,  
mareuk ka Syéh Abdul Qodir.

228

(19) Neda hampura pitulung,  
ka Syéh Bu Bakar Hamami,  
tapi Syéh Muhiddin Jidan,  
ngan ukur masihan jangji,  
moal ngampura ayeuna,  
kitu lahir Syéh Muhiddin.

(20) Aya hiji nu kacatur,  
Syéh Mudopar nelah nami,  
sobatna Syéh Abu Bakar,  
istu dalit mikaasih,  
pék tajali Syéh Mudopar,  
ka Gusti Nu Maha Suci.

(21) Ngandika gusti yang Agung,  
hé Mudopar abdi Aing,  
rék naon manéh paneda,  
Syéh Mudopar matur ta'dim,  
ka gusti anu Kawasa,  
hé gusti sim abdi téh mugi-mugi.

(22) Dikersakeun deui wangsul,  
pun Bu Bakar sanak abdi,  
anu doip serta hina,  
dawuhan robbul 'alamin,  
ku manéh geuwat tepungan,  
Muhiddin kakasih Aing.

## LVIII SINOM

(1) Caritakeun ku manéhna,  
ka Abdul Qodir Jilani,  
yén Pangéran geus nimbalan,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
dawuhannana gusti,

anu sipat Maha Luhur,  
upama rék ngaruksak,  
ka mahluk ka abdi-abdi,  
tuluy kabéh pada tobat neda-neda.

(2)Hanteu tulus diruksakna,/  
di sapaatan diasih,  
jeung kadua parkarana,  
béjakeun ka Abdul Qodir,  
saha jalma anu di,  
rahmat ku gusti yang Agung,  
kabéh sakur anu ningal,  
bangsa mu'min pada asih,  
pon nyakitu abdi Aing Abu Bakar.

229

(3)Ku Aing enggeus dirahmat,  
kabéh sakur anu mu'min,  
nu nénjo ka Abu Bakar,  
tangtu pada welas asih,  
nyakitu Abdul Qodir,  
kudu ngiring suka syukur,  
tah kitu Mudopar,  
béjakeun ka Abdul Qodir,  
Syéh Mudopar kalangkung suka manahna.

(4)Sanggeus kitu Syéh Mudopar,  
marek ka nabi sinelir,  
kangjeng Nabi ngadawuhan,  
béjakeun ka Abdul Qodir ,  
éta gaganti Aing,  
jeung ahli waris sasitu,  
nu aya di nagri Bagdad,  
eyang tuna kangjeng Nabi,  
geus nimbalan ngamulyakeun Syéh Bu Bakar.

(5)Tina sabab geus nohonan,  
kana papakon Yang Widi,  
najan ka Abdul Qodir pisan,  
pangbendungan jalan hiji,  
malang atina munkir,  
ka Abdul Qodir teu anut,  
tatapi ayeuna mah,  
atina enggeus beresih,  
niat tobat serta niat kumawula.

(6)Éta kitu ki Mudopar,



béjakeun ka Abdul Qodir,  
sa//tutugna Syéh Mudopar,  
tajali ka Robbul Jalil,  
jeung saparantosna deui,  
dumeuheus ka kangjeng Rosul,  
jig mulih gagancangan,  
serta langkung suka galih,  
kebat angkat ka leuweung badé nepangan.

230

(7)Nepangan Syéh Abu Bakar,  
jeung nyandak roti keur ngirim,  
maksudna rék cacarita,  
polahna waktu tajali,  
ka Yang Sukma Sajati,  
jeung marek ka kangjeng Rosul,  
hanteu kocap di jalan,  
ka leuweung kai geus sumping,  
enggeus tepang jeung sobatna Syéh Abu Bakar.

(8)Masih nahné lesu lupa,  
sakabéh ilmuna lali,  
ngan kantun muka sapahna,  
anu tetep hanteu leungit,  
Syéh Mudopar teu kungsi,  
nyaturkeun langkah kapungkur,  
waktu tajali téa,  
ngan lajeng diajak mulih,  
badé marek ka tuan Syéh Abdul Qodir Jilani.

(9)Syéh Bu Bakar yasa angkat,  
duaan lajeng marulih,  
hanteu kocap di jalan,  
duaan geus pada sumping,  
marek ka Syéh Abdul Qodir,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
cing coba Syéh Mudopar,  
caritakeun masing sidik,  
yén polah andika waktu munajat.

(10)Pungak pinguk Syéh Mudopar,//  
taya pihatur saeutik,  
réhna sadayana lepat,  
lampahna waktu tajali,  
euweuh nu émut sahiji,  
ngan ngahuleng ruhah rahuh,  
hanteu yasa cacarita,

231

lajeung ku Syéh Abdul Qodir,  
dicarios sadayana teu kaliwat.

- (11)Ti kawit dongkap ka tamat,  
lampahna waktu tajali,  
cara nu geus di carita,  
kagét Syéh Mudopar nguping,  
tina yaktos hanteu sisip,  
sadawuhannana terus,  
istu neunggang nanggulang,  
karamat Syéh Abdul Qodir,  
punjul ti para wali nu réa.
- (12)Syéh Bu Bakar pok tobat,  
sumungkem jeung hurmat ta'dim,  
harita geus dihampura,  
ku Syéh Muhiddin Jilani,  
Syéh Muhiddin Jilani ,  
ngusap ku panangan tuluy,  
kana dada Syéh Bu Bakar,  
kabéh ilmu na nu lali,  
saharita émut deui sadayana.
- (13)Taya pisan anu lepat,  
samalah leuwih ti tadi,  
tina sabab berekahna,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
langkung-langkung Syéh Bu Bakar,  
suka manah sujud syukur,  
carita ieu tamat,  
nyaturkeun nu séjén deui,  
jeung diganti laguna Asmarandana.

#### **LVIX ASMARANDANA//**

232

- (1)Hikayat anu kawarti,  
nu katujuh puluh dua,  
Syéh Mansur anu nyarios,  
Wasitil Wa'di bangsana,  
putrana Syéh Mubarak,  
kieu lahiran Syéh Mansur,  
kaula acan mendakan
- (2)Sahiji jalma lalaki,  
nu leuwih beucik sorangan,

jembar dada resik haté,  
teu ngamumulé napsuna,  
teu nurut karep manah,  
ngan Syéh Muhiddin nu kitu,  
kawasa luhur darajat.

(3) Sok remen satata linggih,  
rérendéngan jeung barudak,  
jeung hurmat ka kolot-kolot,  
miheulaan uluk salam,  
jeung sok calik satata,  
jeung nu msikin-miskin kumpul ,  
mando ngasorkeun salira.

(4) Tapi kurang tatakarami,  
ka satria pangkat-pangkat,  
semuna angkuh gumedé,  
mun aya kapala dongkap,  
jongjon linggih mancangah,  
dina paimbaran luhur,  
hanteu lungsur-lungsur acan.

(5) Jeung tara keresa calik,  
ka bumi nu mangku raja,  
ka bumi raja sumawona,  
eujeung ku kula ka pendak,  
tuan Syéh eukeur nyérat,  
keusik muruluk ti luhur ,  
kana kertas nu diserat.

(6) Pék dikirabkeun beresih,  
tuan Syéh pék deui nyerat//puruluk deui keusik téh,  
dongkap katilu balikan,  
pék deui dikirab-kirab,  
kaopat kali muruluk ,  
tuan Syéh ningal tengah.

233

(7) Bet aya sahiji beurit,  
nu ngawur-ngawur lemah,  
tuluy ngandika tuan Syéh,  
mangka tugel beuheung sia,  
beurit ragrag ka handap,  
awak papisah jeung hulu,  
jeung midua nangan kiwa.

(8) Lajeung méndeul segruk nangis,

sumarabat ci socana,  
ku kaula tuluy ditaros,  
kunaon nangis sababna,  
tuan ngawalonna,  
tina inggis liwat langkung,  
risi bisi kalepasan.

(9) Kasalahan nya ngalahir,  
ka jalma nu pada Islam,  
tangtu cara beurit baé,  
temahna paéh perlaya,  
éta kitu sababna,  
hikayat ka tujuh puluh,  
punjul tilu dicarita.

(10) Syéh Umar anu awarti,  
putra Maswud bangsa Turab,  
kieu sahur Syéh Umar téh,  
hiji mangsa kula mendak,  
Syéh Muhiddin eukeur abdas,  
tuluy aya hiji manuk,  
ngisingan kana raksukana.

(11) Ku tuan Syéh ditingali,  
manuk téh ragrag ka handap,  
dina taneuh kusah koséh,  
tuluy sakarat paragat,  
tahi manuk dikumbah,  
pék deui geus tutug wudhu, //  
aya deui manuk datang.

234

(12) Seg tuluy ngisingan deui,  
ngisingan kana panangan,  
manuk ragrag deui baé,  
di handap kukurupukan,  
masih hirup éta mah tuan Syéh lajeung ngadawuh,  
miwarang nyokot ka kaula.

(13) Dawuhana téh misti,  
éta manuk kudu jual,  
sahargana ladangna téh,  
bikeun sidkohkeun pisan,  
carita ieu tamat,  
carita séjénna dicatur,  
ganti pupuh Dangdanggula.

## LX DANGGULA

- (1) Hikayat ka tujuh puluh deui,  
punjul opat anu cacarita,  
Abu Hasan wastana téh,  
Hanapi wastana istu,  
urang asal nagri Bagdadi,  
kieu lahiranana,  
Syéh Hasan kaula kapungkur,  
ngiring ka Syéh Muhiddin Jilan,  
rék jiyarah ka kuburan Syéh Jamadi,  
eujeung para sohabat.
- (2) Tanggal tujuh likur anu yakin,  
poé Rebo di bulan Dzilhijah,  
hijrah nabi dicarios,  
eukeur taun lima ratus,  
dua puluh salapan leuwih,  
Syéh Abdul Qodir Jélan,  
saparantos rawuh,  
ka kuburan Syéh Jamad,  
ngadeg lima sandel hanteu ngalahir,  
ari para pukoha.
- (3) Jeung sadaya para pakir-pakir//kumpul kabéh pada kapanasan  
pungkureunana tuan Syéh,  
saruka-saruka kolbu,  
pada naros ka Syéh Muhiddin,  
naon sababna tuan,  
méndel waé tungkul,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
anu matak kula teu ngalahir,  
baréto poé Juma'ah. 235
- (4) Bulan Sa'ban dina tanggal hiji,  
opat ratus salapan puluhna jeung salapan tahun nonjol,  
Hijrah jeung Nabi Rasul,  
harita kaula indit eujeung para sohabat,  
budal pada tumut,  
dék ka masjid solat Jum'at,  
keur di jalan jeung Syéh Jamad papanggih,  
waktu kénéh di dunya.
- (5) Sarta loba sahabat nu ngiring,  
tuluy kula babaréngan angkat,

eujeung Syéh Jamad ngaréndéng kabéh murid ti pungkur,  
dina cukang wahangan cai,  
Syéh Jamad ngadeukeutan,  
ka kaula nyurung,  
kula ka handap ti gubrag,  
kana cai rasana kaliwat tiis,  
kula waktu harita.

(6) Nganggo jubah anu alus leuwih,  
tungtung jubah dicekel ku kaula,  
bok bisi baseuh sakabéh,  
dijungjungkeun ka luhur,  
barang gebrus kula ka cai,  
kula maca Bismillah,  
sarta niat adus,  
niat adus poé Jum'ah,  
kula ninggal sorangan aya di cai,  
ti dinya//tuluy hanjat.

236

(7) Cipruk kabéh panganggo ku cai,  
hiji-hiji tuluy dipeureutan,  
murid-murid kula langkung kagét,  
saré kaula tigebrus,  
para sohabat Syéh Jamadi,  
pada ngomong sadaya,  
pokna ambu-ambu,  
Syéh Abdul Qodir Jilan sadaya cipruk ku cai,  
tuluy bendu Syéh Jamad.

(8) Nyaur keras aéh kabéh murid,  
maranéh ulah kitu omongan,  
kami lain goréng haté,  
kami téh pang sakitu seja nyoba ka Syéh Muhiddin,  
kumaha masih aya,  
dina manah bendu,  
tapi ku kami katingali angger baé hanteu aya manah pusing,  
tetep baé salirana.

(9) Pilahirna Sayid Abdul Qodir,  
dipakuburan katémbong,  
panangan ti katuhu,  
sakit keeper teu pisan kengeng,  
dianggo barang candak,  
ku kaula tuluy,  
dipariksa naon sabab,  
tangan tuan jadi keeper anu hiji,

Syéh Jamad ngawalonan.

(10)Ti jero kubur bilih teu ningali,  
kawit basa baréto di dunya,  
nyurung ka tuan tijongklok kana cai ngegebrus,  
tambah-tambah jadi cacad panyakit,  
saréh ngaraos tuan,  
tiis liwat langkung,  
kumaha ayeuna tuan,  
ngahampura kana ka lulu// putan kuring,  
ku kula dijawab.

237

(11)Teu sawios-wios ngampura beresih,  
cag Syéh Jamad mun geus ngampura tuan,  
pangedakeun ka Yang Manon,  
sanggeus waluya mulus,  
cageur cara baréto deui,  
tuluy kula dudu'a,  
ka Gusti sayanggung,  
kabéh para auli'a,  
dijero kubur pada tadah amin,  
genep rébu lobana.

(12)Kabéh pada maca amin,  
panangan Syéh Jamad geus mulus cara baréto suka bungahna tutug,  
salirana mulus walagri,  
taya pisan cacad,  
panganggo aralus,  
hanteu aya kakurangan,  
sanggeus kitu nangkeup tangan sami,  
ka Syéh Jamad munjungan.

(13)Kitu lahir Sayid Abdul Qodir,  
cék Syéh Hasan anu cacarios,  
harita bubaran baé,  
ti kuburan warangsul,  
masing-masing pada marulih,  
cariosan Syéh Jamad,  
harus geus kamashur kakocap sangsara,  
Bagdad,  
kukumpul sadaya para alim,  
murid-muridna Syéh Jamad.

(14)Rerempulan sami hoyong sidik,  
sadaya sahabat Syéh Jamad,  
budal sami badé naros,

rabul para sami carunduk,  
ngadareuheus ka Syéh Muhiddin,  
loba para puqoha,  
anu sami tumut//  
bérés caralik ngajajar,  
tapi taya nu wani jalma sahiji,  
ka tuan Syéh unjukan.

238

(15) Pok ngandika Said Abdul Qodir,  
kula enggeus terang kasadaya,  
samaksud andika kabéh,  
tapi hade tarungkul,  
dagoan baé caricing,  
mangké aya nu datang,  
dua jalma lawus,  
cacarita ka andika,  
caritakeun lalampahan Syéh Jamad,  
ngaranna Syéh Abdurrahman.

(16) Kaduana ngaran Syéh Yusup Hamdan,  
urang Kurdi kasebut bangsana,  
éta anu dua Syéh muka tangah istu,  
mangké datang ka Bagdad nagri,  
para sahabat sadaya,  
pada unjuk maur,  
sanajan sajumlah pisan,  
réhna sanget haying terang jisim kuring,  
sumeja diantosan.

(17) Pidahirna Sayid Abdul Qodir,  
moal kungsi sajumlah lilana,  
saméméh bubar an ogé,  
tangtu jebul carunduk,  
serta mawa béja sidik,  
nyaritakeun Syéh Jamad,  
Syéh Muhiddin tungkul,  
sadaya para sahabat,  
sami mandel ku bawaning tina ajrih,  
keur kitu jol dongkap.

(18) Nu jenengan Syéh Yusup Hamdani,  
sadongkapna lebet ka madrasah,  
tuluy cacarios baé,  
numawi kula cunduk,  
rék diutus ku Maha//suci,  
nepangan Syéh Jamad,

239



anu geus dikubur,  
gancangna kula nepangan,  
ka Syéh Jamad Syéh Jamad anu tuluy ngalahir,  
kieu lahiranana.

(19)Éh Syéh Yusup ayeuna sing gesit,  
kudu angkat ka nagri Bagdad,  
asup ka madrasah Syéh,  
Abdul Qodir anu tujul,  
carioskeun ka para masaih,  
jeung ka para puqoha,  
anu keur pada kumpul,  
yéna poma ulah cangcaya,  
sakumaha bja anu geus mashur sidik,  
hal lalampahan kula.

(20)Montong susah ditaroskeun deui,  
ka tuan Syéd Abdul Qodir Jilad,  
acan tutug deui cacariosan kaburu deui jebul,  
nya éta Syéh Abdurrahman,  
sadongkapna carita,  
saparantos Syéh Yusup,  
sadaya para puqoha,  
sami tobat ka Syéh Muhiddin Jidan,  
Durma ngagentos lagu.

## LXI DURMA

(1)Hikayat katujuh puluh lima,  
Syéh Bayin Abdillah,  
anu cacarita,  
Muasili bangsana,  
lahiran Syéh Abdul Qodir,  
kula geus meunang panyariosan sidik.

(2)Rama kula anu jenengan Syéh Abas,  
kaula nu wawar tipidahirna rama,  
ama geus mendakan,  
Sultan Mustajib Billah,  
ti peuting//dongkap,  
nepangan ka Syéh Muhiddin.

(3)Jeung diiring bade hatur-haturan,  
dina sapuluh gampil,  
Sultan pok ngandika,

ka Syéh Muhiddin Jidan,  
hé tuan éta duit,  
kula hadiah,  
ngandika Syéh Muhiddin.

(4)Éta duit ku kami moal ditampa,  
Sultan ngandika deui,  
maksahadiah,  
misti kudu ditampa,  
lajeng nyandak Syéh Muhiddin,  
kampil nu dua,  
ku panangan kanan keru.

(5)Dua kampil pék dipeureut duanana,  
ngabudah jadi getih,  
tuan Syéh ngandika,  
ka Sultan nagri Bagdad,  
coba kumanéh tingali,  
bapa Mudopar,  
naha manéh hanteu isin.

(6)Ku Pangéran anu sipat Maha Mulya,  
nyokotan getih jalma,  
kami hanteu hayang,  
dibéré getih jalma,  
Sultan Mustajid Billah,  
seug kapiuhan,  
lila hanteu lilir.

(7)Pok ngandika Syéh Abdul Qodir Jilan,  
demi Gusti sajati,  
mun kami terus,  
yénu manéhna turuta,  
seuweu tuputu kangkeng nabi,  
tangtu imahna,  
katebak banjir getih.

(8)Pilahirna Syéh nu kagungan carita,  
Sultan nagri Bagdad, //  
lamun lain bangsa,  
turuta Rasulullah,  
enggeus tangtu rusak mati,  
sakadatonna,  
kakeueum banjir getih.

(9)Hikayat nu katujuh puluh genep,

ti Abi Abdillah,  
ka kieu caritana,  
kula geus mendakkan,  
Sultan Mustajib Billah,  
keur ngadeuheusan,  
ka Syaid Abdul Qodir.

(10)Jeung ngaguru ka Syéh di jero madrasah,  
sapoé sapeuting calik,  
Sultan pok unjukkan,  
ka Syéh ka Syéh Muhiddin Jidan,  
hayang terang jisim kuring,  
karamat tuan,  
anu matak ngajaib.

(11)Éta kuring darapon madep teu owah,  
mituhu lahir batin,  
tuan Syéh ngandika,  
nahan kahayang,  
tangtu diturut ku kami,  
Sultan unjukkan,  
kahayang jisim kuring.

(12)Hayang neda buah ti sawarga,  
mungguh di Bagdad nagri,  
acan usumna,  
hiji gé moal aya,  
cumah dijero sawargi,  
nu misti aya,  
karana taya musim.

(13)Sawarna ning bubuahan tangtu aya,  
lajeung Syéh Abdul Qodir,  
kaluhur ngahontal,  
ku panangan sabeulah,  
nyandak tupah dua siki,  
nu hiji tupah,  
sok//ka Sultan Bagdad.

(14)Anu hiji pék dipesék ku anjeunna,  
rupana leuwih putih,  
jeung seungit bermawar,  
kebek jero madrasah,  
sadayana ngangseu seungit,  
lajeung dituang,  
semu nu ni'mat leuwih.

- (15)Hiji tupah dipesék ku Sultan Bagdad,  
dijerona dieusi,  
hileud pirang-pirang,  
Sultan Bagdad unjukkan,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
naon sababna,  
anu matak séjén deui.
- (16)Buah tupah ngan hileud wungkul eusina,  
teu cara nu tadi,  
nu dituang ku tuan,  
rupana leuwih bodas,  
jeung angseuna seungit,  
Syéh ngawalon,  
yah Mustajid Billah.
- (17)Leungeun manéh leuwih kotor loba dosa,  
sok paké ngadolim,  
nganiaya jalma,  
kagét sang Raja Bagdad,  
sarta tungkul langkung ajrih,  
séjén carita,  
Kinanti anu ngaganti.

## LXII KINANTI

- (1)Hikayat katujuh puluh,  
jeung punjul tujuh kawarti,  
anu kagungan carita,  
Muhammad Rojahurraji,  
Putra Syéh Abdurrahman,  
Urang bangsa Qurais.
- (2)Kaduana anu//nyatur,  
jenengan Muhammad deui,  
nu puputra Syéh ‘Abidah,  
kampungna bangsa Anshori,  
dua Syéh enggeus nyarita,  
kula geus mendakkan sidik.
- (3)Sahiji sudagar cunduk,  
ngaranna Ki Bayin Golib,  
ngaranna sasitu padol,  
anu puputra si Ma’il,

matuh di nagara Bagdad,  
matur ka Syéh Abdul Qodir.

(4)Cék Abu Golib ku naon,  
éyang tuan kangjéng nabi,  
Rasulullah anu mulya,  
upami digingsir linggih,  
ka nu karagungan hajat,  
sok nyubadanan jeung gesik.

(5)Jisim abdi kuring pon nya kitu,  
ka tuan ngangagisir linggih,  
sumeja rék gaduh hajat,  
ka rorompok muga sumping,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
kami pon nyakitu deui.

(6)Nya sok nyubadanan cunduk,  
ka nu ngaturanan linggih,  
mun aya idin Pangéran,  
lajeung tungkul Syéh Muhiddin,  
sasangat lajeung cungkedang,  
hayu rék nurutkeun kami.

(7)Énggalna tuan Syéh lungsur,  
parantos nganggo sayagi,  
jeung lajeung nitihan bipal,  
kula anu tumut ngiring,  
jeung hiji batur kaula,  
anu jenengan Syéh Ali.

(8)Ngagandong bipal//geus baku,  
bari bekel sangawedi,  
anu sabeulah ti kiwa,  
Syéh Ali baku nu nyangking,  
sangawedi nu ti kanan,  
di jalan hanteu kawarti.

244

(9)Énggalan baé geus cunduk,  
ka imahna Ali Galib,  
nyampak geus sapirang-pirang,  
geus kumpul para masa'ih,  
ulama nagara Bagdad,  
pepek sadayana linggih.

(10)Ngan panggonan anu suwung,

keur linggih Syéh Abdul Qodir,  
sadiya beunang ngamparan,  
kun u aralus alketip,  
serta sadiya amengan kadaharan rupi-rupi.

(11)Amengan patumpuk pasusun,  
wantuning sudagar sugih,  
hanteu aya kakurangan,  
anu pelem anu amis,  
mantega roti sadiya,  
buah-buah nu aramis.

(12)Ki Ali Golib pok nyebut,  
maca solawat ka nabi,  
jeung tuluy maca Bismillah,  
sumangga taruang sa Syéh Abdul Qodir Jilani,  
mandel hanteu ngalahir.

(13)Teu kersa tuang tungkul,  
serta teu maparin idin,  
dahar ka nu reya-reya,  
sami hayang nu ningali,  
taya nu wani dahar,  
jeung ku kula katingali.

(14)Hilireun ameng panungnung,  
aya jangki gedé hiji,  
tiluhurna//ditutupan,  
serta dicap maké tulis,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
ku kula jeung ka Syéh Ali.

(15)Tapi ku peta ku tunjuk,  
miwarang ngagotong janggi,  
tuluy kukula diangkat,  
kubeurat-beuratna janggin.

(16)Serta disanggakeun tuluy,  
kapayuneun Syéh Muhiddin,  
tuan Syéh lajeng miwarang,  
ngabukakeun tutup janggi,  
kukula tuluy dibuka,  
dijerona téh dieusi.

(17)Hiji budak serta bisu,  
serta buta tuli,

kawit ti awalna pisan,  
tibarang kadunya lahir,  
enggeus kitu panyakitna,  
éta anak Abi Gholib.

- (18) Tuan Syéh lajeng ngadawuh,  
kabudakna nu teu walagri,  
manéh nangtung serta leumpang,  
ku pangawasa Na Yang Widi,  
eujeung panyakit manéh waras,  
budak téh ngorénjat geusik.
- (19) Nangtung serta leumpang tuluy,  
kabéh panyakitna leungit,  
cageur sapada harita,  
sami bengong nu ningali sadayana para ulama,  
sarawéh para masa'ih.
- (20) Sami ubyag jeung gugup,  
kusina héran ningali,  
pada maca Subhanawwloh, //  
nu diluar pada nguping,  
kagét tuluy naringalan,  
sami héran liwat saking.
- (21) Kabéh urang dina kumpul,  
tatanggana Abi Gholib,  
kolot budak pada datang,  
mungguh seuseug heurin usik,  
anu pada naringalan,  
lajeng Sayid Abdul Qodim.
- (22) Medar sila lajeng lungsur,  
serta lajeng baé mulih,  
hanteu barang tuwang heula,  
tina seseg heurin usik,  
ku jalma nu pada ningal,  
parantos sumping ka bumi.
- (23) Kula nyanggakeun piunjuk,  
nyaturkeun carios tadi,  
lampah Syéh Muhiddin Jaélani,  
dicarios hanteu kari,  
ka guru kula geus lawas,  
Syéh Abi Syail Kélawi.

(24)Syéh Abi Syafid pék nyaur,  
carita andika sidik,  
kula percaya kacida,  
karana Syéh Abdul Qodir,  
éta kutub auliya,  
punjul ti sadaya wali.

(25)Saya nyageurkeun nu bisu,  
budug belang buta tuli,  
ngahirupkeun nu geus hilang,  
serta idinna Yang Widi,  
saperti anu ka tukang,  
ku kula nu geus kapanggih.

(26)Nuju hijrah lima ratus,  
tujuh tahun hijrah nabi,  
harita aya nu dongkap,//  
jalma urang orang Rofdi,  
jeung mawa telebuk dua,  
ditutup dibuni-buni,

247

(27)Ka Syéh Abdul Qodir matur,  
numawi marek sim abdi,  
seja nyuhunkeun ditoroh,  
ieu naon dina cangki,  
aya naon dijerona,  
lajeng langsung Syéh Muhiddin.

(28)Tina paimbaran lungsur,  
telebug anu sahiji,  
lajeng diusap tutupna,  
tuan Syéh mesem ngalahir,  
dijerona aya budak,  
tapi lumpuh teu walagri.

(29)Kaputrana pok ngadawuh,  
wasta Syéh Abdur Rojak,  
Abdur Rojak coba buka,  
ieu telebug nu hiji,  
ku putra lajeng dibuka,  
di jero tetela sidiq.

(30)Aya budak serta lumpuh,  
lajeng ku Syéh Abdul Qodir,  
budak lumpuh téh diusap,  
jeung bari ngandika matin,



manéh cageur geura leumpang,  
budak téh ngaronjat indit.

(31)Saharita bisa nangtung,  
tuluy lulumpatan ulin,  
salumrah budak nu réa,  
sami bengong nu ningali,  
telebug anu kadua,  
tutupna diusap deui.

(32)Jeung lajeng mésem ngdawuh,  
ieu dina jero eusi,  
sahiji budak//eusina,  
mulus waluya walagri,  
hanteu aya panyakitna,  
ka putra miwarang deui.

248

(33)Ngabuka tutup telebug,  
ku putra dibuka deui,  
tétéla dieusi budak,  
jeung mulus waluya jati,  
jung nangtung bijil kaluar lulumpatan tuluy ulin.

(34)Nu dua budak diambung,  
tarangna ku Syéh Muhiddin,  
jeung sina diuk ngajajar,  
kabéh jalma orang Rofdi,  
pada tobat mamandapan,  
ka tuan Syéh bari ceurik.

(35)Serta pada amit mundur,  
anakna dibawa balik,  
harita para sohabat,  
aya tilu anu mati,  
ku bawaning tina hébat,  
ningal kamulyaan leuwih.

(35)Carék sadaya nu nyatur,  
lamun Syéh Abdul Qodir,  
ngabijilkeun karamatna,  
tangtu aya anu mati,  
tilu atawana opat,  
Maskumambang nu ngaganti.

- (1) Hikayat anu tujuh puluh kawarti,  
jeung punjul dalapan,  
carios Syéh Alim,  
putra wasta Syéh Abdulloh.
- (2) Ejeung ti Syéh Abdul ‘Ahir,  
putra Syéh Soléh,  
jeung ti Syéh Muhammad Alamat kakasih nu tilu Syéh geus ngandika.
- (3) Kula manggih datang sahiji//isteri, 249  
serta mawa anak,  
anak lalaki sahiji,  
ka tuan Syéh ngadeuheusan.
- (4) Tuluy matur nu mawi marek sim abdi,  
neda karna Alloh,  
mugi-mugi kersa nampi,  
déék ngagandékan pun anak.
- (5) Éta anu seja pasrah dohir batin,  
tuan Syéh narima,  
énggalna budak lalaki,  
ku tuan Syéh dirawatan.
- (6) Isteri téa tuluy pamitan rék balik,  
ari budak téa,  
dibalajar diperedih,  
ngurangan saré jeung dahar.
- (7) Cara eukeur bure Syéh Abdul Qodir,  
sanggeus lawas-lawas,  
éta isteri datang deui,  
tuluy manggihan anakna.
- (8) Kasampakan anakna keur dahar roti,  
roti beureum lawas,  
serta pias kuru langsit,  
tina kurang barang dahar.
- (9) Serta tina teu pati saré ti peuting,  
indung éta budak,  
ngahelas welas ningali,  
tuluy baé ngadeuheusan.
- (10) Ka madrasah marek ka Syéh Abdul Qodir,

eukeur sagelaran,  
para sohabat ngabaris,  
kasondong bubaran tuang.

- (11) Digédéngeun masih aya kénéh piring,  
serta tulang hayam,  
numpang dina luhur//piring,  
isteri indung budak téa.
- (12) Sadongkap matur ka Syéh Abdul Qodir,  
duh gusti pun anak,  
karendak keur neda roti,  
roti beureum eunggeus lawas.
- (13) Cumah roti teu aya lalawuhna deui,  
tuan katingalan,  
parantos tuang sasayagi,  
bukti aya tulang hayam.
- (14) Na pun anak ku tuan teu dipaparin,  
kitu pihaturanna,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
lajeng nutupkeun panangan.
- (15) Kana tulang dina saluhureun piring,  
serta maos ayat,  
Yuhyl 'idomi wahiya romim,  
tegesna téh Gusti Alloh.
- (16) Nu kawasa ngajadikeun hirup deui,  
kana tulang-tulang,  
nu geus bosok tina kami,  
tuluy tulang hayam.
- (17) Hirup deui lulumpatan bulak-balik,  
jeung nyoro kokotak,  
dipayuneun Syéh Muhiddin,  
tuan Syéh lajeng andika.
- (18) Mun geus bisa kitu anak manéh nyai,  
tangtu dibéréan,  
cara kadaharana kami,  
serta dibéré inuman.
- (19) Moal béda sarupa inuman kami,  
kitu pilahirna,//

250

251

sadaya anu ningali,  
sami bengong pada héran.

- (20) Isterina téh tuluy amit mulih,  
ieu carita geus tamat,  
nyaturkeun nu séjén,  
Pucung pitembangeunna.

#### LXIV PUCUNG

- (1) Hikayat nu ka tujuh puluh dicatur,  
jeung punjul salapan,  
nu nyatur para masaih,  
tapi henteu disebut jenenganna.
- (2) Ceuk pitutur hiji mangsa eukeur kumpul,  
sami ngdeuheusan,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
tuluy aya heulang disada ngalayang.
- (3) Hiber ngalayang ngungkulan nu keur karumpul,  
serta kabarengan datang ribut hujan angin,  
nu caralik kabéh mesum sami susah.
- (4) Réhan alur kapungkur-pungkurna tangtu,  
jadi gara-gara,  
sok datang susah balahi,  
Syéh Muhiddin pok ngandika ka sadaya.
- (5) Naha lamun beuheungna heulang téh rampung,  
heulang tuluy ragrag,  
hulu papisah jeung jisim,  
Syéh Muhiddin lungsur tina panglinggihan.
- (6) Heulang anu geus paéh beuheungna rampung,  
jeung huluna heulang,  
dicandak ku Syéh Muhiddin, //  
ditepungkeun bari maos bismillah.
- (7) Barang tutug maos bismillah tuluy,  
hirup deui heulang,  
ngaguru puk hiber tarik,  
mabur deui ngalayang ka awang-awang.
- (8) Sami bengong sadayana héran kalangkung ningal bangké heulang,

hirup bisa hiber deui,  
séjén catur pupuhna Asmarandana.

## LXV ASMARANDANA

(1) Hikayat anu kawarti,  
nu kadalpan puluhna,  
Syéh Syarif anu nyarios,  
Syéh Hadir anu puputra kieu kapangandikana,  
baréto kula ngadangung  
rama kula cacarita.

(2) Saurna ama geus ngiring,  
ka Syéh Muhiddin ngahadam,  
lawasna ama ngagandék,  
ku tuan Syéh Mandakawan,  
tacan poho diétang,  
meunang tilu belas tahun,  
dina sakitu lawasna.

(3) Tuan Syéh henteu kapanggih,  
tina mamah bijil ludah,  
bijil ruhak mah sumawon,  
eujeung hanteu salirana,  
nya éta ka para raja,  
hateu kersaeun sar sup,  
kana bumina sang raja.

(4) Jeung teu aya hurmatan deui,  
ka menak-menak sadaya,  
jeung tara asup tuan Syéh,  
kana lawang raja-raja,  
jeung tara kersa lénggah,  
dina//pangcalikan ratu,  
upamana tuan Syéh lenggaha.

(5) Dipangcalikan narpati,  
raosna cara diriksa,  
jeung tara tuang-tuang tuan Syéh,  
katuangan raja-raja,  
lamun rék kasumpingan,  
ku tatamu bangsa ratu,  
geuwat lebet ka bumina.

(6) Samangsa para narpati,

geus pada calik merenah,  
kakara bijil tuan Syéh,  
kaluar badé nepangan,  
éta nu dipandang,  
supaya para ratu,  
lalungsur ti pancalikan.

(7)Ngarandeg ngahurmat takdim,  
ka taun Syéh tata karama,  
sadayana raja gegeden,  
sami hurmat sadayana,  
pada mandek munjungan,  
ngagalentor pada ngambung,  
nya éta kana panangan.

(8)Tidinya gek pada calik,  
tuan Syéh calik mancangah,  
semu kumaki gumedé,  
pék muruk mituturan,  
jalan-jalan karajaan,  
sadayana para ratu sami mendek pada hurmat.

(9)Pada ngeto gumati,  
hanteu aya nu mumpang,  
eujeung deui tuan Syéh,  
upama ngadamel surat ,  
baris ka raja-raja,  
kieu uninga dicatur,  
kami Syéh Muhiddin Jilan.

(10)Panutan para narpati,  
jeung kami anu maréntah,  
ka para utusan//kabéh,  
jeung kami anu manpaat,  
ka para raja-raja,  
nyunyu kana surat kitu,  
ka éta sadaya raja.

(11)Anu dikintunan tulis,  
sami ngambung kana surat,  
jeung pada nyaurkeun yaktos,  
Syéh Abdul Qodir Jilan rajana para raja,  
sultan auliya agung,  
hanteu aya nu ngungkulan.

(12)Kakasih Syéh sukma jati,

anu loba karamatna,  
teu aya hinggana baé,  
carita ieu geus tamat,  
séjén anu dicarita eujeungna digentos lagu,  
Durma pitembangeunana.

## LXVI DURAMA

- (1) Hikayat dalapan puluh dicarita,  
jeung punjul sahiji,  
Syéh anu nyarita,  
ti Askari bangsana,  
wasta Abu Abdul Rohim,  
kieu lahirna,  
kaula geus nguping.
- (2) Pangandika Syéh Abdul Qodir Jilan,  
lahirna Syéh Muhiddin,  
baréto kaula,  
keur pana ka Yang Sukma,  
poho teu aya kaéling,  
ider-ideran,  
di jero leuweung kai,
- (3) Tuluy bijil ti leuweung kai kaluar,  
jeung tuluy lumpat tarik,  
tapi hanteu karuhan,  
teu puguh anu diseja,  
eureun sajam ras éling,  
bet geus aya,  
dina tempat anu tebih.//
- (4) Kula kaget ti dinya jig baé mulang,  
diséjén mangsa deui,  
tuluy deui pana,  
di leuweung nagri Bagdad,  
teu nyaho Masrik jeung Magrib,  
jig kula lumpat,  
sakedap ras éling.
- (5) Bet geus aya di tapel wates nagara,  
Bagdad jeung Tastari,  
anu dilampahan ku kula waktu pana,  
opat belas poé jeung peuting,  
kula mikiran,

hal kula pana lali.

(6)Eukeur kitu jol hiji awéwé datang,  
pok ngomong eta ister nyieun kagét tuan,  
hal tingkah tuan pana,  
kapan tuan Syéh Muhiddin,  
nu leuwih mulya,  
gururna para awaliya.

(7)Hikayat nu ka dalapan puluh,  
dua,  
ti Syéh Mudhofar nami,  
ti Quraés bangsana,  
jeung ti Abdul Maal,  
dua Syéh eungeus ngalahir,  
geus nguping kula,  
pilahir Syeh Hafid.

(8)Nu katelah ku putra rama Abdulloh,  
bin Muhammad Buhari,  
urang nagri Bagdad,  
kieu pangandikana,  
kula geus tétéla nguping,  
pangandikana,  
Syéh Muhiddin Jilani.

(9) Lahirna téh kula saban boga anak,  
barang berag nembé lahir,  
pék di//pangku budak,  
eujeung kula ngandika,  
manéh tangtu bakal mati,  
nu matak kula,  
lamun katingal mati,

256

(10)Ku sakabéh anak nu geus hilang teu susah teu pirhatin,  
sabab keur leutikna,  
disirnakeun disebat,  
para putra Syéh Muhiddin,  
nu enggeus wafat,  
loba pameget jeung isteri.

(11)Tetkala Syéh Muhiddin diuningana,  
yén putrana geus mati,  
mun putrana wafat,  
tuan Syéh tara obah,  
jongjon ngeunah-ngeunah calik,



mun di madrasah,  
calik jeung murid-muridna.

(12)Jongjon baé muruk ka para sahabat,  
ngan sawaréhna murid,  
disina nyiraman,  
ka mayit putra téa,  
saparantos lastari,  
mayit dibawa,  
ka payuneun Syéh Muhiddin.

(13)Lajeung baé disolatkeun ku anjeuna,  
jeung sadaya murid-murid,  
tah kitu petana,  
saban katilar putra,  
lahir Syéh Muhiddin Hafid,  
anu puputra,  
Syéh Muhiddin Hadir.

(14)Pilahirna kula dina hiji mangsa,  
marek ka Syéh Muhiddin,  
nuju rendeng hujan,  
ti peuting eujeung ti beurang,  
Syéh Muhiddin katingali,  
ngango//raksukan,  
raksukan ngan salapis.

257

(15)Parandéné karinget teu saat,  
tembus ka luar bijil,  
serta dikepetan,  
tina panas hareudang,  
carita ieu lastari,  
séjén carita,  
sumngaga lagu Kinanti.

## **LXVII KINANTI**

(1)Hikayat dalapan puluh,  
jeung punjul tilu kawarti,  
hiji Syéh anu nyarita,  
wasta Abdulah Hasani,  
eta kieu pilahiran,  
kula geus tétéla nguping.

(2)Syéh Abdul Qodir ngadawuh,

kieu lahiran nu misti baréto kula keur tapa,  
nyegah saré serta nyepi,  
aya dina jero halwat,  
datang pirang-pirang jalma.

(3) Sandingeun kula dariuk mawa ngomong masing-masing,  
kula hanteu bisa nyegah,  
di luar halwat kakuping,  
ngaguruh soara jalma,  
rék asup ka tempat nyepi.

(4) Nu diluar pada asup,  
mungguh seseg heurin usik,  
kula bijil tina halwat,  
rék nyingkahan jalmi-jalmi,  
di luar halwat balatak,  
taya tempat anu sepi.

(5) Tuluy indit nyingkah jauh,  
jeung mawa sahiji korsi bijil kaluareun kuto,  
ngajungjung tempat nu sepi,  
merenah //di tengah tegal,  
diuk saluhureun korsi.

258

(6) Teu kungsi lila butunyul,  
datang pirang-pirang jalma,  
sarta pada tumpak onta,  
nu sawareh kupa Persi,  
tumpak kaldé eujeung bigal,  
sawaréh nu jalan kaki.

(7) Maksudna sakabéh rempung,  
nepungan kula pibadi,  
pada mawa cacarita,  
pinuh sakuriling bungking,  
balabar lir cai caah,  
ti gédéngun kanan kéri.

(8) Ti payun eujeung ti pungkur,  
jejel jalma heurin usik,  
dikira-kira réana,  
tujuh puluh rebu jalmi,  
carita ieu geus tamat,  
carios nu séjén deui.

## LXVIII MIJIL

- (1) Hikayat dalapan puluh leuwih,  
opat dicarios,  
anu kagungan carios hiji Syéh,  
wasta Abi Zakaria,  
Syéh Yahya kakasih,  
bin Kosar kacatur.
- (2) Asal urang nagri Bagdad,  
lahirna kawartos pangandika Abi Zakaria Syéh,  
kula geus nguping pawarti,  
rama nu ngalahir,  
lahiran nu kapungkur.
- (3) Ama masangkeun jimat paranti,  
nyaaur ejin aéwon,  
sasarina mun masang jimat téh,  
rabul datang pirang-pirang//jin,  
serta geusik-geusik,  
daratang murumbul.
- (4) Ngan harita elat para ejin,  
taya nu datang jol,  
lila-lila daratang sakabéh,  
jero imah sesek heurin sapirang-pirang jin,  
ejin islam hungkul.
- (5) Ngomong ka ama kabéh ejin,  
nunuhun ngadago,  
pijagaeun mun nyahur téh ,  
ulah keur nuju Syéh Muhiddin,  
kempelan jeung murid,  
miwejangkeun ilmu.
- (6) Tangtu elat moal sangkal kuring,  
ka ajengan moro,  
carék ama ejin sakabéh,  
sanaha manéh sok marilu hadir,  
ka Syéh Abdul Qodir,  
sakabéh jin matur.
- (7) Lamun nuju kanjeng Syéh Muhiddin,  
kempelan sagolong,  
jeung murid-muridna sakabéh,  
para ejin nu islam sami ,

taya anu kari,  
sami tumut kumpul.

(8)Munglah seseg manusa jeung jin,  
pacampur pacorok,  
sami pada ngupingkeun sakabéh,  
piwejangna kanjeng Syéh Muhiddin,  
kitu cék para jin,  
ka ama cacatur.

(9)Hikayat dalapan puluh deui,  
jeung lima dicarioskeun,  
Abi Hafad bin Umar Syéh pila//hirna Syéh Abi Hafsini,  
kua geus nampi,  
paréntahan guru.

260

(10)Eunyana éta Sayid Abdul Qodir,  
kieu dicarios,  
Abu Hafad manéh saban poé,  
kudu datang marek ka kami,  
mun turut geus pasti,  
meunang bagja agung.

(11)Manéh meunang peresen pangasih,  
ti Gusti Yang Manon,  
papakéan anu hayang,  
jeung salamet jaga dibatin,  
maneh moal panggih,  
siksaan Yang Agung.

(12)Tengah poé waktu Syéh Muhiddin,  
nimbalan teu poho,  
sanggeus kitu kula saban poé,  
ngadeuheus ka Syéh Muhiddin,  
ari mangsa poé hiji,  
keur manceran bedug.

(13)Kula marek dihandapeun pibadi,  
sila tungkul mando,  
kula nundutan pék ngimpén,  
ningali ti luhur langit,  
pangango sayagi,  
hibar hurung mancur.

(14)Ririaban siga putih kuning,  
siga beureum hejo,

tuluy ragrag meneran teu géséh,  
kalahunan kula pibadi,  
keur kitu ngalilir,  
cengkat tina tungku.

(15)Kula nangtung harita jung indit,  
jeung pikiran bengong,  
rék//cacarita ka batur yén ngimpén,  
barang leumpang geus rada tebih,  
kangjeng Syéh Muhiddin,  
nyahur nyeluk-nyeluk.

261

(16)Balik deui manéh Abu Hafsin,  
kula leumpang léos,  
ka tuan Syéh marek deui baé,  
ngadauhan tuan Syéh ka kuring,  
aéh Abu Hafsin,  
manéh ulah kitu.

(17)Impian anu geus kapanggih,  
tadi,  
ulah dicarios,  
batur-batur bisina sak hayat,  
teu percaya kana éta ngimpi,  
carita lastari,  
Dangdanggula pupuh.

## LXIX DANGDANGGULA

(1)Hikayat dalapan puluh deui,  
punjul genep Syéh Abdullah Haban,  
anu kagungan carios,  
pilahirna dicatur,  
kula enggeus nguping pilahir,  
Syéh Muhiddin éta,  
lamun kula maksud,  
calik di tegal nu caang,  
tangtu bulan moal aya nu ningali,  
sakabéh manusa.

(2)Anging kula awas ingali,  
kasakabéh mahlukna Allah nu murbeng ‘alam sakabéh,  
kami geus tanpa dauh,  
kudu aya di jero nagri,  
supaya mangpaat,

kasadaya mahluk,  
sakabéh jalmi,  
nuduuh jalan kaharjaan.

(3)Ti baréto pirang-pirang kapid,  
diislankeun ku salira//kula,  
lima ratus jumlahna téh,  
ka kaula ngajarugjug,  
urang Nasoro eujeung Yahudi,  
eujeung baréto kula,  
keur jaman kapungkur,  
tukang nyebrot papaksa.

262

(4)Mun diétang leuwih laksana keti,  
nu tarobat bangsa jurujana,  
nu masrahkeun raga kabéh,  
éta anu leuwih alus,  
jalma méré pituduh becik,  
karana jurujana,  
eujeung bangsa kupur,  
kaseungit Alloh Ta'ala,  
kalakuan nu ngaruksakkeun agama,  
milah paréntah sara'.

(5)Hikayat dalapan puluh deui,  
punjul tujuh ti Abi Muhammad,  
Syéh Rajab jenenganana nu yaktos,  
ka putra ku Syéh Mansur,  
jeung Syéh Jéd Abdurrahman,  
Syéh Salim anu puputra,  
bangsa Qurés mashur,  
ngandika Abu Muhammad,  
nu dua Syéh baréto geus wawarti,  
cacarita ka ama.

(6)Hiji wasta Qodi Abu Solih,  
kadua Abu Hasan Habasa urang Bagdad nagrina téh,  
Abu Soléh geus mashur,  
rama kula geus wawarti,  
andika Abu//Hasan,  
kula geus ngarungu,  
carios Umar Bazaz,  
jeung Syéh Zéd ti Abu Ishaq Ibrohim,  
kieu pangandika.

263

(7)Kaula ningal ka Syéh Abdul Qodir,

nganggo-nganggo panganggo ulama,  
panghadéna salawasna téh,  
sinjang sutra alus,  
hideung lemes nu leuwih licin,  
jeung sok nunggaran bipal,  
dipajengan mendung,  
lamun tuan ngandika,  
luhur korsi gentrana bedas tarik,  
teteg serta capétang.

(8)Rurungueun sakur nu nguping,  
sanajan Syéh répéh teu ngandika,  
gentrana karungu baé,  
eujeung lamun Syéh ngutus,  
ka sohabat salah sawiji,  
taya nu lalawora,  
mituhu sumujud,  
eujeung lamun aya jalma,  
eujeung lamun aya kahayang,  
naon baé anu goréng haténa hanteu beresih,  
ku tuan Syéh katingalan.

(9)Dipedarkeun malik langkung ajrih,  
eujeung urang mun aya kahayang,  
naon sapaneja baé,  
upama hayang tepung eujeung sobat nu tebih-tebih,  
atawa kulawarga,  
anu jauh-jauh,  
atawa lian ti dinya,  
naon-naon anu diseja ku ati,  
urang beral baé//leumpang.

264

(10)Ngadeuheusan ka Syéh Abdul Qodir,  
tangtu naon maksud urang dipayuneun Syéh kasondong,  
upama sobat jauh,  
geus kasampak di dinya calik,  
eujeung hiji mangsa,  
Syéh jengkar tuluy,  
rék ka masjid solat Jum'ah,  
urang pasar sami hurmat tatakarami,  
serta pada neneha.

(11)Ka Pangéran anu Maha Suci,  
rupa-rupa kabéh panedana,  
jalma sapasar kabéh,  
samaksudna tinemu,

berkahna Syéh Abdul Qodir,  
sadayana panedana,  
diijabah maksud,  
Syéh Muhiddin lajeng angkat,  
badé solat geus ka jero masjid,  
Syéh keur waktu harita.

(12) Kadongkapan beresin sakali,  
sami muji Alhamdulillah,  
jalma di jero masjid kabéh éar kabéh ngaguruh,  
ngajawab Yaharmukalillah,  
Sultan Mustajid Billah,  
di jero kadatuan,  
kagét geuwat miwarang,  
aya naon ngaguruh di jero masjid.  
matur nu dipiwarang.

(13) Syéh Muhiddin kadongkapan beresin,  
tuluy muji pujina dijawab,  
ku jalma samasjid kabéh,  
anu mawi//ngaguruh,  
Sultan kagét midanget warti,  
carita ieu tamat,  
séjén nu dicatur,  
dalapan puluh dalapan,  
nu ayeuna hikayat anu kawarti,  
pupuh Sinom tembangna.

265

## LXX SINOM

(1) Anu kagungan carita,  
wasta Syéh Muhammad Ali,  
bin Idris Ya'kub bangsana,  
kieu lahiran kawarti,  
kula tétéla nguping,  
Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
kieu pangandikana,  
sakabéhna jalmi-jalmi,  
pada boga guru ngaji pamuntangan.

(2) Kami guru malaikat,  
sumawonna jalma jeung jin,  
kabéh éta kaparéntah,  
jeung kula tétéla nguping,  
pilahir Syéh Muhiddin,



waktu teu damang kapungkur,  
ngandika ka putrana,  
antara manéh jeung kami,  
kitu deui jeung jalma-jalma nu loba.

(3)Jauhna kabina-bina,  
saperti bumi jeung langit,  
jeung deui kami pacuan,  
dipapada disasami,  
eujeung sahiji jalmi,  
anu sahiji mahluk,  
ulah rék dipapaha,  
tuan Syéh ngandika deui,  
ka putrana nu jenengan Abdul Jabbar.

(4)Ku manéh Abdul Jabbar,  
saré atawana nyaring,  
hadé maot Abdul Jabbar, //  
saméméh manéh mati,  
aya hadé manéh hirup,  
lamun hirup manéh mulus,  
sapereti hirup ama,  
kitu lahir Syéh Muhiddin,  
lajeng ningal Syéh ka hiji arah-arrah.

266

(5)Aya jalma katingalan,  
lapat-lapat katingali,  
tuan Syéh lajeng ngandika,  
marhaba ka éta jalmi,  
hé kakasihing tuan Syéh lajeng ngandika,  
marhaba ka éta jalmi,  
hé kakasihing Yang Widi,  
tuan Syéh ngadawuh kitu,  
ka jalma anu dirohmat,  
ku Gusti nu Maha Suci,  
lamun ningal ka jalma anu cilaka.

(6)Hé bubuangan Pangéran,  
kitu lahir Syéh Muhiddin,  
tah kitu pangandikana,  
lamun aya dua jalmi,  
nu bareng katingali,  
anu hiji jalma mulus,  
anu hiji doraka,  
sabab terang katingali ngalamatna nu bagja jeung nu cilaka.

(7)Ngandika wasta Muhammad,  
wasta istu Abdul Aziz,  
nu dua Syéh ngalahir,  
kula geus terang ngarungu,  
Syéh Muhiddin ngandika,  
sakabéh mahluk Yang Widi,  
panggawéna kabéh aya di kaula.

(8)Kaungkulan ku kaula,  
jeung kabéh Rijalullah,//  
tetkala pada dongkap,  
ka makom Kudrotulloh,  
ditulak téa hiji,  
ka dinya nu meunang asup,  
anging mun babarengan,  
jeung kaula kara kénging,  
meunang asup dijerona leuwih éndah nyata.

267

(9)Geus hanteu aya samarna,  
eujeung deui kula wani,  
nolak kana naon barang,  
nu dipasti ku Yang Widi,  
mungguh ka hiji jalmi,  
tapi jeung beber saistu,  
disahurkeun ka Alloh,  
amrih malik jadi becik,  
jeung ngandika hiji imam nu nyarita.

(10)Imam Safi'i wastana,  
pilahir Imam Safi'i,  
éta makom Kudratullah,  
pangluhurna taya deui,  
tanu bisa nepi,  
para aulia nu aragung,  
ngan hiji Muhiddin Jilan,  
sabab becikna leuwih,  
séjén catur diganti ku tembang Durma.

## **LXXI DURMA**

(1)Hikayat dalapan puluh salapan,  
ti Syéh Muhammad Jalil,  
rama Syéh Abdullah,  
jeung ti Syéh Abu Ishak wasta Ibrahim Tobri,  
éta Syéh dua,

eunggeus pada ngalahir.

- (2) Tetkalana Syéh Abdul Qodir ngandika,  
sohor ka séjén nagari,  
keur waktu harita,  
aya tilu ulama,  
kampungna desa Jilani, //  
budal sarengan,  
marek ka Syéh Muhiddin.
- (3) Nu tilu Syéh geus dongkap ka nagri Bagdad,  
ngajajar sami lalinggih,  
pada kaidinan,  
caralik di madrasah,  
waktu éta Syéh Muhiddin,  
pinuju lénggah,  
jeung pananganana nyangking.
- (4) Nyandak kitab jeung di payuneunana aya,  
hiji wawadah kendi,  
di dinya aya,  
dipayuneun Syéh Muhiddin,  
Syéh Muhiddin.
- (5) Tina sabab kendi teu bener kiblatna,  
lalaworana leuwih,  
pandakawan téa,  
hanteu bener neundeunna,  
kitab anu keur dicangking,  
diteundeun énggal,  
ku tuan Syéh Muhiddin.
- (6) Pandakawan anu neundeun kendi téa,  
dipencerong ditingali,  
tiba ngagolépak,  
tuluy maot harita,  
kendi tuluy ditingali,  
minger sorangan,  
mener ngiblatna kendi.
- (7) Waktu éta anu hadir di madrasah,  
sadaya para wali,  
sahiji Syéh Bako jeung Syéh Ali wastana,  
putra jenengan Syéh Hayyi,  
jeung lian éta,  
nu jenengan Syéh Sapid.

- (8) Jeung Syéh Majidlkurdi jenenganana,  
 lajeng Syéh Abdul Qodir,  
 ka gandék timbalan,  
 ngajengkeun katuangan,  
 ambengan enggeus sayakti,  
 taya ka kuarang, //  
 ngandika Syéh Muhiddin.
- (9) Ka gandékna manéh gék diuk di dinya,  
 dahar eujeung sémah sami,  
 gandék pok unjukan,  
 jisim abdi puasa,  
 ngandika Syéh Abdul Qodir,  
 manéh kop dahar,  
 udék mangmang ati.
- (10) Enggeus tangtu puasa manéh diganjar,  
 gandék unjukan deui,  
 sim abdi puasa,  
 Syéh pok deui ngandika,  
 manéh ulah semang ati,  
 pasti diganjar,  
 ku Gusti Robul Jalil.
- (11) Sarua jeung puasa meunang sajum'ah,  
 gandék unjukan deui,  
 sim abdi puasa pameng moal buka,  
 lajeng mandel Syéh Muhiddin,  
 mureleng ningal,  
 ka gandék bendu galih.
- (12) Gandék niba ngagedebug kapaéhan,  
 awak bareuh mukiking,  
 unggal palawangan,  
 bijil getih nanah,  
 sadaya sakur nu hadir,  
 kagét sadaya,  
 pada nulungan sami.
- (13) Serta pada nyuhunkeun pangampurana,  
 ka Sayid Abdul Qodir,  
 Syéh Muhiddin Jilan,  
 lipur taya benduna,  
 pameunteuna beyar manis,  
 dadak sakala,

gandék téh cageur deui.

- (14) Cara tadi teu aya pisan cacadna, //  
sakur anu ningal,  
bengong sadayana mendakan karamatna Syéh Abdul Qodir Jilani,  
ganti carita,  
laguna ku Dangdanggensi.

270

## LXXII DANGDANGGULA

- (1) Hikayat ieu nu kawarti,  
salapan puluh ieu nu dicarita,  
Abi Qosim nu nyarios,  
Umar jenengan nu éstu,  
putra Mas'ud bangsa Bajaji,  
kieu pangandikana,  
kula geus ngarungu,  
Syéh Abdul Qodir nimbalan,  
ka mudin nuju di madrosah linggih,  
tengah peuting waktuna.

- (2) Tapi caang cara pajar sidiq,  
malah tanggal hiji bulan Romdon,  
hijrah opat ratus nonjol,  
jeung tujuh puluh tahun,  
punjul lima hijrah nabi,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
ka maudin ngadawuh,  
anu ngaraksa munara,  
manéh adan ayeuna maudin,  
dina waktu harita.

- (3) Barang waktu harita geus janari,  
Syéh Muhiddin pok deui nimbalan,  
adan ka maudin nu séjén,  
ki maudin adan tuluy,  
barang keur pajar sidiq,  
lajeng deui nimbalan,  
nu lian di tujul,  
dipiwarang deui adan,  
sanggeus adan pok ngandika Syéh//Muhiddin ka maudin tilu téa.

271

- (4) Saban peuting kudu tilu kali,  
manéh adan cara ayeuna,  
sing tartib ulah pacorok,

ngabaku saban waktu,  
isuk–isuk Syéh Muhiddin,  
dideuheusan magelaran,  
para sohabat kumpul,  
ditaros ku sadayana,  
tuan naon margina téh wengi tadi,  
nimbalan kedah adan.

(5)Ka muadin kedah tilu kali,  
ngandika Syéh Muhiddin Jilan,  
barang nitah adan nembé,  
sabab aras Yang Agung,  
obah sanget cara kulini,  
tuluy ngarungu kaula,  
soara nu nyeluk,  
tina sahandapeun aras,  
pokna téh hé nu kaparek ka Yang Widi,  
sakur nu pipilihan.

(6)Geus meujeuhna kabéh pada nyaring,  
mésah adan ka dua kalina,  
arasna Gusti Yang Manon,  
obah deui nya kitu,  
tuluy aya nu ngundang deui,  
hé para auliya,  
kakasih Yang Agung,  
geura nyaring sadaya,  
barang méméh adan nu katilu kali,  
aras kagungan Alloh.

(7)Obah sanget cara tadi deui,  
sahandapeun aras tuluy aya,  
nu ngundang–ngundang parlénté,  
hé jalma sakur anu,  
amrih pangampura//Yang Widi,  
geus meujeuhna harudang,  
ulah katarungkul,  
tah éta kitu sababna,  
anu matak nitah adan tilu kali,  
Syéh Muhiddin nimbalan.

(8)Enya éta katilu muadin,  
wates ieu ulah pegat–pegat,  
adan tilu kali baé,  
saban peuting nya kitu,  
piligenti tilu muadin,

ulah rék paselang,  
sing tuluy ngabaku,  
carita ieu geus tamat,  
séjén catur kasalapan puluh hiji,  
hikayat nu dicarita.

(9)Ti Syéh Hasan wasta Syéh Ali,  
bangsa Qurés jalma nu kadua,  
Syéh Faqir anu nyarios,  
Abu Qosim disebut,  
putra Syéh Ubadah Ansori,  
dua Syéh geus unjukan,  
keur waktu kapungkur,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
mangsa hijrah opat ratus tahun leuwih,  
lima puluh punjulna.

(10) Pihaterna ka Syéh Abdul Qodir,  
jisim kuring mugé dituduhan,  
muga diterangkeun baé,  
lampah tuan kapungkur,  
ti apit dongkap ka ahir,  
popoyankeun ka amba,  
abdi hayang malum,  
lampah nu jadi lantaran,  
jeneng wali malah mandar jisim kuring,  
meunang berkah tuan.//

273

(11) Kupituduh tuan anu yakti,  
jisim kuring bisa ngalampahan,  
ka tuan rék niron–niron,  
naon anu jadi baku,  
partélakeun sahiji–sahiji,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
ngawalonan sahur,  
ku silib hanteu partéla,  
disa'irkeun kieu lahir Syéh Muhiddin,  
Sa'irna basa Arab.

Ana ragibha famanntaqorroba wasfahu,  
wamunasiban lughotan tilapu latfuhu,  
wamufawidul usyawwufi asrorihim minnkulli ma'nani lam saé'ani kasfuhu,  
qod kana yasykuru fi miizazi saroobin walyaumi yashibuni ladaihi sorfuhu,  
faagibu rusydii biawwali tadhrihi walyauma astajiluhu tsumma azifuhu ∞

(12) Kitu sa'irna Sayid Abdul Qodir,

saparantos maos sa'ir éta,  
kula pok unjukan mindo,  
kumaha kuring lamun,  
ngalampahan ibadah bakti,  
puasa eujeung solat,  
liana nya kitu,  
sapertos puasa tuan,  
solat abdi cara solat tuan deui,  
teu béda sadayana.

- (13) Pon nya kitu lamun temen kuring,  
hanteu béda tina temen tuan,  
réhna tina hayang sayaktos,  
meunang martabat luhur,  
cara tuan//jeneng wali,  
punjul tinu réa,  
sim kuring saistu,  
teu mendak nu cara tuan,  
pok ngawalon ka kula Syéh Muhiddin,  
lamun andika hayang.
- (14) Meunang rohmat nugrahing Yang Widi,  
marga tina pituduh kaula,  
demi pangeran Yang Manon,  
lampah kula saumur,  
tara dahar jeung nginum cai,  
mun hanteu ditimbangan ku Gusti Yang Agung,  
kitu saniskara,  
laku lampah pagawéan gedé leutik,  
tara dilampahan.
- (15) Lamun téa timbalan yang Widi,  
tegesna kula barang dahar,  
ngaleueut pon kitu kénéh jeung sadaya laku,  
hanteu pecat saari-ari,  
jeung idin pangeran,  
Syéh ngadawuh kitu,  
Syéh Abu Hapsin ngandika,  
éta sa'ir Syéh Abdul Qodir Jilani,  
pék diturun diserat.
- (16) Jeung dikarang dina panjangkeun sa'ir,  
amrih réa anu pada maca,  
ieu carita parantos ayeuna anu dicatur,  
nyarioskeun nu séjén deui,  
jeung diganti laguna,



ku Kinanti pupuh,  
malah mandar jadi senang,  
kanu tembang eujeung malah mandar deui,  
tambah ragab anu nanggap.

### LXXIII KINANTI

- (1) Hikayah salapan puluh,  
punjul dua//nu kawanti,  
ti Syéh Soyah Ibani Abas,  
putra Syéh Ahmad Quresi,  
hiji mangsa kula mendak,  
ka Syéh Muhiddin Jilani. 276
- (2) Tunggang bipah agkat tuluy,  
ka masjid Mansur geus sumping,  
lebet ka masjid pék solat nuju poé yakin,  
saparantos netepan,  
lajeng mios jengkar mulih.
- (3) Ka jero madrosah rowuh.  
sasumpingna Syéh Muhiidin,  
lajeng ngadaan dastar,  
dikirabkeun gasik-gasik,  
ngagepluk ragrag ngarayang,  
babakaur katingali.
- (4) Syéh Abdul Qodir ngadawuh,  
babakaur manéh mati,  
babakaur tuluy modar,  
jeger hanteu usik deui,  
tuluy nyatur ka kaula,  
Syéh Abdul Qodir Jilani.
- (5) Ahmad éta babakaur,  
anu sina mati,  
nyoco kana tarang kula,  
tadi keur solat di masjid,  
malah nepi ka madrosah,  
taar béntol katingali.
- (6) Diusap ngadadak tuluy damang teu béntol saeutik,  
kula langkung kaget ningal,  
karamat Syéh Abdul Qodir,  
carita ieu geus tamat,

nyaturkeun nu séjén deui.

- (7) Hikayah salapan puluh,  
jeung punjul tilu kawarti,  
ti Syéh// nu geus mapripat ka Alloh,  
jenengan Syéh Abi Tajib,  
ti Sahrul Wardi bangsana,  
pilahir Syéh Abi Tajib. 276
- (8) Nyatur ka utamaan punjul,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
enggeus-enggeus kawasa maréntah,  
nu wujud di alam mulki,  
sarta enggeus mashur kongas,  
ka saalam malakuti.
- (9) Teu aya sasamana punjul,  
waktu ieu Syéh Muhiddin,  
anu ngabawah paréntah,  
kasadaya wali,  
jeung sagala para tingkahna,  
geus aya di Syéh Muhiddin.
- (10) Jeung hiji Syéh anu nyatur,  
nu ma'ripat ka yang Widi,  
jeung geus kagungan karamat,  
Sayid Ahmad nelah nami,  
bin Hasan Ripa'i telah,  
ngalem ka Syéh Abdul Qodir.
- (11) Pilahirna téh dicatur,  
teu ngaja Syéh Abdul Qodir,  
sagara sara yang sukma,  
kiwaeun Syéh Abdul Qodir,  
sagara élmu hakékat,  
yang sukma anu sajati.
- (12) Saha jalma anu maksud,  
kumaha karep pribadi,  
timana baé rék nimbi,  
titangan atawa kéri,  
amrih jalan ka harjan,  
nimba ti Syéh Abdul Qodir.
- (13) Eujeung saha jalma anu, //  
asup ka nagri Bagdadi, 277

pacuna ulah rék neja,  
lian ti munjung ngabakti,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
sanajan geus tilar dohir.

- (14) Gusti anu Maha Agung,  
parantos kagungan jangji,  
ka sadaya auliya,  
saha jalma anu manjing,  
asup ka nagara Bagdad,  
teu seja munjung ngabakti.
- (15) Ka kakasih kami anu aran Muhiddin Jilani,  
éta teu hasil maksudna,  
leuwih tuta dohir batin,  
carita ieu geus tamat,  
Asmarandana ngaganti.

#### **LXXIV ASMARAN**

- (1) Hikayat anu kawarti,  
kasalapan puluh opat,  
ti Syéh Bajaj nyarios,  
kieu pilahir Syéh Bajaj,  
baréto poé Juma'ah,  
tangkal lima belas nuju,  
Jumadil ahir bulanna.
- (2) Lima ratus hijrah nabi,  
jeung lima puluh punjulna,  
kula geus ngiring ngagandék,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
waktu rék angkat Juma'ah,  
ka jero masjid geus cunduk,  
kula ti pungkureunana..
- (3) Kula kagét liwat saking,  
hanteu cara sasarina,  
taya hiji jalma moro,  
ka tuan Syéh nu munjungan,  
carék pikiran kaula,  
naon sababna nu//tangtu,  
tacan tutug pikir kula.
- (4) Kaburu tuan Syéh nolih,

kapungkur ningal ka kula,  
pameunteu bunder pasemon,  
tuluy sadaya,  
ubyag,  
jalma nu marunjungan,  
ngaheula-heula pahibut,  
mungguh seuseuk heurin pisan.

(5)Kula nyingkah tina heurin,  
carék pikiran kaula,  
ieu lampah langkung baé,  
matak suka serta harja,  
pikiran acan paragat,  
tuan Syéh kaburu nyaur,  
kula marék ngadeukeutan.

(6)Nompo ka kula ngalahir,  
ieu tingkah sagala,  
kereteg ati kabéh,  
kudu kieu nya kahayang,  
bisi manéh teu terang,  
sakur jalma kabéh mahluk,  
kabéh ku kami kabawah.

(7)Disingkirkeun tangtu nyingkir,  
mun kami diparétah,  
dikumpulkeun kumpul kabéh,  
kitu Syéh pangandikana,  
carita ieu tamat,  
aya deui nu kacatur,  
salapan puluh hikayat.

(8)Jeung lima anu kaharti,  
titah Abi Hapso Umar,  
anu puputra Syéh Soléh éta kieu nyaritana,  
kaula waktu di Bagdad,  
manggih hiji jalma cunduk,  
jeung mawa sahiji onta.

(9)Marék ka Syéh //Abdul Qodir,  
tuluy unjukan meumeulas,  
numawi marék abdi téh,  
jisim abdi badé mungguh,  
haji ka nagri Mekah,  
tapi kuring ieu gaduh,  
onta ngan sahiji pisan.

- (10) Jeung lumpuh gaduh kasakit,  
ngan ukur werat ngaléngkah,  
nyuhunkeun berkah tuan Syéh,  
sémah kitu pihaterna,  
sahur Syéh Abdul Qodir Jilan,  
tina pangcalikan lungsur,  
onta diideuk sukuna.
- (11) Jojompongna onta deui,  
ku tuan Syéh kop dicandak,  
bari ngandika tuan Syéh,  
manéh onta leuwih gancang,  
ngungkulan ka onta lian,  
onta ngoréjat jung nangtung,  
seumuna keras kacida.
- (12) Kateurusan eujeung bukti éta onta satuluyna,  
salawasna éta baé,  
anu panggancang-gancangna teu aya anu ngungkulan,  
eujeung hiji Syéh ka kacatur,  
jeuneungan Syéh Abu Hasan.
- (13) Keur waktu sanget panyakit,  
ku Syéh Muhiddin dilayad,  
Syéh Abu Hasan nyarios,  
Sim kuring gaduh ingonan,  
deudeuruk eujeung titiran,  
duanana dina kurung,  
Syéh//Abdul Qodir ngandika.
- (14) Kadua manuk ngalahir,  
manéh maca subhanalloh,  
muji ka gusti Yang Manon,  
anu midamel ka manéhna,  
tuluy manuk anu dua,  
pada maca tasbéh ngungkung,  
kami kagét nu ngalayad.
- (15) Nembé saumur hurip,  
nguping manuk bisa maca,  
tasbéh muji ka Yang Manon,  
tuluy hanteu pegat-pegat,  
tepi ka wafatna pisan,  
Syéh anu kagungan manuk,  
nya éta Syéh Abu Hasan.

- (16) Karamat Syéh Abdul Qodir,  
nu kasuka Pangéran,  
langkung loba anéh-anéh,  
geus hanteu aya hinggana,  
carita ieu tamat,  
carios séjén dicatur,  
Kinanti ngagentos tembang.

## LXXV KINANTI

- (1) Hikayat salapan puluh,  
jeung punjul genep kawarti,  
tiwasta Syéh Abu Hasan,  
Syéh Abu Hasan ngalahir,  
kula geus sapirang-pirang,  
ngaguru ngalap warid.
- (2) Waridan nu bangsa luhur,  
ti lian Syéh hiji-hiji,  
jeung lian-lian bangsana,  
tapi tambah suker pikir,  
buret-buret dibawana,  
hanteu senang hanteu manis. //
- (3) Hiji mangsa kula cunduk,  
ka Syéh Ali putra Haéti,  
nyaritakeun lampah kula,  
hal geus éta ngalap warid,  
tapi bingung henteu senang,  
lajeung ngandika Syéh Ali.
- (4) Saé andika ngaguru,  
ka Syéh Muhiddin Jilani,  
pasti tetep moal robah,  
waridan nu lami-lami,  
sabab bangsa Qodariah,  
leuwih berat taya tanding.
- (5) Megatkeun sagala laku,  
balikan sing geusik-geusik,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
manjing guru ngalap warid,  
sabab waktu ieu éta,  
ratuna sagala wali.

- (6) Jeung para ulama nu jamhur,  
anu sami 'arif-'arif,  
kabéh kabawah paréntah,  
ku Syéh Muhiddin Jilani,  
sina kebat kula angkat,  
marék ka Syéh Abdul Qodir.
- (7) Ka jero madrasah asup,  
tuan Syéh kasondong linggih,  
dideuheusan ku sohabat,  
ka kula tuluy ningali,  
kabéh samaksud kaula kawas asa katingali.
- (8) Halé kula acan betus,  
ngedalkeun maksud pribadi,  
buktina tuan Syéh nyandak,  
tina sahandapeun korsi//kantéh bodas dicangreudan,  
lima cangreudan katingali. 282
- (9) Éta kantéh nu patung-tung,  
dicandak ku Syéh Muhiddin,  
tuluy ka kula miwarang,  
nyeukeul tungtung hiji deui,  
hiji cangreud pék dilaan,  
kersana nu Maha Suci.
- (10) Ngadadak parbu ka kolbu,  
geus nyata sahiji murid,  
jembar teu aya watesna,  
tacan kama'lum di ahir,  
kumaha wekasanana,  
mandeul Sayid Abdul Qodir.
- (11) Nyangreud anu opat tuluy,  
dilaan kabéh teu kari,  
saenggeus kitu ati kula,  
tambah pandang liwat saking,  
sagala kabéh geus nyata,  
tétéla sahiji-hiji.
- (12) Teu samar paningal kolbu,  
ma'ripat ka Robbu Jalila,  
saharita kula pana,  
tapi ditahan ku ati,  
nyabarkeun sakuat-kuat ku ati bangsa rohani.

- (13) Aling-aling kabéh lebur,  
terang awas katingali,  
Syéh Abdul Qodir ngandika,  
ka kaula bari ningali,  
tapi ngalap dalil Qur'an,  
kieu lahirna kakuping.
- (14) Khud haa wamru qoumaka ya khud biahsaniha ∞  
maksudna dalil disebut, //  
top cokot ilmu ti Aing,  
tampanan sakuat-kuat,  
jeung paréntahkeun misti,  
ka sakabéh babaturan,  
sangkan nyokot pada nampi,
- (15) Pangalus-alusna ilmu,  
éta maksud dalil,  
pilahir Syéh Abi Hasan,  
ti dinya kaula amit,  
nyingkah ti jero madrasah,  
demi Pangéran Sajati.
- (16) Kula hanteu bisa nyatur,  
mupulihkeun lampah tadi,  
sadaya para sohabat,  
di dinya anu caralik,  
taya nu teurang saurang,  
hal kula pribadi.
- (17) Kula sila di nu singkur,  
serta héran liwat saking,  
agung pisan karamatna,  
Syéh Abdul Qodir Jilani,  
carita ieu geus tamat,  
ganti pupuh Dangdanggenin.

## LXXVI DANGDANGGULA

- (1) Hikayat salapan puluh deui,  
punjul tujuh nu dicarita,  
Syéh nu arip ka Yang Manon,  
serta geus ka mashur,  
kasebutkeun bangsa robani,  
wasta Abi Sulaéman,



putra Syéh Daud,  
éta kieu pilahirna,  
kula hadir eujeung Syéh anu arip,  
Syéh Ukél kakasihna.

(2)Syéh//Ukél ka kaula ngalahir,  
nyarioskeun kamulyaanana,  
Syéh Abdul Qodir kasohor,  
di nagri Bagdad punjul,  
masih anom bangsa Syarip,  
diparunjung disasambat,  
ka langit ka kamshur,  
ka handap ka sapatala,  
diwastaan ku gusti nu Maha Suci,  
sadaya padameulan.

(3)Sadayana waktu ngajadi,  
nu gumeular sadayana,  
dipasrahkeun sakabéh,  
eujeung deui kacatur,  
di jerona kitab Irsadi,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
dikocapkeun punjul,  
ti para wali sadaya,  
jeung ngandika jenengan Syéh Abi Harib,  
kula hiji mangsa.

(4)Eukeur aya di imah pibadi,  
saréna gewat kula hudang diuk tuluy sujud baé,  
sabab ku kula karungu,  
pangandika Syéh Abdul Qodir,  
sadayana auliya,  
pundukna kamenggung,  
handapeun dampal sampéan,  
kula,  
jeung ngandika Syéh Ahmad katelah nami,  
geus nuliskeun kaula.

(5)Nya éta waktu-waktu Syéh Abdul Qodir,  
ngandikakeun ka para wali,//  
pundukna sadaya asor,  
handapeun dampal suku,  
jeung mangsana Syéh Abdul Qodir,  
ngandika kitu téa,  
dina mimbar luhur,  
di dayeuh nagara Bagdad,

tapi terang kadangu ku para wali,  
sajero alam dunya.

(6) Para wali nu aya di Masriq,  
jeung di Magrib jeung sakur nu aya,  
di darat di cai kabéh,  
jeung nu di gunung-gunung,  
karabéh-kabéh ku Syéh Muhidin,  
kitu pangandikana,  
pada sujud tungkul,  
sami ngawarkeun salira,  
nu teu sujud ngan cumah sahiji wali,  
tanggah hanteu barobah.

(7) Pang kituna éta hiji wali,  
lain tina rutkeun napsuna,  
dikersakeun ku Yang Manon,  
kasahuran para jamhur,  
pon nya kitu Syéh Abdul Qodir,  
kitu pangandikana,  
paréntah Yang Agung,  
lain pangersa anjeun,  
eujeung deui sadayana para wali,  
kabéh geus pada nyata.

(8) Saméméhna lahir Syéh Muhiddin,  
geus dicéta kitu pangandikana,  
kawasna téh dicarios,  
kari saratus tahun,  
nipanyeta para wali, //  
dongkap ka gumelarna,  
Syéh Muhiddin punjul,  
jeung deui kacarita tetkala Syéh Muhiddin Jilani,  
kitu pangandikana.

287

(9) Nuju linggih dina korsi,  
dideuheusna ku para sohabat,  
sarila marando kabéh,  
jumlahna tujuh puluh para wali nu geus dipilih,  
anu hiji wastana,  
Syéh Jalil disebut,  
nelah,  
Syéh Syaid raman,  
nu kadua jenenganana Syéh Qélawi,  
ari lian ti dinya.

- (10) Teu dicaturkeun hiji-hiji tapi anu kawit,  
tumpangan,  
ku dampalna sampéan,  
Syéh,  
taktakna atawa punduk,  
anu jenenganana Syéh Qélawi,  
saparantos éta,  
anu loba tuluy,  
kabéh didampal taktakna,  
tujuh puluh para wali,  
taya anu kaliwat.
- (11) Pang sakitu Sayid Abdul Qodir,  
lain tina sabab kamanggungan,  
ngan ngadamel warid baé,  
paréntahna Yang Agung,  
séjén anu dicatur deui,  
anu ayeuna hikayat,  
ka salapan puluh,  
eujeung dalapan punjulna,  
ti Syéh Usman anu kagungan pawarti,  
kieu pangandikana.
- (12) Nu jenengan Syéh Baqo Syéh Ali,//  
jeung Syéh Abi Sa'id kakasihna,  
Syéh Qélawi kitu kénéh,  
sadayana sok carunduk,  
ka madrasah Syéh Abdul Qodir,  
sok sasapu kukumbah,  
sadaya pahibut,  
eujeung taya anu kersa ka madrasah lamun taya idin,  
Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (13) Anging lamun enggeus meunang idin,  
pada asup serta pada hurmat,  
ngasorkeun raga,  
marando,  
eujeung sawaréhna tangtu,  
lamun jengker Syéh Abdul Qodir,  
jadi tukang majengan,  
sawaréh ngabaku,  
purah ngomé ngagundalan,  
kawi tangan sadaya sami ngalahir,  
keur rarangsan urang.
- (14) Mungga raos kaparek diasih,

ku Pangéran,  
anu murbéng alam,  
jeung di Bagdad kacarios,  
loba para wali agung,  
tapi cumah Syéh Abdul Qodir.  
taya anu mapakan,  
punju kamashur,  
jeung jalma sakur nu datang,  
kana lawang luar kaca pasti,  
ngarambung pada hurmat.

- (15) Kana lawang pada ngomong leuwih,  
alus temen eusi nagri Bagdad,  
jeung//ku murid-murid,  
sawaréh,  
didangdingkeun ngalagu,  
disya'irkeun ku basa Arabi,  
tina sabab mulyana,  
kaca pintu,  
sumawonna nu kagungan,  
leuwih mulya sya'irna ditulis,  
ku basa cara arab.

288

- (16) Tajahama sijanulmuluki bibabihi wayuksiru fiwaktissalami izdahamuhalam  
waf'al tarohallaha ∞  
hartina téh éta sya'ir,  
mungguh seseg makutoh para raja,  
nu asup kalawang kabéh,  
loba kaliwat langkung,  
jeung tetkala kami sarumping,  
pada uluk salam,  
kabéh para ratu,  
jeung tétéla ningal lawam,  
madrasah Syéh Abdul Qodir,  
sakur nu pada nunggang.
- (17) Nu pada lungsur serta pada hurmat ta'dim,  
tatakrama kana éta lawan,  
lamun maksa bedegong,  
lebah dinya teu turun,  
tangtu sirahna leungit,  
jeung kabéh para raja,  
nu pada carunduk,  
sami hurmat uluk salam,  
ka Syéh Abdul Qodir kakasih Yang Widi,  
ganti ku Asmarandana.

## LXXVII ASMARAN

- (1) Hikayat anu kawarti,  
salapan puluh salapan, //  
carios ti hiji Syéh,  
nu geus ma'ripat ka Alloh,  
Syéh Halifah bin Musa,  
di nagri Bagdad matuh,  
kieu lahir Syéh Halifah.
- (2) Kula dina mangsa hiji,  
nyaba ngan sorangan pisan,  
ka nagri Sodor anjog,  
di dinya kula mendakan,  
di luhur awang-awang,  
sahiji lalaki diuk,  
ngeunah-ngeunah tumaninah.
- (3) Kula uluk salam gesik,  
salam kula diwalonan,  
tuluy kula naros baé,  
tuan kunaon margina,  
bet calik di awang-awang,  
anu taros ngawangsul,  
aéh Halifah sababna.
- (4) Ngan ku tina sabab hiji,  
kami tara-tara pisan,  
nurut karep napsu manéh,  
kieu kajajadianana,  
mumbul ka awang-awang,  
sanggeus kitu kula tuluy,  
mulang ka nagara Bagdad.
- (5) Marek ka Syéh Abdul Qodir,  
sadongkap kula ka dinya,  
kasondong léngkah tuan Syéh,  
dina luhur awang-awang,  
serta katilan pisan,  
jeung anu tadi di ditu,  
enggeus kasampak di dinya.
- (6) Keur marek ka Syéh Muhiddin,  
hurmat//ngasorkeun salira,  
serta eukeur gandu raos,

micanten ilmu hakékat,  
eujeung ilmu ma'ripat,  
terang ku kula karungu,  
tapi hanteu bisa maham.

(7) Tina jero serta mungkil,  
sanggeus kitu éta jalma,  
munjungan indit ngaléos,  
pék dituturkeun ku kula,  
barang parantos dongkap,  
ka hiji tempat nu suwung pok ditaros ku kaula.

(8) Tuan ku kula kapanggih,  
di nagri Sodan tadina,  
ayeuna enggeus kasondong,  
aya di nagara Bagdad éta jalma pok ngajawab,  
lamun andika teu ma'lum,  
kabéh para auliya.

(9) Kakasih Yang Sukma Jati,  
serta ka parek sadaya,  
éta sami pada hidmat ngesto,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
pok naros deui kaula,  
tadi ku kula kadangu,  
micantenkeun naon tuan.

(10) Eujeung Sayid Abdul Qodir,  
ku kula hanteu kapaham,  
masalahna niskal jero,  
éta jalma ngawalonan,  
ari nu dibicara,  
jeung Syéh Abdul Qodir ngilmu,  
mungguhing bangsa kaula.

(11) Nu istu/ngaran lalaki,  
tangtu pada boga makom,  
boga tempat séjén,  
jeung pada boga hukuman,  
serta ma'nana pisan,  
tadi kula sangkan ma'lum,  
diisarahan ku peta.

(12) Ngan ku peta serta silib,  
teu kongang diterang-terang,  
mungguh ka jalma teu nyaho,

sahingga mun éta jalma,  
geus dongkap ka makomna,  
kula taros deui tuluy,  
nahaon tuan sababna.

- (13) Kacida mendek jeung ta'dim,  
ka Syéh Abdul Qodir Jilan,  
anu ditaros ngawalon,  
kumaha rék hanteu biri hurmat,  
karana enya éta,  
ka kula nu asih istu,  
jeung maréntah ka kaula.
- (14) Kitu cék éta lalaki,  
carék pikiran kaula béhna mah auliya kabéh,  
sakumaha penemuna,  
jeung kabéh réahna,  
enggeus sakaasta teu kantun,  
ku Syéh Abdul Qodir Jilan.
- (15) Jeung hiji Syéh geus ngalahir,  
jenengan Abi Abdillah,  
ti kampungan bangsa Quraésy,  
éta kieu pilahirna,  
Syéh Abdul Qodir Jilan,  
anu jumeneng panghulu,  
sakabéh para auliya.//
- (16) Sadaya para wali,  
mungguh keur jaman ayeuna,  
pada luhur-luhur kabéh,  
jeung deui pada sampurna,  
jeung sadaya ulama,  
sami warangi kalangkung,  
pada ahli-ahli tapa.
- (17) Eujeung pada 'arif-'arif,  
sami terang pada nyata,  
pon nyakitu para Syéh sami tanggah hanteu owah,  
tina margana éta,  
berkah Syéh Muhiddin agung,  
Sinom pitembangeunana.

- (1) Jeung ieu hiji carita,  
ti Syéh Ibrohim ‘Arobi,  
éta kieu caritana,  
gusti kula Syéh Muhiddin,  
ahli ilmu hakékat,  
jeung ma’rifat kitu deui,  
jeung jadi imam panungtung,  
kasadaya jelema,  
anu pada sidik-sidik,  
jeung anu jadi tihang ahli ma’rifat.
- (2) Eujeung anu jadi panutan,  
nu lumaku ka Yang Widi,  
tegesna jadi kapala,  
nu milampah torékat salik,  
jeung pilahir Syéh Sahri,  
nelah Abi Magrib mashur,  
kieu pangandikana,  
mungguh jalma nu dimasrik,  
leuwih becik ngungkulan ka jalma-jalma.
- (3) Ka jalma sakur nu aya,  
anu araya di Magrib,  
sabab Syéh Muhi//ddin Jidan,  
sugih ngilmu masing-masing basana kitu deui,  
béda-béda hanteu wungkul,  
jeung nganyatakeunana,  
netelakeunana deui,  
béda-béda taya anu kasemaran.
- (4) Jeung deui enggeus ngandika,  
sahiji nu geus ‘arip,  
nu ma’ripat ka Pangéran,  
Syéh Abdi Madya Magribi,  
lahiran kula nguping,  
nu cacarios saéstu,  
hiji Syéh anu katélah,  
Muhammad Soléh Rikali,  
éta kieu popoyan ka kaula.
- (5) Baréto geus naros kula,  
naroskeun ka nabi Hidir,  
kieu pihatur kaula,  
hé nabi juragan kuring,  
sadaya para wali,  
saha anu leuwih punjul,



dina mangsa ayeuna,  
nu di Masyriq nu di Magrib nabi Hidir ngawalon taya lian.

(6) Ngan Syéh Abdul Qodir Jilani.  
nu mulya punjul pibadi,  
minangka jadi imana,  
jalma anu para sidik,  
jeung minangka nu jadi pikukuh gusti yang Agung,  
ka sagala ulama,  
nyawana ma'ripat adi,  
eujeung deui mungguh kalakuanana.

(7) Matak suker ngawalonan,  
kalakuan Syéh Muhi//ddin,  
kula saban paparéntah,  
kasadaya para wali,  
babarengan teu kari,  
jeung Syéh Muhiddin teu gatwun,  
carita ieu tamat,  
caturkeun nu séjén deui,  
jeung diganti pupuhnana ku Dangdanggula.

294

## **LXXIX DANGDANGGULA**

(1) Hikayat saratus kawarti,  
ti Syéh Abi Tolib Abdurohman,  
ti Magribi bangsana téh,  
pilahirna dicatur,  
kula geus meunang wawar ti,  
ti Syéh anu jadi iman,  
nu nelaahna ka mashur,  
Syéh Jamadil'arifin,  
kieu lahir Syéh Jamali kula geus nguping nabi Hidir popoyan.

(2) Pilahirna kula geus manggih,  
anu matak héran pikir,  
di hiji mangsa baréto,  
kula lumaku jauh,  
minggir-minggir,  
sagara cai,  
béh mendakan nu tapa,  
moal aya nu ma'lum  
mungguh bangsa anak Adam,  
nu kapanggih sakabéh Rijalulloh,  
taya nu cara éta.

(3)Kula ma'lum yén éta téh wali,  
tapi eukeur nuju saré tibra,  
tuluy ku kula ditajong,  
koréjat hudang diuk,  
pok ka kula nanya jeung manis,  
rek naon//kersa tuan,  
kula-kula diwangsul,  
geus kitu laku kaula,  
mider-mider nu matak ka dieu nepi,  
seja ngalaladénan.

295

(4)Carék éta geuwat tuan nyingkir,  
ulah lila di dinya aya,  
kula ka dinya pok ngomong,  
kula tadi tangtu,  
mun teu geuwat andika nyaring,  
urang téh bébéja,  
ka jalma lob tangtu,  
dibéjaan ku kula,  
yén di dieu aya andika keur nyepi,  
jalma tangtu daratang.

(5)Diterangkeun ku kula ka jalmi,  
yén andika walina Pangéran,  
éta jalma tuluy ngomong,  
wantuna hanteu,  
undur,  
kula ngundang ka jalmi-jalmi yén ieu nabiulloh,  
Hidir nu disebut,  
kula kagét tuluy nanya,  
na dimana andika enggeus papanggih,  
terang jenengan kaula.

(6)Carék éta aéh nabi Hidir,  
ari ieu ngaran kula saha,  
jeung tuluy ngaleungit baé,  
musnah geus hanteu puguh,  
kula ngomong di jéro ati,  
hé Alloh anu Kawasa,  
saha anu kantun,  
kakaréna,  
Waliyulloh,  
ngadawuhan Pangéran Yang Sukma Jati,/  
aéh hadir manéhna.

296

- (7) Ari anu masih karib,  
anu asih kami ka manéhna ari jalma nu bieu téh,  
jeung manéh nu enggeus teupung,  
éta tunggal kakasih kami,  
pok ngomong éta jelema,  
tapi sora wungkul,  
hanteu katingal jalmana,  
éh nabi tuan téh hayang tingali,  
caritaan kaula.
- (8) Walon kula kula geus ningali,  
ayeuna mah kula neda du'a éta jalma pok ngawalon,  
kapan du'a anu makbul,  
nu dipaké saarib-saarib,  
ngadu'a ka Pangéran,  
ti tuan ka pungkur,  
kula keukeuh ménta du'a,  
éta jalma pok ngadu'a ka Yang Widi,  
pokna muga-muga Pangéran.
- (9) Tambah-tambah nyamarkeun sing buni,  
satingkahna Hidir nabi yulloh,  
mugi samarkeun sakabéh,  
ti dinya kula tuluy,  
ningal kana diri pibadi,  
cuma kula sorangan,  
nu masih lumaku,  
ti dinya jig kula leumpang  
mendak gunung gedé luhur liwat saking,  
taya bandinganana.
- (10) Jeung bersih taya jukut kai,  
wungkul taneuh jeung keusik patengah,  
kula langkung bengong haté,  
ningal ka//éta gunung,  
éta karék pisan manggih,  
tuluy kula nunjuk ka puncakna cunduk,  
tina ku luhur-luhurna,  
mungguh rasa méh antel deukeut ka langit,  
di dinya tuluy nival.
- (11) Aya hibar caang leuwih,  
dina pinggir puncak gunung éta,  
tuluy kula mider baé,  
mider di puncak gunung,  
béh manggih sahiji isteri,

anu eukeur tatapa nyorangan di luhur gunung,  
tapi eukeur saré tibra,  
dina taneuh di kampuh ku kulit kambing,  
sampingna sakarupa.

- (12) Jeung sampingna lalaki nu tadi,  
nu kapendak ku kula di lebak,  
kula boga nyana haté,  
ieu istrei geus tangtu,  
bojona lalaki nu tadi,  
tina sabab sampingna,  
sarupa nya kitu,  
éta isteri ku kula,  
rék ditajong digeuingkeun sina nyaring Pangkur gentos tembangna.

### **LXXX PANGKUR**

- (1)Tuluy ngadangu kaula,  
anu ngundang dawuhan Robbul'alamin,  
aéh Hidir ulah kitu,  
manéh téh kudu ngahurmat,  
éta jalma lamun manéh hanteu ma'lum,//  
satengah nu geus dirahmat,  
dipikaasih ku kami.
- (2)Kula kagét pék ngahurmat,  
tuluy diuk hanteu tulus ngageuing,  
ngadago lila ngajentul,  
ari geus waktu Asar,  
éta jalma ngaronjat tuluy gék diuk,  
bari muji ka Pangéran,  
pokna Alhamdulillah.
- (3)Sakabéh puji kagungan,  
gusti Alloh nu ngawawuhkeun kuring,  
ka jalma nu acan wawuh,  
éta kitu pujina,  
tuluy ningal isteri ka kula pok nyebut,  
aéh Hadir nabiulloh haturan sampéan sumping.
- (4)Sayaktos tuan ngahurmat,  
ka kaula ku timbalan Yang Widi,  
tuan anu becik langkung,  
punjul,  
kula tuluy supaha,

démi Alloh Pangéran nu Maha Agung,  
cai kula seja nanya,  
kumaha cai téh sidik.

(5) Garwana nu tadi jalma,  
nu di lebak ku kula tadi kapanggih,  
réh pangganggona sapatut,  
hanteu aya bédana,  
sakarupan jeung sinjangna nya kitu,  
isteri éta ngawalonan,  
kaula sumeja ngiring.

(6) Satimbangan sampéan,  
sanggeus katingali isteri, //  
nyuuh serta tuluy pupus,  
kaula kagét kacida,  
Masa Alloh ngomong sajeroning kolbu,  
anu matak aing nyaba,  
kana gunung ieu nepi.

299

(7) Tayohna mah ditimbangan,  
ku Pangéran mulasara ieu mayit,  
réh hanteu aya nu ngurus,  
ti dinya mayit téa,  
ku kaula disiraaman pék dibungkus,  
sayagi dipulasara,  
pék di solatkeun sakali.

(8) Saparantos awéhsalam,  
tuluy mumbul ka éta mayit,  
beuki luhur beuki luhur,  
lapat-lapat teu katingal,  
kula bengong ngalengek ningal ka luhur,  
kula nyeluk menta du'a,  
ka nu muluk éta mayit.

(9) Éta mayit pok ngadu'a,  
ngadu'ana éta mayit cara tadi lalaki,  
nu dihandap geus dicatur,  
sanggeus tutug ngadu'a tuluy ngomong éh Hidir nabi Yang Agung,  
poma-poma ulah nyangga ka kula duméh gaib.

(10) Disangka tuluy teu aya,  
kitu omong éta mayit,  
kula bengong liwat langkung,  
geus kitu les hanteu aya,

Ki Syéh Abi Muhammad pok deui matur,//  
aéh Hadir nabiyyulloh,  
seja naros jisim kuring.

300

- (11) Istri nu tadi téa,  
nu geus mati jeuing lalaki nu tadi,  
kabéh kakasih yang Agung,  
mungah kari-karina,  
darajat aya nui bisa nyusul,  
ka éta nu dua jalma,  
ngawalon nabi Hidir.
- (12) Kakasih Syéh maha mulya,  
pirang-pirang anu ku kula kapanggih,  
nu bangsa darajat luhur,  
sarua jeung éta dua jalma,  
kula tuluy mindo matur,  
kumaha,  
jaman ayeuna,  
kabéh kakasing sang Widi.
- (13) Saha anu pangpunjulna,  
pok ngawalon Hidir nabiyyulloh,  
mangsa ayeuna nu punjul,  
hanteu aya hiasan,  
ngan tadi ngadua di anu punjul,  
hanteu aya sasaman,  
jeung kolbuna yang Widi.
- (14) Gusti anu maha Mulya,  
teu ngersakeun,  
nyupir sahiji wali,  
kahiji maka dijujug muntang,  
Muhuddin Jila,  
hanteu ngiring ngiring ngarujuan ka yang,  
Agung jeung lamun aya,  
maha Mulaya,  
lamun ngersakeun maparin.
- (15) Masih inum-inuman,  
ka sadaya para wali yang widi,  
Syéh//Muhiddin tara kantun,  
tara kantun yén pangnujulna,  
kitu lahirna hadir tina kapungkur,  
digenti deui pupuhna,  
sumangga tembang-tembang kinanti.

301

## LXXXI KINANTI

- (1) Hikayat anu dicatur,  
Syeh Abdul Kodir Jaélani,  
anu kawitna teu damang,  
dongkap ka wapat teu kari,  
anu kagungan carita,  
jenengana Syeh Abdul Kosim.
- (2) Putrana Syeh Ahmad dibuat,  
pilahir Syeh Abu Kosim,  
kula dina hiji mangsa,  
sarengna jeung Syeh Saeudin,  
Syeh Abdul wahab,  
putrana Syeh Abdul Kodir.
- (3) Duaan ngaréndéng diuk,  
marek ka Syeh Abdul Kodir,  
pinuju di poé Juma'ah,  
dina bulan jumadil ahir,  
genep ratus jeung sawidak,  
hijrahna kang selir.
- (4) Keur kitu aya nu cunduk,  
sahiji jalma lalaki,  
tegep keur meujeuhna ngora,  
nepangan ka Syeh Muhyidin,  
sadatangna lueuk salam,  
bawa liyullah nu leuwih.
- (5) Kula anu manak cunduk,  
mun anjeun tacan ningali,  
ieu kula bulan rajab,  
sanggeus kitu aya jalmi,  
tuluy amit los mulang,  
ari séjén poé deui.
- (6) Poé ahad anu tangtu,  
marengkeun bulan rajab,  
aya deui anu dong//kap,  
jalma ngora tur lalaki,  
tatapi awon rupa,  
tepangan ka Syeh Muhidin.
- (7) Assalamu alaikum,

Yawaliyyullah nu leuwih,  
Kula ieu bulan sa'ban,  
di takdirkeun ku Tang Widi,  
disajero bulan sa'ban,  
ruksakna Bagdad nagri.

- (8) Jeung ka pahilan geus tangtu,  
dijero mekah nagari,  
jeung perang nagara harsan,  
ya di bulan sa'ban deui,  
saenggeus kitu aya jalma,  
amna jung mulang gesit.
- (9) Syeh Abdul Kodir nu nuju,  
lajeng katerap mayakin  
dina tanggal bulan romadon,  
Tanggal dua puluh hiji,  
Tuluy hamper deui Kula,  
Marek ka syeh Abdul Kodir.
- (10) Harita mah loba batur,  
sahiji Syeh Abi Nabi,  
syeh Ali anu kadua,  
tilu Syeh Tahrulwardi,  
ari anu ka opat,  
syeh Abu Sarajusawi.
- (11) Anu kalima disebut,  
Syeh Abu Ba'lam kakasih,  
muhammad jenenganana,  
keur kieu aya nu sumping,  
hiji lalaki nu datang,  
kalangkung ka yau jalari
- (12) Tapi kamanggungan angkuh,  
semu kumede kumaki,  
sadatangna lawuk salam,  
ka Syeh muhidin Jaelani,  
Assalamualaikum,  
Yawaliyyullah nu leuwih
- (13) Lamun tuna acan ma'lum  
Nya kula bulan//romdon,  
kula anu matak dongkap,  
seja para saban pupulih,  
sakabéh barang nu aya,



nu ditakdirkeun ku Yang Widi.

- (2) Di jero kula nu tangatu,  
eujeung deui Syekh Muhidin,  
kula panungtungan tepang,  
eujeung deui Syekh Muhidin,  
moal tepang deui,  
sanggeus kitu éta jalma,  
tuluy mulang geusik-geusik.
- (3) Syekh Abdul Qodir nu punjul,  
teu mendak romeudon deui,  
di tahun harita wapat,  
di bulan Robiul Ahir,  
genep ratus jeung sawidak,  
tahun Hijrah Kangjeng Nabi.
- (4) Muka sukma anu ageung,  
nambahan caang beresih,  
kana pana kuburanana,  
sareng moga-moga deui,  
dijungjung tambah darajat,  
Syekh Abdul Qodir Jaelani.
- (5) Jeung moga-moga bangagung,  
nepangkeun ka Syekh Muhidin,  
ditepangkeun jeung éyangna,  
Kangjeng Nabi kang sinelir,  
sareng deui dikuburna,  
Syekh Abdul Qodir Jaélani.
- (6) Ditempat kuburna mashur,  
mowujudah nelah sami,  
dijero Nagara Bagdad,  
tempat salamet beresih,  
pangresik-resikna tempat,  
mugia sukma//Sajati.
- (7) Masih salamet tuluy,  
ka makom Syekh Abdul Qodir,  
enggeus tamat kula nyerat,  
poé Rebo Asar ahir  
dina waktu pukul lima,  
eukeur mangsa hijrah nabi.
- (8) Sarébu jeung tilu ratus,

jeung tilu puluh deui,  
bulan Rayagung harita,  
tanggal dua puluh deui,  
keur mener tahun hiji awal,  
wallohuallam  
bisawabin wa hato'i.

Sareng ka kulawargana,  
miwah ka putra-putrana,  
sareng nu gaduh maksud,  
sareng ka anu gaduh hajat,  
sareng ka nu haladir,  
nyakitu ka nu macana,  
kaluahan berkah wali.

Ijabah saking maksudna,  
Amin-amin ya rabbal 'lamin  
mumugi nu Maha Suci,  
usahana rejeki ku karomah wali  
Kangjeng Tuan Syekh Abdul Qodir Jaélani//

305

Bandung, 28 Januari 2009